12+

2

2014





# НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

**Главный редактор**

Ахсар КОДЗАТИ

**Редакция**

Ответств. секретарь, проза – Борис ГУСАЛОВ
Поэзия, драматургия – Казбек МАМУКАЕВ

**Общественный совет**

Руслан БЗАРОВ, Гриш БИЦОЕВ, Анатолий ДЗАНТИЕВ,
Станислав КАДЗАЕВ, Елизавета КОЧИЕВА,
Анатолий КУСРАЕВ, Камал ХОДОВ

Владикавказ, 2014

2

2014

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

**Сæйраг редактор**

ХЪОДЗАТЫ Æхсар

**Редакци**

Бæрнон секретарь, прозæ – ГУСАЛТЫ Барис
Поэзи, драматурги – МАМЫКЪАТЫ Хъазыбег

**Журналы æхсæны уынаффæдон**

БЗАРТЫ Руслан, БИЦЪОТЫ Гриш, ДЗАНТИАТЫ Анатоли,
КОСТЫ Лизæ, КЪАДЗАТЫ Станислав, КЪУСРАТЫ Анатоли,
ХОДЫ Камал

Дзæуджыхъæу, 2014

## НОМЫРЫ ИС:

**САНАТЫ УАРИ: 130 АЗЫ**

*САНАТЫ Уари.* **Тугвæндаг.** *(Сафирæты таурæгъ)* 6

**ЦЫРЫХАТЫ МИХАЛ: 95 АЗЫ**

*ЦЫРЫХАТЫ Михал.* **Хæхты зæлтæ.** *Æмдзæвгæтæ* 32

*НАФИ.* **Сосо бадзуры.** *Уацау. Кæрон* 39

*КЪОДОТЫ Альберт.* **Рухсæй гуырд зарæг.** *Æмдзæвгæтæ* 71

**ТАРАС ШЕВЧЕНКО: 200 АЗЫ**

*Тарас ШЕВЧЕНКО.* **Æмдзæвгæтæ** 81

**«МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ** 85

**ÆВЗАГ – НАЦИЙЫ БЫНДУР**

**Хъуыдытæ, æмдзæвгæтæ, базырджын ныхæстæ** 95

**ÆВЫД-ДЫВЫДОНЫ ДУГ**

**Анонимон уацтæ** 109

**ИРОН ПРОЗÆЙЫ АНТОЛОГИ**

НИГЕР. **Радзырд, этюдтæ, таурæгъ** 114

**АРВИСТОН** 135

**Хæмыцаты Албег** 143

*Журналы авторты хъуыдытимæ редакци*
*алкæд разы нæ вæййы*

# САНАТЫ УАРИ: 130 АЗЫ



*САНАТЫ Уари*

## ТУГВÆНДАГ

*(Сафирæты таурæгъ)*

Уыд æрæгвæззæджырдæм. Арв уыди мигъамæст. Сæууон хуры тынтæ нывæндгæ тындзынц æнусон митсæр хохы цъуппытæм. Алчидæр æй зоны, æрæгвæззæджырдæм фæллой æфснайынмæ фæдис кæй вæййы, уый. Уымæ гæсгæ, нæхи дада дæр, кæд ыл азтæ тынг бирæ рацыдис æмæ бирæ зынтæ æмæ фыдæбæттæ бавзæрста, уæддæр йе змæлд æмæ йæ фæзылд цæрдæг уыдысты æрыгон лæппуйау. Æлвæст кардау архайы кæрты, фосæн холлаг æфснайынæн сарæзта кæраз, ныр та сагойы фындзыл сыкъатæ кæныныл фæлæууыд. Хурыскæсæнырдыгæй мигъы къуымбилтæ бæзджындæр кæнын райдыдтой. Йæ сæуæхсид фæкарздæр ис. Дада æнкъардхуызæй афæлгæсыди арвыл, йæхи фæхъуынтъыз кодта, стæй мæстыхуызæй сдзырдта:

– Не ’фсин, нæй та бон! Дзæгъæлы рахастай дæ хуртуан дæр. Уæлæ Гулийы сæрмæ уыцы сау мигъы къуымбил куы фæзыны, уæд бæрæг у, бон та кæй нæй, уый. Кæс-ма кæрчытæм дæр, кæрæдзийы хъуынхъис куыд хæрынц! Бæлвырд у, бон нæ уыдзæн. Мæ зæронд æндыснæг дæр та ме уæны бын бырауæй дзæгъæлы нæ зилы. О, уыдонæн дæр бар сæхи, не ’фсин, фæлæ уыцы даргъ æмæ æвдæлон ныхас кæимæ кодтай, уый дын чи уыдис?

– Чи куы зæгъай, уæд уый уыдис уæртæ

Хабæты Бибойы чызг Мисурæт. Диссæгтæ дзуры, диссæгтæ, нæ лæг...

Дада усы ныхас раздæр ницæмæ 'рдардта. Фæлæ чысыл афæстиаты фæстæ цæуылдæр аджих ис æмæ цæхгæр фæзылдис йе 'фсинырдæм. Иучысыл джихæй алæууыд, стæй æвиппайды дисхуызæй сдзырдта:

– Агъæцa, не 'фсин! Чи уыди уыцы сылгоймаг, загътай?

– Хабæты Бибойы чызг, зæгъгæ, дын куы загътон! – фæстæмæ фæзилгæйæ йын дзуапп радта зæронд ус.

– Бибойы чызг, зæгъыс? Æмæ дын цы дзырдта уадиссагæн? – баздæхт усмæ.

– Æхсызгон хабæрттæ, нæ лæг.

– Гъы, гъы?

– Далæ Джериханты лæппуйы рынчыны хабар куы зыдтай, æнхъæлдæн: йæ зæрдæйæ цалдæр азы хуыссæнæй куы нæ сыстад. Гуыргæ дæр, дам, зæрдæхæлдæй ракодта.

– О, мæгуыр, о. Йæ куывды дæр уыдтæн. Цы нæ дæсныйы йын бафарстой, ахæм куынæуал баззад, – йæ сæр батилы дада.

– Дохтыртæм дæр æй бирæ куы фæралас-балас кодтой. Фæлæ йын хос никæйы къухы уыди...

– Æмæ ныр тыхстдæр у, зæгъыс? – фæтæрсæгау кæны зæронд лæг.

– Нæу, нæу. Бауадз-ма мæ дзурын. Диссæгтæ, зæгъгæ, дын куы зæгъын: сдзæбæх ис! Знон, дам, Мæскуыйæ йæхæдæг ссыди. Сахъ лæппуйау цæуы йæ къахыл.

– Гъы, дæ хорзæхæй, куыд æгъдауæй, цымæ?

– Куыд æгъдауæй, куы зæгъай, уæд ын Мæскуыйы рынчындоны операцæ скодтой йæ зæрдæйæн: цыдæртæ, дам, дзы ралыг кодтой, цыдæртæ йæм бафтыдтой...

– Ха-ха! Худæгæй куы марыс, не 'фсин: искуыма зæрдæмæ ныхилæн ис! – бакæл-кæл кодта зæронд лæг.

– Ойс, нæ лæг! Дæуæн фæнды исты дзур, фæнды ма... Æниу цæстмæ бавналæн ис? Фæлæ ацы совецкæй власты диссаг ницыуал у: дæхæдæг куы зоныс дæлæ нæхи Дзыллæйы мой Абысалы. Уый дыууадæс азы куырмæй нæ фæцард? Ныр æз æмæ дæуæй цæстджындæр у, – дохтыртæ йын йæ цæстытæн операцæ скодтой æмæ та йын дунейы рухс фенын кодтой... А Джериханты лæппуйæн, дам, йæ зæрдæ ныллæууын кодтой æмæ йын дыууæ сахаты йæ туг змæлын кодтой машинæ-зæрдæйæ...

– О, Абысалы хабар зонын.. Фæлæ уанцон машинæ-зæрдæ нæу! Хуыцауы диссæгтæ, табу йæхицæн!.. – йæ сæр ныттылдта

зæронд лæг. – Уæвгæ, дæ загъдау, диссаг дæр ницыуал у ныртæккæ.

– Æмæ Джериханты лæппуйы зæрдæйæн операцæ чи скодта, уый зоныс? Иу ирон ус. Стыр дохтыр, дам, у. Йæ ном Тутырдзан. Лæппу рынчындонæй куы рацыд, уæд, дам, сæм иу къуыри фæцарди сæхимæ.

– Фæлæуу-ма, фæлæуу! Тутырдзан хуыйны, загътай? Æмæ кæцон Тутырдзан у, уый дын нæ загъта? – дисгæнгæ афарста зæронд лæг.

– Иугыццыл багъæц, уыдæттæ дын куы дзурын.

– Хорз, хорз, дзур, дæ хорзæхæй, – æнæбыхсон змæлд бакæны дада.

– Ардыгон, дам, йæхи хуыдта, уæртæ Хабæты хæрæфырт...

Зæронд лæг иттæг цымыдисæй фæхъуыста усмæ æмæ базыдта ахæм бæлвырддзинад.

Раджы кæддæр, æнусы райдайæны, Хабæты Сафирæтыл скодта уæззау бонтæ. Йæ уынгæджы царды сау бонтæ йыл сæ дæрзæг хæдон скодтой, сæ сау базыртæй йын йæ арвы хай сæхгæдтой, йæ фæндæгтыл ын уызыны цъарæй конд гауызтæ байтыдтой. Фæлæ цардбæллон Сафирæт утæппæт зындзинæдтæн сæттын нæ бакуымдта: уый сыстад æнæраст царды ныхмæ, йæ уынгæджы сау бонты рохтæ атыдта æмæ, йæ æнахъом сидзæр сывæллон йæ хъæбысы, афтæмæй араст и цардагур. Ныфтыди Мæздæгмæ. Уым скъолайы ныллæууыд æфснайæгæй! Йæ зыны сахат æм сæ цæст дардтой скъолайы зæрдæхæлар ахуыргæнджытæ. Афтæмæй Сафирæт хъомыл кодта йæ сидзæр чызг Тутырдзаны. Саби куы байрæзти, уæд æй радта скъоламæ.

Цыдысты азтæ. Ныззылди зæронд царды бындур. Æрцыди Октябры революци, райдыдта сæрибары дуг. Чызг схъомыл ис, каст фæци скъола. Мой скодта йæ ахуыргæнджытæй иуы лæппумæ, æмæ дыууæйæ дæр дарддæр ахуыр кæнынмæ ацыдысты Мæскуымæ. Сæ дыууæ дæр дохтыртæ систы – лæг сывæллæтты дохтыр, ус та хирург. Цæргæ баззадысты Мæскуыйы. Уырдæм акодтой Сафирæты дæр.

Тутырдзан сси æмбисонды дохтыр – зæрдæйы дæсны. Йæ кой дæрдтыл айхъуысти. Сæхи дзæбæх кæнынмæ йæм цæуынц суанг нæ бæстæйы алы кæрæттæй...

Ус йæ фехъусæггаг таурæгъ раджы фæци конд, фæлæ зæронд лæг йæ сæр нал æмæ нал исы хæрдмæ.

– Фынæй бадæ, сæрæй? – афæрсы йæ ус.

– Нæ, – æваст йæхиуыл схæцыд дада, æрчъицæгау, – фынæй, хъæлæкк, нæ дæн! – зæгъгæ, фæкæны æмæ ныттилы йæ сæр: – Хуыцауы диссæгтæ, усай, Хуыцауы диссæгтæ! Уæдæ, куыд ивгæ цæуы цард адæймаджы цæстыты раз! Уæ, сызгъæрин фестай, рæстæг! – æмæ та йæ йæ хъуыдытæ ахастой дард кæдæмдæр.

Ус æм бакæсы дисхуызæй.

– О, усай, о. Диссæгтæ. – Æмæ та фæхъус вæййы зæронд лæг. Йæ цæсгомыл ахъазы цыдæр уæззау хъуыдыты фæлм, арф фæлм, арф ныуулæфы æмæ сдзуры: – Сызгъæрин феста уæддæр нæ абоны ног дуг, мах нæ удхар хъæддаг æгъдæутты æфсондзæй чи фервæзын кодта!

– Цыбырдæр-ма кæн, цы зæгъынмæ хъавыс, уый, – нал æм фæлæууыд ус.

– Не 'фсин, æз кæуыл хъуыды кæнын ныртæккæ, уый тынг даргъ таурæгъ у, ды цæрай. Кæд дæ фæнды, уæд мæм байхъус; ды мын ныртæккæ цы хабар ракодтай, гъеуымæн мæ таурæгъ та йæ райдайæн у. Хабæты Сафирæты хабар искуы æрыхъуыстай?

– Кæддæр мын æй радзуринаг бæргæ уыдтæ, – хабар мæ байхъусынмæ сцыбæл ис зæронд лæджы æфсин.

Лæг та исдугмæ ныхъхъус æмæ ныдджих ис зæхмæ. Йæ цæсгомы æвæрдыл бæрæг уыдис, цæстытыл кæй уадысты царды стыр фыднывтæ. Уыцы сагъæстæ йын цыма йæ сæрæн уæз кæнын байдыдтой, уыйау тыргъы фарсмæ йæхи сабыргай æруагъта йæ дурын бандоныл. Йæ сæры фæзынд тынг бирæ алыхуызон хъуыдытæ, кæцытæ æнæрæнцойæ ивтой кæрæдзийы. Сæ иуæй иннæ карздæр, афтæмæй уадау згъордтой сæрызонды. Афтæ стыхст йæхимидæг, æмæ адæргæй фелвæста йæ лулæ, æрхоста йæ йæ сагойы хъæдыл, æркодта дзы тамако æмæ фæхъæр кодта.

– Не 'фсин! Рахæсс-ма мын зынг!

Ус азгъордта æмæ йын уайтагъд зынг æрбахаста.

– Уый уыдис мæ рæстæджы, – райдайы йæ таурæгъ дада. – Абоны хуызæн ма лæууынц мæ зæрдыл. Адæймаг куы ахъуыды кæны æмæ куы анымайы азтæ, бонтæ, уæд йæ сæрыхъуын хæрдмæ сысты æмæ фæзæгъы: «Гъей, незаман! Кæд æмæ кæд уыди уый!» Фæлæ кæс, æмæ цыма знон уыдис, уыйау. О, йæ бындур ныззила рæстæгæн, кæд Саккаты хæйрæгæй тагъддæр тæхы, уæд!.. – Лæг йæ лулæ сдымдта, фæлæ дзы фæздæг не ссыд. – Зынг мын. Не схæцыд мæ тамако, – загъта зæронд лæг.

Ус та рахаста зынг, йæ лулæйы йын æй цæвæрдта æмæ сбустæ кодта:

– Ацы тамако æмæ ды! Дæ хъæбыс дзы фæныкæй фесафыс, дæхи дзы басудзыс. Уый куы ныууадзис, æмæ мæ куы ницы уаид зæххыл!

– Гъæй, дæ бон мын дæхи фæндиаг æрбауа, не 'фсин! Уымæй ма мæхи куы арæвдауын, – бахудæгау кодта зæронд лæг. Йæ лулæ куы арæвдз æмæ иукъорд тæппы куы скодта, уæд чысыл хъуыдыхуызæй, цыма йæ ныхасмæ фæстæмæ æрбазилынмæ хъавы, уыйау сдзырдта: – Уæдæ, уæдæ, царды тæрхæттæн чи цы базондзæн. Абоны хуызæн ма мæ зæрдыл лæууынц, не 'фсин! Ныртæккæ дæр ма æгас у уæртæ Фидараты Уане. Стæй канд Уане нæ уыди, фæлæ дзы бирæтæй уыдыстæм. Зæгъæм: Къаболаты Бабо, абон дæр ма уæртæ Гулийы цæры, Гуыриаты Гацыр, цардæгас, Барзыхъæуы цæры, Хабæты Гамбол, дæллагхъæуккаг, Гæбуты Асæге, ныртæккæ дæр ма Дзæуджыхъæуы цæры, æмæ бирæ æндæртæ. Æниу дзы Хъулаты Созырыхъо нæ уыд кæстæртимæ. Æмæ сæ лæг кæд фæуыдзæн нымад? Сафирæт чи уыд, уый зоныс? Уый, мæнæ дын ацы диссæгтæ чи дзырдта, уый фыд Бибойы хæрзхо уыд. Фæлæ уый тыххæй фæстæдæр... Де 'дде, Хуыцау дын хорз ракæна, уæд Сафирæт куырд уыдис Дзылатæн. Уый размæ та чызгæн йæхи æмæ йе 'фсымæр Бибойы фæндæй Фидараты Æхсаримæ бафидыдтой. Фидаратæ сæ сæрмæ нал æрхастой ахæм хъуыддаг, æмæ йæ Æхсар куырдуатæй раскъæфта. Уый фæстæ бирæ æнамонддзинæдтæ æрцыдис. Суанг дзы иу фондзæй мæрдтæ дæр фесты. Ехх, не 'фсин, уый диссаг уыд, диссаг! Фæлæ уæдæй нырмæ дуг ивы дуджы, алы дуг дæр йæ фæд уадзы. Иу дуг иннæ дуджы тæрхæттыл нæ разы кæны æмæ сæ ивгæ цæуы. Цард хæссы тæрхон, рæстæг æй кæны æххæст. Цард у, не 'фсин, тымбыл цæг, кæм райдайы æмæ кæм ныллæууы – иу бæрæг ын нæй. Нæй йæм тæригъæд, нæ тæрсы зæрдæхудтæй, дары йæ фæндаг. Чи йын ары, чи, йæ кæрон...

Зæронд лæг уыцы ныхæстæ кæнгæйæ йæ лулæ йæ дзыхмæ схаста. Бæрæг уыдис, йæ цæсгомыл йæ сагъæстæ кæй фæтынгдæр сты, уый. – О, ме Сфæлдисæг! Цытæ кæныс ды, æрдз! Цæй æнахуыр царды нывтæ уафгæ цæуыс ды, хъысмæт! Адæмæй чи хъæздыгæй тъæппытæ хауы, чи та дзы мæгуырæй сæфтмæ цæуы. Иннæ та дзы фыднизимæ тухи кæны...

Уыцы ныхæстæ кæнгæйæ цæсгом бынтон ныссагъæсхуыз вæййы. Бæрæг у, йæ цæстытыл бирæ уæззау цаутæ кæй уайы, уый.

– О, зæронд, сæнттæ цæгъдын райдыдтай. Хабæтæ æмæ Фидаратæй райдыдтай, æмæ уыдон ферох сты, фæлæ царды стыр цаутæ æвзарыныл ныллæууыдтæ. Иуныхасæй, дæхицæй Санаты Сем аразыс.

Уыцы ныхæстæй дада йæхæдæг дæр фефсæрмы æмæ загъта:

– Раст зæгъыс, не 'фсин, æцæг цæгъдын сæнттæ, уыййеддæмæ цард у стыр абухгæ денджыз. Нæдæр ын бын ис, нæдæр къардиу. Æмæ царды хъуыддæгтæ æвзарыныл цы сдæн, кæй зонд сыл аххæсдзæн? Здæхын фæстæмæ мæ ныхасмæ, не 'фсин. Уыцы хъуыддаг æрцыдис Куырттаты комы. Мæ зæрды дын æй ис тынг лæмбынæгæй радзурын, куыд райдыдта æмæ цæуыл ахицæн, уый. Абон дæр ма йæ тугвæд нæ хус кæны. Уæззау цаутæ уыдысты уыдон. Фæлæ цард æмæ рæстæгæн та диссаг цы ис? Хуыцау мæ гæды ма фæкæнæд, фæлæ ацы æнамонд хъуыддаг райдыдта фысæлвынæн фыдуанийы стыр цыппæрæмы... – Æмæ зæронд лæг бæлвырд радзырдта йæ таурæгъ...

Бæрзонд хæхты æхсæн, арф комы тъæпæнтæ æмæ къултыл æнкъардæй æрæнцад Дæллагхъæу. Къаннæг хæххон хæдзæрттæ, чъылдымыздæхтæй, тæргайхуызæй кæрæдзимæ дæрддзæф лæууынц. Хохы цæгатфахсыл къутæртæ мæгуырхуызæй комырдæм кæсынц. Хохы хуссар фарсыл куырæты æмпъузæнтау дардмæ зынынц хуымгонд зæххы гæбæзтæ. Уыдоны сæрмæ, суанг къæдзæхты цъуппытæм хæстæг, сæхи айтыгътой уыгæрдæнтæ. Чысыл хосы мæкъуылтæ мæхъитыл амадæй мæлдзыджыты губаччытау лæууынц фахсыл. Хъæуы иувæрсты, комы, хъуына дуртыл йæхи хойгæ æмæ фынк калгæ, мæстыхуызæй уайы дон. Былмæ хæстæг, цыма йыл хъæу хъоды бакодта, уыйау фыдæлтыккон галуан æнкъардæй баззад. Уый у Хабæты галуан. Ацы ран абон Хабæтæ тæрхон кæнынц сæ чызг Сафирæты хъысмæтыл. Кæрты алыварс ис дурæй амад бæрзонд быру. Ныллæг тыргътæ сты бур сыджытæй рæсугъд сæрст. Стыр зæхбын хæдзары рæбынæй, иу къулæй иннæмæ чи æххæссы, ахæм даргъ бандон. Уымæн йæ ауадзæныл – алыхуызон рæсугъд нывæфтыдтæ. Бандоны фарсмæ фыдæлтыккон фынг, йæ къæхтæ зырнæй рæсугъд тымбыл зылд. Фынджы уæлхъус бадынц къорд зæронд лæджы. Цалдæр кæстæры иуварс лæууынц æмæ сæхимидæг ныхас кæнынц, цыма цæуылдæр разы не сты, уыйау. Хæдзары чысыл рудзгуытæй æддæмæ хъуысы хистæрты быцæу ныхас. Сылгоймæгтæй чи артимæ архайы, чи арынгимæ, чи та сугтæ скъæфы. Хæдзары фарсмæ чысыл уаты

рудзынджы раз иунæгæй бады бæрзондгомау саулагъз, хæрзконд чызг. Уый уыди Сафирæт.

Хæдзары дуар фегом, æмæ дзы райхъуыст нæлгоймаджы æнад хъæр:

– Мæ хо у, æмæ йæ æз Дзылатæн дæттын!

Уый уыди Сафирæты æфсымæр Буцæ, мызыхъхъарæзт лæппу. Йæ ныллæг ных æмæ йæ чысыл цъæх цæстытæ, йæ даргъ фындз æмæ тæнæг æфсæртæ æвдисæн уыдысты йæ фыд-зæрдæйæн.

Уыцы ныхæстæ айхъуусгæйæ Сафирæтæн йæ даргъ цæстыхаутты æхсæнты, фæлурс уадултыл зынджы стъæлфæнтау йæ цæссыгтæ згъорынц. Сау хъуымбыл дзыккутæ дæргъæй-дæргъмæ сæхи æруагътой суанг фадхъултæм, йæ галиу къухы æнгуылдзтæй иуыл æрттывтытæ калдта сызгъæрин къухдарæн. Рудзынгæй зынди: комы рæбын, доны сæрмæ тар ингæнау сау мигъ бæзджынæй æрбадт. Уый Сафирæтмæ афтæ кæсы, цыма йын йæ зæрдæйы уавæр ноджыдæр йæ цæстытыл уайын кæны. Чызджы рустыл цæссыг тынгдæр уайын райдыдта. Йе 'рыскъæфхуыз былтæ кæрæдзийæ фæхицæн сты æмæ дзыхыдзагæй ныббогъ-богъ кодта:

– Уæ, дæлæмæ æрхауай сылгоймаджы раттæг Хуыцау! Фосæй уæлдай йын царды куы ницы бар ис, уæд æй зæххыл цæмæн дарыс? Уæ, нæ талынг хъысмæт, дæ митæ иууылдæр сты сылгоймаджы ныхмæ. Уæ, мæ амондхор æфсымæр Буцæ! Стонг бирæгъау куы сагъуыдтæ дæ мадызæнæгыл. Цæй дурзæрдæйы хицау дæ! Дæ хистæр æфсымæр Бибойы ныхас дæр куы ницæмæуал дарыс...

* * *

Фынг йæ куыст кодта: хистæртæ æнæбæрæг уавæры кæрæдзимæ лæвæрдтой нуазæнтæ æмæ куывтой чызджы амондæн.

Фынджы бæрæчетæн ныккæнæн дæр нæ уыд, фæлæ хъæлдзæгдзинад æмæ рухсдзинад не 'вдыста. Фысымтæ æмæ уазджыты æхсæн бирæ радзур-бадзур цыди, уымæн æмæ сæ ныхас кæрæдзиуыл нæ бадти. Кæд æмæ Буцæ карзæй дзырдта, æз мæ хойы Дзылатæн дæттын, зæгъгæ, уæддæр хъуыддаг кодта къуылымпытæ. Фæсивæды æхсæнæй хъуыст ахæм койтæ, цыма чызг разы нæу, цыма Фидаратимæ фидыд у. Фæлæ уазджыты хистæртæ домдтой дзуапп:

– Махæн не 'рбацыдæн æгъдау куы нæ уа, уæд ам хæрд æмæ

нозты фӕдыл не стӕм. Хъуамӕ нын дзуапп уа иуырдыгӕй дӕр ӕмӕ иннӕрдыгӕй дӕр. Хабӕтӕ, Дзылатӕ уӕ сӕхицӕн агурынц ахсджиаг хӕстӕгӕн. Ам тыхӕй, нӕфӕндондзинадӕй, ӕхсарӕй нӕу хъуыддаг. Хъуамӕ нӕ хъуыддаг райгӕйӕ бакӕнӕм. Афтӕ куы нӕ уа, уӕд хайыр нӕ уыдзӕн хъуыддаг.

Уыцы ныхӕстӕ кодта уазджыты хистӕр.

– Раст зӕгъы нӕ хистӕр. Кӕд ӕмӕ мыггаджырдыгӕй нӕфӕндондзинад ис, уӕд мах афтид чызг нӕ хъӕуы. Мах хӕстӕгдзинад кӕнӕм Хабӕтимӕ, ӕмӕ хъуамӕ уым уа ӕфсымӕрдзинад, уарзондзинад. Ныббарут мын ӕй, ӕгӕр уӕм кӕй бауӕндыдтӕн, хистӕртӕ, уый, – дзырдта Дзылатӕн сӕ кӕстӕрты хистӕр Созырыхъо.

Уыцы ныхӕстӕм фынгылбадджытӕ куыддӕр фӕджих сты, ӕмӕ Буцӕ тарӕрфыгӕй мыггаджырдӕм фӕзылди ӕмӕ бустӕхуызӕй загъта:

— Кӕй цы хъуыддаг ис? Чызг дӕр мӕ хо куы у ӕмӕ хӕдзар дӕр мӕн куы у.

Мыггагӕн лӕппуйы уайдзӕф фӕхъыг:

– Уӕдӕ кӕд чызг дӕр дӕ хо у ӕмӕ хӕдзар дӕр дӕу у, уӕд ма мах та ам цы стӕм? Цы нӕ ӕрӕмбырд кодтай?

Уалынмӕ къӕсӕрӕй ӕрбахызт бӕрзондгомау сӕгъбоцъо лӕг. Уый уыди Сафирӕты мадыфсымӕр Ӕзо. Уымӕн йе 'рбакъахдзӕф ӕмӕ йӕ хъӕр сиу сты:

– Уӕуу, мӕнӕ мӕ хӕрӕфырты хӕдзар кувӕндон сси! Ай зӕдты астӕумӕ куы ӕрбахаудтӕн! Кӕс-ма, уӕртӕ Гулийы зӕд. Буц хистӕр Гацыр дӕр ам куы бады! Уӕуу, мӕнӕ Куырттаты зӕронд Ӕфсати – Уане дӕр ам ис! Кӕс-ма Брытъиаты карз Уацилла – Тӕтӕрхъанмӕ дӕр! Табу, табу уӕхицӕн, ӕндӕр уын цы зӕгъон!

Стӕй Ӕзо Созырыхъойырдӕм фӕзилы:

– Уӕ, мӕ хур акӕнай, мӕнӕ нӕ сызгъӕрин тала Созырыхъо! Рауай-ма, мӕ хъӕбысы дӕ ныккӕнон.

Ӕзо йӕ цинтӕ куы ахицӕн кодта, уӕд цыма хабарӕн ӕппындӕр ницы ӕмбӕрста, уыйау сдзырдта:

– Аипп ма уӕд, хистӕртӕ, фӕлӕ цыма ам исты хъуыддаджы фӕдыл стут, афтӕ мӕм кӕсы... Фӕрсӕг сонт у. Уӕдӕ уӕ цуры дунейы бӕрӕчет куы ис ӕмӕ сӕм ӕвналгӕ дӕр куы нӕ кӕнут. Куыд ӕмбарын, афтӕмӕй уӕ бадт цыдӕр уазалхуыз у.

– Ӕзо, мӕ хуры чысыл, дзӕгъӕлкъах хистӕртыл нӕ ма банымай. Гуыбыны фӕдыл чи цӕуы, уыдонӕй дӕр не стӕм. Ды фӕрсыс, цавӕр хъуыддаджы тыххӕй ӕрбауадыстут, зӕгъгӕ. Ӕмӕ мах

ам стыр хъуыддаджы фæдыл стæм. Дзылаты фæнды, Хабæтимæ хæстæгдзинад куы бакæниккой, уый. Курынц дын дæ хæрæфырт Сафирæты. Ныр дæумæ дæр хъусæм, Æзо.

– Уæ, куыд уын амардтæн, куыд! Чызг йеддæмæ ма истæуыл дзурут? Уе 'рбацыды аргъ куы нæ у, æз æй кусарты бæсты нывонд куы скæндзынæн. – Æзо Хабæтырдæм фæзылди æмæ сæм тызмæгæй сдзырдта: – Цы хабар у ай, Хабæтæ? Дзуапп фыдæлтæй баззади. Уынут, уæле чи бады, уыдоны? Стыр туджы тæрхон чи лыг кæны, уыдон куы сты. Стæ-ма, æз мæ хойы фенон.

Æзо фæмæсты, йæ хомæ хибар уатмæ бацыди æмæ йæм бустæхуызæй бадзырдта:

– Цытæ кæныс уый, мæ хо? Мæ хæрæфырт йæ амонд йæ къахыфындзæй æппары?

– Нæ зонын, дæ рын бахæрон... Йæхи хурхытæ кæны, коммæ нæ кæсы... Ууыл ныллæууыд: «Йе мæхи амардзынæн, йе комгæ нæ бакæндзынæн!» Хæрæгыл саргъ нæ фидауы. Зæй куы сты, зæй, Дзылатæ! Сæ алыварс иууылдæр сой æмæ бæркад куы у. Æппæт ком дæр ма уыдоны мулк æмæ фосмæ куы хæлæг кæнынц. Гъе, уæддæр, дам, уыдонмæ ацæуыны бæсты мæхи доны баппардзынæн. Йæ цæсгом афтæ ныддардта, æмæ йын мæ бон ницы у. Уæртæ йæ дæхæдæг дæр бафæрс æмæ йæ кæд æрсабыр кæнис, – афтæ дзырдта Сафирæты мад Æзойæн.

– Кæм ис, кæ?

– Уæртæ кæройнаг уаты бады.

– Стæ-ма, мæхи мын ауадз, сымахимæ дзурын сасирæй дон исæгау у. Æниу æй фæрсгæ дæр цы кæнæм? Сылгоймаг та цы у, цы æмбары? Бакæс уымæ, цы бартæм бавнæлдта! Уый иннæ чызджыты дæр куы сафы.

Æзо рацыди Сафирæтмæ. Чызг йæ уæззау сагъæсы мидæг йæхицæн зæрдæ æвæры: «Ме 'намондæн, иннæ хæттытæй хъауджыдæр, Æзо дæр никуыцæйуал зыны. Таппызарты хай баци. Мæхи йын ныффæлдисин, кæд æм мæ тæригъæд бахъарид æмæ мæ кæд фервæзын кæнид. Уый ахæм хъуыддаджы мидæг арæхсаг у».

Уыцы тыхст хъуыдыты уысмыл, йæ къæхты хъæр дæр ын нæ фехъуыста, афтæмæй, цыма дуар йæхæдæг байгом, уыйау æвиппайды Æзо алæууыди йæ уæлхъус. Сафирæт йæ мадыфсымæры куы ауыдта, уæд йæхи баппæрста йе 'фцæгыл æмæ йыл ныттыхсти, цыма йæ тынг рагæй нал федта, уыйау, стæй йæм кæуынхъæлæсæй сдзырдта:

– Мæнæ мыл цы хорздзинад æрцыди, мæнæ ма Æзойы федтон! Æз де уазæг, Æзо, æмæ мæ калмы дзыхæй фервæзын кæн!

Æзо дæр æй ахъæбыс кодта æмæ йæ афарста:

– Цы кæныс, мæ зæрватыччы лæппын, мæ дзывылдар, мæ уалдзæджы хуры тын? Чи дæ хъыгдары, цæмæй тыхсыс, уый ма мын бамбарын кæн!

– Буцæ мæ Дзылатæн дæтты, æмæ мæ уыцы хъуыддагæй бахиз.

– Фæлæуу-ма, фæлæуу, Сафирæт, иугыццыл дæ зонд дæхимæ æруадз, æрсабыр кæн дæхи. Сæрра уæвынмæ дæ бирæ куынæуал хъæуы!.. Тыххæй дæ ничи ратдзæн. Æз афтæ æнхъæл дæн, æмæ Буцæйы цæст дæр нæ бауарздзæн, стæй йæ зæрдæ дæр нæ бакомдзæн, æмæ ды калмы дзыхы уай, стæй де стджытæ арты судзой. Фæлæ хъуыддагмæ хъуамæ иуырдыгæй ма кæсæм, мæ зынаргъ Сафирæт. Æркæсæм æм лыстæг, равзарæм æй биноныг. Зæгъæм, æз цард æмбарын афтæ. Адæймаг зæххыл сæвзæрди цæрыны тыххæй, æмæ цас йæ фадæттæ хъæздыгдæр уой, уыйас йæ бонтæ æнæ мæйдарæй æрвитдзæн. Адæймаджы фæндтæ мулкимæ къухы тынгдæр æфтынц. Иннæрдыгæй та йæ ныхмæ лæууы зæрдæ, уый та у хивæнд, гуымиры æмæ куырм. Цæуыл сагъуыйы, цы йæ хъæуы – йæхæдæг дæр æй нæ зоны. Мах та йæ хонæм уарзондзинад. Гъе уымæ гæсгæ, фылдæр хатт лæгыл рæдыд æрцæуы, æмæ уымæй лæгæн йæхи хъахъхъæнын хъæуы. Уарзондзинад кæй хонут, ныры адæм, уый царды мидæг у фыдбылыз, уый ницы хорздзинад хæссы адæймагæн. Рухсаг уæнт нæ фыдæлтæ, уыдонæй нын баззадис ахæм æмбисонд: «Афтид армы хъыргъы дæр нæ бады». Уымæй уый зæгъынмæ хъавын, мæ зынаргъ хæрæфырт, æмæ æрмæст уарзондзинадæй цард нæ рæзы. Адæймаг цыбыркъух куы уа, уæд царды уарзондзинады арт тагъд хуыссы. Æмæ уарзондзинадæн йæ арт куы ахуысса, уæд уый у фыднiз æмæ ноджы æнæсдзæбæхгæнгæ...

Æзо хин, кæлæн, сомы, ардæй фæстæмæ ницæуылуал хæцыди Сафирæты зæрдæйы къардиуыл хид авæрыны тыххæй. Уый цас æнувыддæрæй архайдта, уыйас Сафирæт йæ хъуырыл тыхстис, ацы хъуыддагæй мæ фервæзын кæн, зæгъгæ. Æзо уыди зын ран, Сафирæт ын тæнзæрдæ кæй нæ разынди, уый тыххæй. Æмæ хардз кæны йæ фæстаг тыхтæ:

– Сафирæт, уæдæ мæм тæригъæд ма æрхауæд дæуæй, хъус мæм, мæ хуры чысыл. Де 'фсымæр дæ дæтты Дзылатæн, уый

зæрдæ дын æвзæр никуы бакомдзæн. Дзылатæ фосæй сты фосы Фæлвæра, хорæй та сты хоры Уацилла, æхсарæй та – карз Уацилла! Уыцы стыр амонд та ды æппарыс дæ къахæй...

Æзомæ цыдæриддæр хотыхæй уыдис, уыдон бавзæрста Сафирæтыл, фæлæ дзы ницы райгонд у. Сафирæт карзæй ныллæууыд: «Уый бæсты мæ адзал æрцæуæд! Бахъарæд дæм, мæ мадыфсымæр, æз де уазæг!»

Æзо æнæрайгæйæ сыстад. Кæд æмæ алыхуызон зæрдæтæ æвæрдта Сафирæтæн, уæддæр йæ хъуыдытæ уыдысты уыцы иу. «Ныр аимæ цы дзæнгæда цæгъдын, хорз æмæ йын æвзæр цы у, уый куы не 'мбары, уæд? Дæ гæндзæхтæ куы ныххойай, уæддæр дæ фæндон нæ ацæудзæн. Уадз æмæ уал мæнæй йæхицæн зæрдæтæ æвæра, æз ын ныртæккæ схос кæндзынæн, – дзырдта йæхинымæр Æзо. – Æмгъуыд у фыдбылыз, фыдбылыз та у æмгъуыд. Абон нæ къухы æнцонæй чи ис, уый райсом æлхæнгæйæ дæр нал бафтдзæни».

Æзо ныртæккæ уыди стонг бирæгъау: йæ цуры лæууы нард уæрыкк, уыны йæ, фæлæ йæ къухы ницы æфты.

Æзо уыди зын раны, уымæн æмæ йæ зæрдыл лæууыд, Дзылаты гæртам кæй бахордта, уый. Фехъуыста, Буцæйæн йе 'ннæ æфсымæр Бибо Сафирæты тыххæй Æхсаримæ кæй бафидыдта уый дæр. Фæлæ Æзо дардыл хъуыдытæ нæ кæны. «Хъуамæ мæ фæндон ацæуа царды, – зæгъы йæхинымæр уый. – Сафирæт доны нæ, фæлæ-иу Тыбауы хохæй йæхи раппарæд».

Æзойæн уыцы хъуыдытæ йæ сæры зылдысты, афтæмæй рацыди Сафирæты цурæй. Мад йе 'фсымæрмæ тынг æнхъæлмæ каст, цымæ йын цы зæгъдзæн чызг, зæгъгæ. Уайсахат Æзо стыр бузныгхуыз æмæ хъæлдзæгæй æрбалæууыд йæ хойы цур.

– Гъы, Æзо, цы бадæ дæ хæрæфыртимæ?

– Цы бадæн, цы, мæ хо! Йæхи мын къултыл хоста, доны æппæрста, фæлæ йын хъуыддаг куы раргом кодтон, уæд загъта: «Цы дæ фæнды, уый кæн!». Уæдæ куыд æнхъæл дæ, мæ хо? Де 'фсымæр æгуыдзæг нæу, фæлæ сымах æдылы стут, адæймагмæ кæуылты бацæуын хъæуы, уый нæ зонут æмæ хъуыддаг ныссуйтæ кæнут!

– Мæ уд дæ фæхъхъау фæуæд, ме 'фсымæр. Уыцы зæронд адæмы фарнæй зæххы бынмæ куы ныххаудаин, уæддæр мын æнцондæр уыдаид. Ныр дарддæр та цы чындæуа?

– Фидауæггаджы æртæ чъирийы æмæ фарс афизонæг кæн. Æз уал уыцы зæрæдтæм акæсон, стæй дæм хабар кæндзынæн, мæ хо!

Æзо хистæрты цурмæ æрæгмæ куы зындис, уæд сæ ныфс бынтон асаст. Тæтæрхъан уæззауæй дзуры:

– Гъы, мæ хур, Гацыр, зæронд лæг рог куы уа, уæд афтæ вæййы.

– Цы кæнон, дæ рын бахæрон, Тæтæрхъан. Хæйрæг йеддæмæ, ныхас кæй нæ уырны, ахæм нæй. Лæгæн – ныхас, ногъайæн – дамгъæ, зæгъгæ, æмбисондæн куы баззад. Цæй, афтæ фæуæд, адæймаг йæхи рæдыдтытыл ахуыр кæны, фæзæгъынц.

Кæстæртырдыгæй дæр рацæуы ахæм ныхас:

– Нæ, Æзо ахæм ран æнæлæг нæу.

Уæд сæ иннæрдыгæй иу фæцырд æмæ худгæмхасæнты сдзырдта:

– Раст зæгъут, хорз арæхсы Æзо фыдбылызтæ кæнынмæ, – æмæ æмхуызонæй æмыр худт бакæнынц.

Уалынмæ Æзо дæр фæзынд.

– Æзо, де 'рбацыд амонды хос фæуæд! Бауырнæд дæ, нæ уд нын æрдуйæ нарæгдæр скодтай. Ды дзывылдар куы уыдаис, уæд дæумæ æртæхынмæ æнхъæлмæ кæсгæйæ адæм æнæ хуым баззадаиккой.

– Нæ буц хистæртæ, хуымæн дæр йæ раггæнд ницы пайда хæссы: мыггагæн йæ билцъ сигæ кæны. Фæлæ алцæмæн дæр ис афон.

– Æзо, мæ хуры чысыл акæн, уæддæр та нын зæрдæтæ авæрдтай.

Æзо, йæхи фæлæг кæнгæйæ хистæртырдæм цæхгæр фæзилы:

– Гацыр, фарн дæм бадзурæд! Диссаг сты ныры адæм, чызг «комын», зæгъгæ, куы фæзæгъы, «раттут мæ уымæн», уæд æй хонæм налат. Раст ын Дзæуыджы чызджы кафт кæнын кæнæм: дæ къух дæр ма сис, дæ къах дæр ма фезмæлын кæн, афтæмæй рæсугъд каф.

Адæм схудтысты. Хистæртæй иу сдзырдта:

– Мæ хур акæн, Æзо. Не 'лхынцъ та нын райхæлдтай.

– Æзойы уд уæ фæхъхъау фæуæд, фæлæ уæ фынг хъаст кæны, иугыццыл ын йæ зæрдæ балхæнæм, нæ буц уазджытæ!

Хистæртæ фæхъæлдзæгхуыз сты, кæстæртæ дæр базмæлыдысты. Нуазæнтæ фæтыхджындæр сты. Уалынмæ физонæг æмæ æртæ чъирийы дæр рахæццæ сты. Уæлейы бадджыты цур сæ куы æрæвæрдтой, уæд кæстæртæй иу сдзырдта:

– Æйтт, Созырыхъо! Мысайнаг, мысайнаг! Дæ разы ма дзы залмысыфтæй æрысхой, «катеринкæтæй», дæсгай тумантæй зæгъын!

– Уымæй та мæ цы тæрсын кæнут, Хабæтæ! Æз кæддæриддæр – цæттæ!

Ӕзо худæнхуызæй сдзуры:

– Кæсаджы та мын донæй тæрсын кæнынц!

Ӕзо кæд цыфæнды архайд кодта, зæрдæдзуаг куы уаид, ууыл, уæддæр йæ цæсгом уыдис уазал æмæ æнадхуыз.

Созырыхъо бирæ æнхъæлмæ кæсын нæ бауагъта хистæрты мысайнаджы тыххæй, тагъд-тагъд æй ахицæн кодта уæлдайджынтæй.

Скувыны размæ фысымты зæрды уыдис ирæдыл аныхас кæнын, фæлæ Дзылатæ загътой, уыйфæстæ йыл æнцадæй баныхас кæндзыстæм, зæгъгæ.

– Тæтæрхъан, фынг агуры йæ уаг, – загъта зæрæдтæй чидæр.

– Табу йе стыр фарнæн, фæлæ, Тæтæрхъан, ды куы скувис, уæд хуыздæр уаид. Уыцы хъуыддæгтæм ды дæсныдæр дæ, – загъта иннæ.

– Уый та куыд, Гацыр! Дæ къухæй нуазæн райс æмæ скув, уый Хъæриуы хох риуæй скъуырæгау куы у.

– Цæй, уæдæ, æдылы кувæг æмæ мæ рæстмæ уацхæссæг Хуыцау фæкæнæд.

Уыцы ныхæстæ кæнгæйæ Гацыр сыкъа райста йæ рахиз къухмæ, физонæг та галиу къухмæ æмæ уæззаугай, уырныдхуызæй кувын райдыдта:

– Йæ, Хуыцау, табу дæхицæн. Мæнæ ацы адæм цы хъуыддаджы тыххæй æрæмбырд сты, уый рæстмæ фæкæн: дыууæ мыггаджы – Хабæтæ æмæ Дзылатæ кæнынц хæстæг, æфсымæрдзинад. Кæд æмæ ахæм хъуыддагæй исчи хайыргонд фæци зæххы къорийыл, уæд сæ уый æмбал фæкæн. Дыууæ сабийы баиудзинад амондджын æмæ æвæсмон уæд. Табу уæхицæн, хохы æмæ быдыры зæдтæ, сымахыл дæр фæдзæхст фæуæнт...

Кæстæртæ æмхуызонæй «оммен» ныхъхъæр кæнынц.

– Цæй, афтæ цы зæд зæгъдзæн, мæ ном куы ссардтаид уыцы æдылы кувæг, уæд ын æз фылдæр ахъаз бакодтаин, зæгъгæ, уымæн уæлдай барст уæд дыууæ мыггаджы кувинаг.

Райдыдта кувын дыккаг хистæр Тæтæрхъан дæр æмæ загъта иу цалдæр ныхасы хъуыддаджы амондджын æмæ арфæйагдзинады тыххæй. Уый ахицæн кодта йæ нуазæн, æмæ æртыккаг нуазæнæй скуывта Уане, уазджыты хистæр:

– Уæ, мæнæ хорз адæм, нæ хистæрты куывд хъæбыл уæд. Дыууæ мыггаджы тыххæй скуывтой, æмæ азтæй тулдзау уидагджын уæнт, каркау цотджын, бирæгъау ныфсджынæй куыд

цæрой, ахæм арфæ Хуыцау ракæнæд! Хайыр нын уæд уæ лæвар!

– Æйтт, кæстæртæ, уæ разы Буцæ æмæ Созырыхъомæ авæрут кувæггæгтæ, – фæцырд Тæтæрхъан. Стæй ма йæ ныхасмæ бафтауы: – Кау дыууæ михыл нæ быдæуы, авæрут æй Гæбуйыфыртмæ дæр.

Кæстæртæ æфсæрмхуызæй райстой, «хайыр уæд хъуыддаг» загътой æмæ аныztой.

Фынг фæхъæлдзæгдæр ис. Хистæртæ сæхи номæй нуазæн дæттынц чызджы мадыфсымæрæн.

– Æзо, æрцу-ма хæстæгдæр, – дзуры Уане. – Мах дын арфæ кæнæм, уымæн æмæ лæг дæ æмæ лæджы митæ кæныс. Бузныг, мах æгадæй кæй нæ арвыстай ацы хæдзарæй, уый тыххæй. Нæ фыдæлты æгъдау нын схъазуат кодтай, æмæ нæ зæронд удтæ дæ фæхъхъау фæуæнт.

– Бахатыр кæнут, хистæртæ! – зæгъы Æзо. – Æз дæр диссаг хъуыддæгтæ нæ сарæзтон. Æгъдæуттæ конд сты, æмæ Хабæтæ дæр сæ сæрты ахизын куыд бафæрæзтаикккой!..

Хистæртæн сæ бадт сæ фарсыл хæцын байдыдта. Афтæ сæм касти, æмæ уыцы хъуыддаг куы нæ сырæзыдаид, уæд сыл цыма Сæнайы хох рафæлдæхтаид. Нуазæнтæ æмæ сидтытæ стыхджын сты фынгыл бадджыты æхсæн. Суанг ма æфсинты дæр мысын райдыдтой. Созырыхъо фæхъæбатырдæр ис æмæ, йæ къухы нуазæн, афтæмæй сыстад. Бæрæг уыди, йæ зæрды цыдæр зæгъын кæй ис, уый. Æзо йæ куы федта, уæд хистæртырдæм йе 'ргом раздахгæйæ загъта:

– Бахатыр кæнут, нæ буц хистæртæ! Дзылайы-фыртæн ныхасы бар раттут, æд нуазæн лæууы нæ цуры. – Стæй раздæхт Созырыхъойырдæм æмæ йæм дзуры: – Дæ хорзæхæй, Созырыхъо, дæ хорзæхæй! Дзылатæн сæ хистæрты кæстæр ды дæ, стыр бартæ дын ис æмæ дæ бон у дзурын.

Созырыхъо уыди зын ран, уымæн æмæ æмбæрста чызджы æвæндондзинад. Кæд йæхи хъæлдзæг дардта, уæддæр йæхимидæг тынг тыхсти. Иннæрдыгæй та йæ размæ лæууыдысты фыдæлты æгъдæуттæ, æмæ уыдонмæ дæр цæхгæр бацæуын йæ бон нæ уыд. Фæлæ йæ уæддæр фæндыд, истыхуызы хистæртæн йæ зæрдæйы ахаст куы бамбарын кодтаид, уый. Уымæ гæсгæ сæ иу дыууæ ныхасы зæгъыны бар ракуры æмæ æфсæрм, æнцадхуызæй райдайы дзурын:

– Бахатыр кæнут, нæ хистæртæ, ам мæхи схъæбатыр кодтон

сымахимæ дзурынмæ. Нæ фыдæлты æгъдæуттæ хохау фидарæй лæууынц, нæ цудынц сæ бынатæй æмæ цудгæ дæр ма фæкæнæнт. – Адæм фæсабыр сты сæ ныхасæй æмæ йæм хъусынц тынг зæрдиагæй. – Дуг ивы дуджы, æмæ алы дуг дæр кæны йæхионтæ. Уыцы ран туджы тæрхон, стæй нæ фыдæлты æгъдау ранæй-рæтты кæрæдзийы не 'мбарынц æмæ уым кæрæдзиуыл дзæбæх нæ ныхæсынц. Иу дæр æмæ иннæ дæр йæхи фæндон кæны, æмæ уыцы ран фæзын вæййы. Дугæн йæ тæрхон уый у, æмæ адæймагмæ лæвæрд ис царды мидæг æртæ стыр дзуаппы: йæ иу дзуапп – куы райгуыры, уæд; дыккаг дзуапп – ныр мæнæ мах цы хъуыддаджы бадæм, уый: мой кæнын æмæ ус курын; æртыккаг та – йæ адзал. Гъеуыцы дардыл ныхас кæуыл кæнын, уымæ æрхæццæ дæн. Мах кæй тыххæй бадæм, уыцы дыууæ уды сырæзыдысты иттæг арфæйаг æмæ хæлæггагæй, сты æнæсахъат, рæсугъд. Ныр æрлæууыдысты се стыр дзуаппы уæлхъус. Уый у тынг зын, хъахъхъæнинаг хъуыддаг. Дæ фыдгул дын уым галиумæ къахдзæф акæнæд. Уый царды уыдзæнис æлгъыстаг, хуылыдз сугтæй арт куы æфтауай, уый хуызæн: судзгæ нæ кæны, фæлæ æрмæст фæздæг калы, æмæ уыйау йæ цард ахицæн уыдзæн фæнык æмæ фæздæгæй. Рæстырдæм къахдзæф дзы чи акæны, уымæн мæйдар дæр рухс у, зымæг дæр – сæрд. Мæ ныхас мын мачердæм бамбарут. Мæн фæнды иунæг хъуыддаг: нæ бахæстæгдзинад амондджын уæд, дыууæ сабийæн сæ царды баиу адджын фæуæд, кæд дзы ацы сахат исчердыгæй къуылымпыдзинады æрду искуы ис, уæддæр. Гъеуый у мæ иунæг стыр фæндон, мæ ныхасы сæр. Ныр мын бахатыр кæнут, нæ буц хистæртæ: мæнæ уын кæстæрты нуазæнтæ. Кæд истæмæй рæдийæм, уæд нын æй ныббарут.

Хистæртæ нуазæнтæ айсынц, æмæ Уане сдзуры:

– Æйтт, кæстæртæ, хистæрæн кæстæры нуазæн цæстырухс у. Мæ хуры чысыл акæнут, кæстæртæ.

Хистæртæ раарфæ кодтой кæстæртæн.

Гаджидæуттæ та ногæй кæрæдзийы æййæфтой амæй-ай кардзæрæй.

Æхсæв кæд цыфæнды даргъ уыд, уæддæр ма йыл бонæй æфтауын хъуыди. Ныхас стынг ис ирæдыл. Ам Æзо цæмæ хъавыди, уымæ æрхæццæ. Хабæтæн сæхимæ дзырд нал хаудис Æзойæ. Уый йæхи дзурæг скодта чызджы мыггаджы номæй. Уæззауæй ныхасмæ бавнæлдтой.

Дзылатæ бахаудтой зын ран, уый тыххæй æмæ тынг хъæздыг æмæ парахатæй равдыстой сæхи, фæлæ сыл ирæд йæ уæз куы æруагъта, уæд уæрджытæ тасын байдыдтой. Æмæ уæд Дзылаты фæсивæд дæр сæхи нал баурæдтой:

– Хабæтæ! Ныхас фосыл нæ цæуы, фæлæ нæм афтæ кæсы, цыма ныл уæхи бæрзонддæр кæнут!

– Цæмæн дæм афтæ кæсы, Созырыхъо? – сдзуры Æзо.

– Мах æй афтæ æмбарæм, æмæ афтæ дæр у, – зæгъы Созырыхъо.

Хабæты фæсивæды хистæр мæстыхуызæй бафæрсы:

– Дæ хорзæхæй, Æзо, дæ хæрæфырты фосыл уæй кæныс æви хæстæгдзинад халыс Дзылатимæ?

– Æмæ дзы æз та цы гæнæг дæн? – йæхи бакъултæ кæны Æзо.

– Ды цы гæнæг дæ, уый мæнæ уынæм: махмæ дзы дзырды бар нал хауы. Мах ма мæнæ Дзылаты æфсæрмæй лæууæм, уыййеддæмæ нын ахæм уавæры ам лæууын хæс дæр нæу. Буцæ нын раджы куы загъта, чызг дæр мæ хо у, хæдзар дæр мæн у, æмæ никæйы ницы хъуыддаг ис ам, зæгъгæ.

– Гъей, кæстæртæ, æгæр бирæ бартæм бавнæлдтат, – сдзырдта фысымты хистæр Гацыр. – Мах та ма цы стæм ам! Рацæут æмæ мæнæ мæ бынаты сбадут. Зонут! Ирæд дæр мах исæм, чызджы дæттæг дæр мах кæнæм!

Уыцы ныхасæй кæстæртæ ныссыпп сты, цыма сæ дзыхы дон ис, уыйау.

Кæд бирæ радзур-бадзур фæкодтой ирæдыл, уæддæр Æзойы фæндтæ нæ фæцудыдтой. Хитæртæ дæр кастысты æмæ æгадæй ацæуынмæ сæ сæрмæ нал хастой.

Æвзæрст æхсæз галы, дæс дыгæрдыджы, дæс нæл фысы æмæ фынддæс æд уæрыкк фысы, сæ фыр æмæ иу цæу семæ, стæй мадырвады бæх, – стæрхон кодтой ирæдæн.

Дзылатæ къабазджын уыдысты. Уымæ гæсгæ, ам фидауджытæ æмæ Дзылатæ дæр æнхъæл уыдысты, зæгъгæ, ирæды фос куы ратæрой, уæд сын сæ размæ хуынтæ хæсдзысты. Æгъдау та афтæ амыдта, æмæ-иу хуын чи раххаста, уымæн-иу ирæды фосæй иу сæр аздæхтой фæстæмæ.

Фæлæ ирæдисджытимæ уыдис Æзо æмæ дзы иу сæр дæр ничердæм фæкодта, кæд сын Дзылаты хæстæджытæ æвзаргæ лæгтимæ буц фынгтæ сæ размæ хастой, уæддæр. Хын-

джылæггæнгæ хъазгæ æмæ худгæйæ аивæй ахызти Æзо фыдæлты æгъдæутты сæрты.

Гъеуыцы рæстæг æрхæццæ сты Фидараты Æхсар æмæ чызджы æфсымæр Бибо. Уыдон та уыдысты балцы Уæрæсейы. Бибо Уæрæсейы бафидыдта Фидараты Æхсаримæ, йæ хо Сафирæты йын кæй ратдзæн, уый тыххæй. Уыцы хъуыддаг Бибо фыста йе 'фсымæртæм дæр, æмæ йæ зыдтой, сæ хо лæвæрд кæй у, уый. Æмæ хъуыддаг ныр Бибо æндæр хуызæттæй куы сæййæфта, уæд ын зын куыннæ уыдаид! Йе 'фсымæрты фарста, цы мын зæгъут ныр, цы ма фæкæнон мæ цæсгом Фидаратæй, куы сæ фæхынджылæг кодтон, зæгъгæ.

– Омæ мæныл цы бустæ кæныс? Ды дæлæ Уæрæсейы кæмдæр сæндæтты чызджытæ лæвæрдтай... Хæдзар нын ис, хæдзар, æмæ уым фидауын хъæуы, – загъта йæ хистæр æфсымæр Батырадз дæр.

– Ау, æмæ æз уе 'фсымæр нæ дæн, мæнмæ дзы æппын ницы бар хауы? Уæд та ме ссыдмæ фæлæуууыдаиккат. Æз тынг хорз зонын мæ хойы зæрдæйы уаг. Стæй зонын Æхсары дæр. Уымæ гæсгæ уыцы фидыды рæдыдæй ницы ардтон. Сымах афтæ фæтагъд кодтат, цыма уæ фæдис фæсте сырдта...

Гъе, ахæм фыдбылызы дымгæ æрбацыд Хабæты хæдзармæ. Æфсымæртæ, мыггаг кæрæдзийы дзæбæх нал æмбæрстой, æнæхъуаджы æфхæрдтой сæ кæрæдзийы.

Бонтæ цæуынц, æмæ рæстæг йæ кæнон кæны. Кæд æмæ Сафирæт йæхи, цыма ницы æрцыд, уыйау дары, уæддæр æцæгдзинад цæстытæ къахæгау сайын нæ куымдта.

Сафирæтмæ афтæ касти, цыма уыдон иуууылдæр йæ фыны уыны. Дзылатырдыгæй цæуы чындзы лæвæрттæ, алы буцдзинæдтæ, фæлæ уæддæр, цы æрцыди, ууыл йæхи бауырнын кæнынæн ницы фæразы Сафирæт. Йæ зæрдæйæ Æхсары ратонын йæ бон нæу. Уыны, Дзылатæм чындзы цæуынмæ йæ кæй цæттæ кæнынц, уый, фæлæ йæм афтæ кæсы, цыма йæ Æхсар хæссы. Стæй хаттæй-хатт æцæгдзинад куы бамбары, уæд йæ зæрдæ нырризы æмæ фæдзуры: «Ау, æмæ Æхсар мæн Дзылатæм ауадздзæн? Нæ, нæ, уый никуы уыдзæн! Æрвитгæ дæр æм куы акодтон. Æниу æм æрвитын дæр цæмæн хъæуы? Цы йæм хъуамæ дзура йæ зæрдæ? Уадз æмæ дуне иуууылдæр арт суæд, арв нынннæрæд, æмæ зæхх йæ бындзарæй ныррызæд! Æз уарзын Æхсары, Æхсар та уарзы мæн, æмæ иумæ цæрдзыстæм. Уыцы тыхджын арт та кæй бон у ахуыссын кæнын!».

Ахæм уавæры Сафирæт йæ бонтæ æмæ йе ‘хсæвтæ æрвыста. Æзойæн Бибо æмæ Æхсары æваст фæзынд йæ фæндтæ гыццыл фæцудын кодта. Сагъæсы йæ бафтыдта. Хъуыды кодта, Бибойæн цы дзуапп ратдзæн, ууыл. Исдугмæ йæхиуыл фæстæмæ хæцыд, Бибойыл аивæй фембæлыныл архайгæйæ, стæй уымæн «æгас цæуай» зæгъынмæ йæхи схъæбатыр кодта. Хъæлдзæгхуызæй сæмбæлы Бибойыл, зæрдиаг хъæбыс ын ныккæны æмæ райдайы дзурын:

– Уæ, æгас цæуай, мæ хæрæфырт! Дæ мадыфсымæры лæвар, æвæццæгæн, цæхæртæ калы. Ома, тарбын цъæх бухайраг худ, сау тæбын куырæт æмæ сгæллад цухъхъайаг!

Бибо æнцадгай кæсы Æзомæ, йæ тугдадзинты зынджы стъæлфæнтæ ацæуынц, йæхи тыхурæд ныккæны æмæ йæм æрдæгмæстыхуызæй сдзуры:

– Æзо, ды цы лæвæрттæ ранымадтай, уыдон дæ хуызæн мадыфсымæрæн гыццыл сты, дæуæн зынаргъдæр лæвæрттæ хъæуы, уый тыххæй æмæ ды дæ хæрæфырттæн тынг стыр аргъ кæныс æмæ сæ бирæ уарзыс!

Æзо æмбæрста, Бибо йæм мæсты кæй у, уый æмæ йæ ныхас цæхгæр фæзылдта:

– Дæ хойы дæр амондджын бон ратт, Бибо, хайыр уæд уæ хæстæгдзинад!

– Уыцы арфæтæ хъуамæ æз дæуæн ракæнон, фæлæ дæ æз фæрсын, Æзо: ды хорз куы зыдтай, æз Фидараты Æхсарæн дзырд кæй радтон, уый, уæд ме ссыдмæ цæуыннæуал фæлæууыдыстут? Мæ хойы кæд мæхæдæг бакодтаин Дзылатæм, уæд та? Ныр æз цы фæуон æмæ цы зæгъон Фидаратæн?

– Раст зæгъыс, Бибо. Æз дæр ыл сымах ссыдмæ фæстæмæ, бæргæ, хæцыдтæн, фæлæ де ‘фсымæртæ, дæ мыггаг фæтагъд кодтой, æмæ мæнæн дæр мæ бон нал баци хъуыддаг бакъуылымпы кæнын.

Бибо смæсты æмæ йын æргомæй зæгъы:

– Æзо, æгæр бирæ бартæ райстай дæхимæ æмæ нæ дуканигæсау уæйтæ кæныс. Фидаратæ дæуæй дæр æмæ мæнæй дæр агурдзысты дзуапп. Ирон æфсарм æмæ æгъдау нал ис, æви?.. Цавæр мадыфсымæр нын дæ? Дыууæ галыл нæ куы ныууæй кодтай. Рох дæ ма уæд, Фидаратæм дæр ис фæсивæд, хистæртæ. Цы нæ схондзысты адæм? Нæ иутæ Фидаратимæ фидауынц, иннæтæ та Дзылатимæ.

Ӕзо сыстад ӕмӕ рацыд йӕ хӕрӕфыртты хӕдзарӕй. Сӕхимӕ фӕндагыл йӕхинымӕр дзуры: «Иугыццыл ма куы афӕстиат уыдаис, Бибо, уӕд ӕз Сафирӕты, бӕргӕ, афӕндараст кодтаин, фӕлӕ кӕрӕдзийы ныццӕгъдӕнт Дзылатӕ дӕр, чи ныффӕстиат! Бӕргӕ сын дзырдтон. Ӕниу ныр дӕр цы тыхсӕм? Фӕрӕйдзысты, ӕмӕ Дзылатӕ сӕ чындзы ахӕсдзысты. Ӕзо та къобор галтӕй йӕхицӕн хуым кӕндзӕн».

Гъе, ацы хъуыдытимӕ Ӕзо йӕ бонтӕ ӕрвыста.

Рӕстӕг зилы ӕрӕгвӕззӕджырдӕм. Хъӕд фӕбур ис. Донӕн йӕ хъӕр фӕтынгдӕр. Мигътӕ цӕгаты бадын байдыдтой. Алчи йӕ куыстытӕй февдӕлондӕр. Ныхасы фӕз адӕмӕй фӕбӕзджындӕр ис. Алыхуызон ныхӕстӕ сӕм цӕуы, фӕлӕ ныхӕстӕн сӕ ахсджиагдӕр здӕхт у Дзылатӕ ӕмӕ Фидаратырдӕм. Чи зылын кодта Джетӕгъӕзы: «Нӕ йын ӕмбӕлдис зонгӕ-зонын Ӕхсары сӕрты ахизын». Чи та-иу загъта: «Цӕмӕн, цӕмӕн? Дзылатӕ дӕр мыггаг ысты, мыггаг!..»

Гъе, афтӕ адӕм Фидаратӕ ӕмӕ Дзылаты ӕхсӕн цӕгъдынц зынг.

Ӕхсар ацы фӕстаг заман тынг ӕнкъард у. Ӕмӕ ӕнкъард дӕр куыд нӕ уа, – алыхуызон ныхӕстӕ цӕуы! Хаттӕй-хатт хъазгӕмхасӕнты афтӕ дӕр ӕрыхъуысы: «Уӕддӕр дын, Ӕхсар, дӕ хъӕбысӕй Сафирӕты куыд фелвӕстой Дзылатӕ!»

Йӕхӕдӕг иунӕг уӕвгӕйӕ та ахӕм хъуыдыты бацӕуы: «Цымӕ мын мӕ хъысмӕт цы цӕттӕ кӕны? Уӕвгӕ дӕм, хъысмӕт, ницы ӕнхъӕлмӕ кӕсын дӕумӕ дӕр, ды дӕр фыд-зӕрдӕ дӕ», – ӕмӕ цыма цардмӕ лӕбургӕ кӕны, уыйау йӕ цӕсгом мӕсты арт суадзы. Ӕмӕ куыддӕр аджих вӕййы, стӕй та тарстхуызӕй сдзуры: «Топпы цӕхӕр, карды ӕрттивӕнтӕ, туджы зӕйтӕ, цӕссыджы култӕ – уадз ӕмӕ ӕрцӕуой ивуыылдӕр! Нывонд кӕнын Сафирӕты дӕр ӕмӕ мӕхи дӕр рӕстдзинад ӕмӕ уарзондзинады тыххӕй. Уарзондзинады талынг кӕмттӕ хъуамӕ срухс уой. Йӕ тухийы ӕфсондз ын асӕттын хъӕуы, йе згӕ рӕхыстӕ йын атонын хъӕуы!» Йӕ сагъӕстӕ афтӕ стыхджын сты, ӕмӕ бӕлвырд цӕуыл ӕрлӕууа, уый нал зоны. Йӕ хъуыдытӕ йӕ ахӕссынц дардмӕ, йӕ сомбон куыд уыдзӕн, ууыл райдайы мӕт. Афтӕ йӕ уаты уыцы сагъӕстимӕ рацу-бацу кӕны. Цӕхгӕр фӕзилы стъолырдӕм ӕмӕ, цыма искӕмӕ ӕртхъирӕн кӕны, уыйау стъол ӕрхойы: «Уӕ, ӕнӕзӕрдӕ Ӕзо! Афӕлдахын дӕ хъӕуы дӕу, бӕргӕ! Фӕлӕ ма, уӕвгӕ, уымӕй дӕр цы рауаид. Ӕзойӕн йӕ зӕрды цы уыди, уый бакодта. Цард у тох, уӕлахиз дзы кӕны ӕхсар. Ӕхсары бын цагъар диссаг нӕу,

фæлæ зæрдæйы цагъар æмæ тæппуд фидиссаг у. Уадз æмæ мæ царды стыр фæйлауæнтæ хъысмæты къæдзæх-рæгътыл хойгæ ахæссæнт. Здæхгæ дзы нал у фæстæмæ. Сафирæт, Сафирæт!.. – æмæ та джихауæй аззайы. – Уæ, æхсар, уæ, хъысмæт, уæ, æфсарм! Цы у сымахæн уæ тæрхон? Сафирæты ахæсдзысты Дзылатæ, уыдон къæрцц-æмдзæгъдæй куы кафой, фæндыры цагъдмæ куы зарой, уæд, марадз, Æхсар, æмæ ды сæ цæрæнбонмæ кув. Нæ, нæ, цагъар, дæ бæсты мæлæт!»

Уыцы ныхæстæ кæнгæйæ, цыма доны хъæр фыццаг хатт фехъуыста, уыйау йæ сагъæстæ уыйырдæм азылдысты. Æдзынæг ныхъхъуысы донырдæм. Стæй хъæлдзæгхуызæй фæхъæр кæны: «Мæ уд дæ фæхъхъау, мæнæ дон, табу де стыр æхсарæн! Кæс-ма, цæуыл у амæн йæ мæсты хъæр, йæ фæдис? Æрдз æй йæхицæн кæны кусæг, цагъар. Уый та йæхицæн сæрибары фæндаг агуры. Кæс-ма, куыд зынтæ æмæ фыдæбæттæ кæнгæйæ къæртт кæны йæхицæн фæндаг. Хæхтæ йæ риуæй сæттгæ цæуы. Кæдæм, кæдæм у йæ балц ацы донæн?! Стыр денджызы астæуы уылæнтæм!» Стæй та, иучысыл афæстиаты фæстæ, йæхимæ уайдзæфгæнæгау фæзилы: «Кæсыс, мæ зæрдæ? Ды фæзм уыцы доны. Хъуамæ цыфæнды зынтæй дæр дæ фæндон кæронмæ ахæццæ кæнай! Цы у цард цагъарæй! Рæстдзинад, сæрибаруарзынад, нæй дæу тыххæй тæрсæн нæдæр зынтæй, нæдæр мæлæтæй! Кæсыс донмæ, мæ зæрдæ? Айнæг хох йæ риуæй къæртгæнгæ куыд цæуы! Уымæн дæр нæу æнцон. Гъе, афтæмæй æфты къухы зæрдæйы уарзондзинад! Йæ тухийы æфсондз ын сæттын хъæуы, йе згæ рæхыстæ йын атонын хъæуы!»

* * *

Авд хойы æрбахæстæг сты хурыскæсæнмæ. Арв æрбахъулæттæ ис, цыма рауарынмæ хъавыд, уыйау, фæлæ та расыгъдæг. Райдыдта бон.

Хур бæрзонд ссыди, уæддæр Æхсары йæ фын нæ уадзы. Æвæццæгæн ма ахастаид дарддæр дæр, фæлæ йæ дыууæ уарзон æмгары – Темыр æмæ Хаджумар – хъæлдзæг ныхæстæгæнгæ дуар æрбахостой. Æхсар фехъал вæййы. Хаджумар æм худгæйæ сдзуры:

– Цы афоны хуыст у, Æхсар? Цыма дысон дæ кайыстæм – Хабæтæм, сиахсы æгъдæуттæ кодтай!

Стæй ма йæм Темыр бафтыдта:

– Цы кæна, мæгуыр, чызджытæ дзы къафеттæ агуырдтой æмæ, æвæццæгæн, стыхст. Куыд æм кæсын, афтæмæй цыма бонæй æрбацыд æмæ схуыссыд.

Иучысыл хъазæн ныхæстæ акодтой æмæ ахудтысты, стæй рахызтысты уæззау ныхасмæ. Темыр сабырæй, йæ алы ныхасæн дæр цыма йæ уæлдæйттæ кардæй лыг кодта, афтæмæй райдыдта дзурын:

– Æхсар, мах стæм де ʻнæцудгæ æмгæрттæ. Махæн нæ хæс у дæу тыххæй алы зындзинад дæр бакæнын. Ды хъавыс Сафирæты аскъæфынмæ. Уый у ахъуыдыйаг. Ды хизыс судзгæ артмæ. Мах дæр цæттæ стæм дæ фæдыл уырдæм багæпп кæнынмæ. Мах дзы нæхи удтæ æмæ зынтæ нæ иргъæвæм, фæлæ акæс дарддæр. Арт налат у, куы ссудза, уæд уый растæй-зылынæй никæйыуал æвзары.

Хаджумар дæр æм йæ ныхасы хай баппæрста:

– Уырысмæ иу æмбисонд ахæм ис: «Авд хатты йæ сбар, иу хатт æй ралыг кæн». Уый æз уымæн дзурын, æмæ ацы хъуыддагмæ канд иуырдыгæй æркæсын нæ хъæуы, фæлæ алырдыгæй дæр. Æрмæст йæ хорзырдыгæй куы кæсæм хъуыддагмæ, уæд уый у рæдыд, фæлæ йæм йе ʻвзæрырдыгæй дæр æркæсын хъæуы. Мах сфæнд кодтам Дзылатæн се ʻфсармы къул басæттын. Иу уый. Дыккаг та, нæ фыдæлты æгъдау дæр кæй ныннæрдзæн, уыцы хабар уæ рох ма уæд. Зæгъдзысты: «Ау, уый та куыд у? Æгъдæутты сæрты куыд ахызтысты уыдон? Цæмæн нæ бафхæрдтой?»

– Фыдæлты æгъдæуттæ афтæ ныннæрæнт, æмæ фæйнæрдæм дургай куыд азгъæлой! Атæппæт фыдбылызтæ, хинтæ æмæ царды марг уыдоны къæбиц у, – загъта Æхсар.

– Рæдыды комы æхсырфæмбал!

– Иуныхасæй, фæстæмæ здæхгæ нал у.

– Уый дын нæ барын, Æхсар. Цыма фæстæмæ ралыгъдыстæм, уыйау нæ æмбарыс. Нæхи дзы нæ аууон кæнæм. Мах нывонд стæм дæ фæстæ. Мæлæтæй диссагдæр æмæ тæссагдæр ницы ис царды мидæг. Тынг æнцонæй исæм мах уый не ʻмгардзинады тыххæй.

Æхсар куыддæр къуылымпыгæнгæйæ райдыдта ныхас кæнын:

– Æз цард æмæ хъысмæтæй ме сæфт уыдтон абоны онг, фæлæ йæ мæнæ гъеныр уынын: ис дзы адæймагдзинад дæр æмæ æвуæнк дæр. Æмæ адæймагдзинад æмæ æвуæнк цы царды ис, уый фæрнæйдзаг уæд. Цагъары цард та у хæдмæл, уым ад нæй.

Æмæ цагъарæй, хæдмæлæй мæ цард æрвитыны бæсты, æз иттæг зæрдиагæй æмæ зæрдæрайгæйæ хизын уыцы стыр артмæ. Уадз æмæ царды судзгæ къæйыл аззайон æртхутæгæй. Мæнæн здæхгæ нал у! Темыр, дæ хорзæхæй, ды ацы фæстаг бонты Сафирæты кæд федтай?

– Тæккæ знон.

– Æмæ куыд у йæ зæрдæйы афæлгæст?

– Æмæ дæ хъуамæ уый мæт та цæмæн уа? Хæфс у, калмы дзыхмæ цæуы, æмæ кæд дæ бон у, уæд æй фервæзын кæн!

– Темыр, мæ ныхас дæм аипп ма фæкæсæд, фæлæ денджыз æмæ сылгоймаджы зæрдæ фæливаг сты.

– Раст зæгъыс, Хаджумар, фæлæ денджыз ныртæккæ æнцад у. Фыдуадæй йын ма тæрс.

– Цæй, цы уа, уый уæд!

Ууыл сæ ныхас фæци.

* * *

Æхсæв. Хабæты галуаны Сафирæты уатæй цырагъы рухс цæуы. Уым стъолы фæйнæфарс бадынц Сафирæт æмæ йе 'мгар Аминæт. Кæд сын цырагъ сæ цæсгæмттæм тынг рухс кодта, уæддæр сæм афтæ касти, цыма талынджы бадынц. Аминæт ныккæсы Сафирæты цæстытæм æмæ йæм сдзуры:

– Сафирæт, цæттæ стæм ныр, фæлæ ма йыл ахъуыды кæн иу хатт.

– Аминæт, мæ зынаргъ æмгар, ницыуал дзы ис хъуыдыгæнинаг, иуыылдæр хъуыдыгонд сты. Зæрдæйыл гуыдыр куы сæвæрай, уæд уый хуыйны ахст. Уырдæм ын дæтт къæбæр, æмæ дын ахæстоны хицау, цы йæ фæнды, уый кæндзæн.

– Раст зæгъыс, мæ зынаргъ хо, уæззау сты уыдон иуыылдæр, фæлæ мæнæ ныр ды цы сфæнд кодтай, уый дæр, рох дæ ма уæд, рог æмæ аслам нæу.

– Уынын æй, Аминæт, фæлæ нæхи ныводæн æрхæссæм нæ хоты цагъардзинады ныхмæ тохы. Уадз æмæ дзы фесæфæм æз æмæ ды. Сæрибар, рæстдзинад – уыдон къухмæ лæвар нæ цæуынц.

– О, Сафирæт, уыцы ныхæстæ куы кæныс, уæд дæ цæсгом цæй рæсугъд у! Хæлæг дæм кæнын. Афтæ мæм кæсы, цыма нæ цагъардзинады рæхыстæ тонгæ æмæ мургæнгæ цæуыс. Цæттæ дæн æз алцæмæ дæр, ды цы зæгъай, уымæ, Сафирæт!

Аминæтæн йæ ас у рæстæмбис, ис ын рæсугъд, арф хъуыдыджын цæстæнгас. Фæлæ йæ цæсгомы цъар у уæлæнгай хæбуз-

дзыхъхъытæ. Кæд æмæ йæ фындз чысыл тъæпæнгомау у, уæддæр ын йæ урс дæндæгтæ, йæ аив æнгас æмбæрзтой йæ цæсгомы хъуагдзинæдтæ. Уæлдайдæр-иу йæ даргъ цæстыхаутæ куы фегом сты, уæд ын йæ сурæтæн иттæг рæсугъддзинад лæвæрдтой йæ дынджыр сау цæстытæ.

Мæнæ уатмæ æнæнхъæлæджы æрбацыд æртыккаг чызг Дзерассæ. Ныллæггомау, тымбыл сылгоймаг. Дзылаты хæстæг. Уый у ахæм адæймаг, æмæ уарзондзинадæн аргъ чи нæ кæны, фæлæ афтæ чи зæгъы: бахæрон, бафсæдон, уымæй фæстæмæ цыфæнды дæр уæд, бар йæхи. Чызг дуарæй куы бахизы, уæд йæ риуыдзаг хус худт никкæны æмæ сдзуры:

– Цæй æнкъардæй бадут? Дæ бонæй уай, Сафирæт, Дзылаты хæдзармæ чындзы чи цæуы! Царв æмæ æхсыры дæ къухтæ дардзынæ. Ивæзгæ дзыкка дæ зæрдæ куы æрцагура – акæндзынæиу æй, дзадджджын уæлибæхтæ... Дæс хъуджы-иу куы радуцай! Замманай глази къабатæй къул йæ тæккæ дзаг. Цары, фæндзгай азтæ кæуыл цæуы, ахæм фиутæ. Цыппар æфсымæры – тиутæ, амæй ай хуыздæртæ. Цы дын у, сæ дзабыртæ сын-иу сæрфтæй райсомæй-райсоммæ сæ разы авæрдзынæ. Дæс хъуджы родтæ сæрвæтмæ ратæрын дæр зæрдæрухсдзинад у. Бон-иу цыппар хъуылæджы куы цæгъдай!..

Стæй Дзерассæ уæззау ныуулæфы æмæ та йе 'мгарæн фæзæгъы:

– Уæдæ, уæдæ, Аминæт. Иуæй-иутæм дзы цы амонд æрхауы! Кæсыс нæхи Сафирæтмæ. Мæцæлы цады ленк кæны æмæ ма мах мæтæй мæлдзæн. Чындзæхсæвæн та дыууæ галы цæттæ кæнынц, нæртон фесты сæ лæвæрттæ.

Уыцы ныхæстæм Сафирæт мæсты кодта, фæлæ йæхи тыххæй урæдта. Стæй хъазгæмхасæнты сдзырдта:

– Тæрсгæ ма кæн, Дзерассæ, хъуылæг-иу иумæ цæгъддзыстæм æмæ дын-иу къæртайы дзаг мисыны дынджыр нæлхæ уæхимæ хæссынæн нысхойдзынæн. Йæхæдæг Аминæтимæ фемдзаст уæвгæйæ æнæбары бахуды.

«Бæрзæйдих дæ Хуыцау фæкæнæд, кæд кæцæй æрбахаудтай!» – хъуыды кодта йæхинымæр Сафирæт. Стæй уалынмæ Дзерассæмæ кæртæй сæ гыццыл лæппу æрбахъæр ласта:

– Дзерассæ, нана дæм дзуры!

* * *

Дзылаты Джетæгъæзы хæдзары ис стыр змæлд. Адæм хъæлдзæгхуызæй цæуынц, хуынтæ хæссынц.

Залдуз, хæрзхуыз зæронд ус, йæ дадалитæ аив уагъдæй хуындзаутæн арфæ кæны æмæ сын сæ хуынтæ исы. Куы сæ сбæлвырд кæны, уæд устытæн æмбарын кæны æппæт хуынарæзт куыд рæсугъддæр æмæ бæркаддæрхуызæй равдиса, ууыл архайгæйæ:

– Мæнæ уый у йæ мадыфсымæры хуын, мæнæ уыцы алæмæты хуын та – йе 'мдзуарджыны...

Залдуз фенддњын ус у. Хуыны кад, хуыны ахадындзинад уый хуызæн ничи сараздзæн. Йæ къухæй ахæм хуынтæ бирæ ацыдис. Канд Дзылатæм нæ, фæлæ хъæубæсты дæр куы вæййы ахæм хъуыддаг, уæд йæ аивгæнæг фылдæр хатт уый вæййы. Хæдзары уыди хистæр зæронд лæгтæ. Æмæ сæм Залдуз бадзуры йæ хуыны цурмæ:

– Æркæсут, мæ хуртæ, мæнæ Дзылаты хуынмæ Хабæтæн.

Бицко æмæ Гæбыл зæрдиагæй раарфæ кодтой Залдузæн. Гæбыл ма Залдузæн зæрдæлхæнæн ныхас скодта:

– Залдуз, дæ хуын иттæг нæртон у. Тынг кад кæныс Хабæтæн, бæрзонд сæ кæныс, æмæ дын Хуыцау раарфæ кæнæд.

Залдузы фарсмæ лæууыд Чесæду, тæнæгæфсæр, цыргъфындз, бæрзонд, къæсхуыртæ сылгоймаг, Джетæгъæзæн йе 'мхæрæфырт.

– Гæбыл, уæддæр хуынæн йæ ахсджиагдæр дзауматæ ам нæма сты: кæсæмертæ æмæ урс цыллæ хызтæ, – фæзæгъы Залдуз.

– О, уæдæ ма дзы кæд уыдон дæр ис, уæд æз фын уынын, фын, Залдуз. Хуыцау, дæхистæн, ай онг фæцардтæн æмæ ахæм диссаджы хуыныл никуыма сæмбæлдтæн.

Гæбыл æмæ Бицко тынг буцæй рацыдысты Дзылаты хæдзарæй... Фæндагыл сын нозтрæвдыдæй ныхас бацайдагъ.

– Хетæджыстæн, цард цытæ кæны, уый йæхæдæг дæр не 'мбары, – дзуры Бицко. – Ахъуыды-ма кæ, дæ хорзæхæй, Гæбыл, утæппæт хъуыддæгтæ æмæ бæркæдтæ Хуыцау Дзылаты хæдзармæ куыд сарæзта!

– О Бицко, алцыдæр Хуыцауæй аразгæ у.

– Æмæ цавæр Хуыцау у, уыдоны амонд йеддæмæ кæй рæвдауа, уый нал ис?

– Амонд дæ уæд, Бицко, амонд, уыййеддæмæ цыфæнды дæр у.

Куы ахъуыды кæнай, уæд диссаджы хъаруджын сты Дзылатæ. Гъер Джетæгъæз мæ хæстæг у, Фидараты Æхсар та мын ницы бавæййы, фæлæ Æхсары раз Джетæгъæзæн баком, уый мæнмæ тынг диссаг кæсы. Æхсар саджы фисынтыл амад, арты хуызæн лæппу, Джетæгъæз та? Йæ конд – хлепайы куырисау. Иу адæмы хуызæн ныхас дзы нæ фехъусдзынæ, фæрæтхъæд куы фæамайы, уæд дæр ын авд хæлды фæкæны.

– Æниу ма йын дæ разы йæ цæстмæ бакæс: сахъат ын куы у.

– Уæ, дæ бон мын дæхи фæндиаг уа, Бицко! Уыдон, мæ хур, иууылдæр исбон æмбæрзы, исбон. Хъуыддаг мулк у, мулк. Федтай стъолыл? Фæхсынтæ æмæ кæсæмер къабайæгтæй бынмæ æрцæйтыдта æви нæ? Гъеуæд, мæ хур, лæг къуылых дæр æмæ сохъхъыр дæр нал вæййы... Сырды арт ратæры, зæрдæйы цы вæййы, уый та нозт зæгъын кæны.

Гъе, афтæ ныхасгæнгæйæ сæ алчидæр йæ хæдзарыл сыкъадзæфæй сæмбæлди.

*Уыдзæн ма*

# ЦЫРЫХАТЫ МИХАЛ: 95 АЗЫ



*ЦЫРЫХАТЫ Михал*

# ХÆХТЫ ЗÆЛТÆ

* * *

Æргуыбыр кодтон комы донмæ, –
Йæ сусæг зæлтæ йын куы ссарин,
Уæд уын, æмгæрттæ, ахсæв-бонмæ
Æз хæхты уадындзæй фæзарин...

Фæлæ дон уадзы комы дугътæ, –
Йæ фæндыр искæмæн кæм дætты!
Уæддæр дзы ауагътон мæ къухтæ,
Æмæ мын ме ‘нгуылдзтæ фæсæтты...

Дон уайы... Абухы... Ысмæсты
Æмæ мæм дзуры:
«Кæд къæрных дæ?..
Мæ зæлтæ дæу, мыййаг, куы нæ сты,
Уæд сæ цы ныссагътай дæ ныхтæ?..»

*1966*

* * *

Фæтызмæг арв...
Цыма æваст
Хох арвы срæхуыста йæ сытæй,
Æмæ дзы исы ныр йæ маст
Зынгджын зылын-мылын ехсытæй...

Фæлæ нæ сæтты хох уæддæр, –
Æрвæрттывд фескъуыны йæ тигътыл,
Æмæ зынг ехсыты цæхæр
Арт бандзары мылазон мигътыл.

Уадз, арв
Нæрæд æмæ нæрæд
Нæ балцы даргъ фæндагыл махæн,
Æрттивæд арв æмæ нын кæд
Æхсæв дæр бабæззид цырагъæн!

*1966*

## ÆДДÆСОНДМÆ

Хæххон уддзæф цъил фестади уæ кæрты,
Фæлæ дæхи ды талынг уатмæ байстай;
Ыстъалытæ фæтахтысты дæ сæрты
Æмæ дзы иуæй рухсы цъыртт нæ райстай.

Æз федтон иухатт: уалдзæджы уæ фæскъул
Сывæллон хъазыд, хъазыд æмæ ради, –
Нæ худтæ ды... Дæуæн дæ сæр куы æркъул,
Æмæ дæ зæрдæ бур сыфтæрау руади...

Бæрæгбон уыд...
Æз дæ хуыдтон нæхимæ,
Ды та мæ рæзты ныккæндмæ фæраст дæ
Æмæ ныстай уым уазал дон цæххимæ,
Цæмæндæр уынгмæ тарæрфыгæй кастæ...

Цы диссаг у!..
У царды фæндаг не ской,
Уæззау æргъæмттæй не скæнæм фæлмæцгæ, –
Дæуæн æрмæстдæр тихалæг ис де 'ккой,
Фæлæ йæ быны зæххы онг æркъæдз дæ...

*1965*

## МÆ ЦÆССЫГТÆ

Кæд искæйы æфхæрд зæрдæ
Ысрухс кæнат сæрддон бонау,
Мæ цæссыгтæ, мæ цæссыгтæ,
Уæд абузут хæххон донау!

Кæд икæмæн уæззау заман
Цæхх байзæрат йæ мæстытыл,
Мæ цæссыгтæ, мæ цæссыгтæ,
Уæд байсысут мæ цæстыты!

Кæд искæмæн йæ цины бон
Æрызгъæлат йæ къæсæрыл,
Мæ цæссыгтæ, мæ цæссыгтæ,
Фæуарут уæд мæ урс сæрыл!

Кæд искæмæн йæ дард балцы
Йæ фæндагыл ысмалтæ уат,
Мæ цæссыгтæ, мæ цæссыгтæ,
Ныддымæд уæ уæд залты уад!

*1964*

## НÆ ЙÆ ИСЫН

Ныллæг цыртыл ызгъæлдысты
Бæрз бæласы цъæх сыфтæртæ,
Ныллæг цыртыл ысхылдысты
Кæм таугæрдæг, кæм къутæртæ...

Кæддæр, зæгъынц, ам аскъуыди
Кæйдæр фæндаг нæ тохы бон.
Кæй чызг уыди?
Кæй фырт уыди?
Куыд æм дзурон?
Куыд æй хонон?..

Бæрз бæласыл сæууон æртæх
Цæстысыгау æрцауындзæг.
Æмбæхсы мæ цыдæр бæллæх...
Мæ зæрдæ йæм æрбауынгæг...

Куы йæ райсин...
Нæ йæ исын, –
Мæ къухты ‘хсæн куы айсыса,
Мыййаг мæм дзы уæззау хъæрзын,
Æнкъард ныхас куы райхъуыса.

*1961*

## МИДХЪУЫРДУХÆН

Цæуынц, бырсынц æнæнцой фурдау дзыллæ,
Кæдæмдæр уадау астъæлфы сæ хъæр,
Цыма сын нал ис уацамон, хъыбыллæ,
Цыма сæ ферох хурвæрдыг кæмдæр...

Фæцудынц бонтæ, сауæрфыг изæртæ
Ныццагайынц æрвгæрæтты гуыр-гуыр,
Æмæ ыстыхсы хаттæй-хатт мæ зæрдæ:
«Тæхуды, фервæз ацы дугъæй ныр!..»

Æмæ фæлладæй бонрухсæй фæкурын:
«Æрæнцойæн мын иунæг æхсæв ратт!»
Фæлæ мæм зæрдæ тарстхуызæй ысдзуры:
«Уæд дыл ыскæндзæн сау пъæззы бæхбадт.

Ды уæд уыдзынæ барæгæн йæ ауон,
Æмæ ехсы къæрцц нал ахсдзæн дæ хъус,
Ыслæсдзæн искуы де стæгдарæй уаллон...»
Æгъгъæд, æгъгъæд – æгас æрцæуæд рухс!

Æнцой, æнцой, дæ тарф хуыссæг мыл ма кал,
Фæсахсæвæр мын макуы кæн мæ уат!
Фæлтау æрцæуæд разбырсты мæ адзал –
Кæм судзы арт, кæм къуыс-къуыс кæны уад...

*1978*

## ÆХСЫНÆНЫ ЗИЛЛАККАУ

Тар æхсæв къæдзæхтæй систа йæ саутæ.
Ауæттæ лæнкмæ фæхилынц.
Сауцæст æхсынæны бур цæстыхаутæ
Райсомы хурырдæм зилынц.
Сау рæсугъд, сау рæсугъд, афтæ æз дæр
Зилын дæ фæдыл... Ысдзæгъæл мæ сæр...

Цъити фæлмæмбæрзтæй урсхъулон дары.
Арвы цъæх мигъты лæзæры.
Далæ та быдыры фемæхсти уарын, –
Дымгæ йæ хæхтæм фæтæры.
Фæлæ æхсынæны зиллакк уæддæр
Арвырдæм хурагур систа йæ сæр.

Цыма фæцæудзæни уырдæм чындзы...
Уыйау дæ фæдыл мæ зæрдæ тындзы!

Хуры дыдзы тын ма айнæгыл хъазы,
Коммæ фæстаг рухс æппары,
Хохрæбын уадымс цæуылдæр дзыназы,
Лæнчы та къададон зары...
Уартæ æхсынæны зиллакк æрмæст
Дары ныгуылæнмæ – хурмæ – йæ цæст.

Сау рæсугъд, сау рæсугъд, афтæ æз дæр
Зилын дæ фæдыл... Ысдзæгъæл мæ сæр...

Тар æхсæв ралæууыд... Бæстæ фæсаутæ.
Æврæгътæ арвыл лæсынц...
Сауцæст æхсынæны бур цæстыхаутæ
Зæхмæ æнкъардæй кæсынц...
Сау рæсугъд, афтæ æнæ дæу æз дæр
Арæх æруадзын мæ риуыл мæ сæр...

*1971*

## ЦÆСТЫТÆ

Цæстытæ...
Мæтасæст цæстытæ,
Цы дымгæ дзы систы, цы уад?
Цы сагъæс, цы судзгæ мæстытæ
Уым хатгай фæлæууынц æнцад?..

Цæстытæ...
Æнæнцой цæстытæ...

Куы денджыз, куы уалдзæг, куы хъызт,
Куы карды æгъатыр дзæхстытæ,
Куы хъамайы дудгæ рæхуыст...

Цæстытæ...
Мæ сæнтты цæстытæ.
Куы цъити, куы айнæг, куы зæхх,
Куы суадæтты сусæг хъæзтытæ,
Куы райсомы здыхуыз æртæх...

Цæстытæ...
Зынгифтыгъд цæстытæ, –
Куы сау мигъы катай, куы арт,
Куы арвы цыргъ фæтты æхстытæ,
Куы хуры зæрин тынты уард...

Цæстытæ...
Куы ирд бон, куы уазал...
Цы зæд уæ ыстæхдзæн, цы маргъ?
Æви уæ æмбæхст у мæ адзал?
Æви уæ мæ фæндаг фæдаргъ?..

*1977*

## ХЪÆУУАТ

Рудзынг бакуырм, –
Рухс нæ уадзы
Рагон къонамæ хæстæг.
Ердо бафынæй,
Цыма дзы
Арвмæ никуы скалд фæздæг.

Дуар – куырмæхгæд,
Сара – талынг.
Фæскъул – хъамылæй æмбæрзт.
Сасир, тебæ, къæрта, арынг –
Къуымты алырдæм æппæрст.

Ныхас – афтид,
Кæрт – æдзæрæг,
Систыл нал баззади дур...
Лæнчы къахвæндаг – æбæрæг,
Сæрвæт залгъæдæй ысбур.

Уым ма хатгай
Зултæ-мултæй
Калм фæцæйбыры æрмæст.
Мæсыг... –
Уымæн та йæ къултæй
Зæхмæ сау хъуына æрлæст.

Уартæ уæлмæрд дæр... –
Уым мардыл
Рагæй нал фæци кæуæг. –
Дон кæмæн ныккалд йæ артыл,
Ничиуал æм ис цæуæг...

Дымгæ...
Дымгæ та фæдисы
Уынгты иунæгæй тæхы.
Куы нынниуы, куы нытътъизы,
Цыма адæмæн зæгъы:

«Мæнæ ацы рох хъæууаты
Сбадт фыдæлты кадыл рыг.
Хур бон,
Уалдзыгон къæвдаты
У мæ æмдзæрин йæ хъыг...

Далæ арф коммæ уæлвонгæй
Хъæуæн ахаудта йæ зард...
Цæй-ма,
Рацæут æм ногæй,
Раттут уазал зæххæн цард!»

*1989*

*НАФИ*

# СОСО БАДЗУРЫ

## *Уацау*[*]

Ды хæргæ кæн, мæ уазæг, мæнмæ ма кæс. Лæппуйæн йе 'фцæггот дæр хæргæ кæны. Æз та зæронд лæг, мæнæ бæгæныйыл мæхи аирхæфсдзынæн. Æ, Рагъы бæрзонд дзуар, бæгæныйæ дæр дын кувæм æмæ нын æххуысгæнæг у! Мах дæ фæдонтæ стæм æмæ нын ды та нæ царды фæндæгтæ рæстæрдæм здахæг у!.. Дзæбæх бæгæны цыма у, фен ма йæ ды дæр. Æз та мæ ныхас фæуон. Иугæр Сосойы кой æрæфтыдтам, уæд ын йæ хабæрттæ, мæ зæрдыл дзы цы лæууы, уыдон æххæст радзурон. Ды дæр ма дыккаг хатт ардæм кæм цæудзынæ. Куысты лæг дæ æмæ дæ зæронд лæгтæ æмæ зæронд хабæрттæм кæм æвдæлдзæн?..

Сосойы дзырд раст рауади. Хæст фæци, Микъала паддзахы раппæрстой, нæ уæзæгмæ та æрыздæхтыстæм. Фæлæ ам дæр тыхст æмæ уырыдæй æррыйæфтам адæмы. Æмæ та нæ хæдзæртты хъуыддæгтыл багуыбыр стæм. Сосоимæ иу цалдæр хатты федтам кæрæдзи, нæ дарддæры цардыл дæр-иу атæрхæттæ кодтам, фæлæ нæм бæрæг фæнд ницыма уыд... Æмæ та-иу фæфардæг стæм нæ хæдзæрттæм, нæ мæгуыры бонтæ тыдтам раздæрау...

---

[*] Кæрон. Райдайæн журналы ацы азы 1-аг номыры.

Цы уыд, куыд уыд, фæлæ иуахæмы Сосойы зæрдæмæ тынг фæцыди иу чызг мæ мадырвадæлтæй. Сосо мæ уый фæдыл иттæг зæрдиагæй æрцагуырдта. Бацыдтæн йæ хъуыддаджы, мæ бон цы уыд, уымæй. Æрхаста ус, йæ чындзæхсæвы дæр фæдæн, чындзæмбалы хуызы. Фæцин кодтам, уæдæ цы... Æнхъæл уыдтæн, зæрыбонтæм адджынæй фæцæрдзысты ме ‘фсымæр æмæ мæ мадыхо, фæлæ хъуыддаг бынтон иннæрдæм рауад... Сосо абырæджы къухæй фæмард... Мæ мадыхо иу-цасдæр идæдзæй абадт, стæй ацыд йæ фыды хæдзармæ æмæ йæ уый фæстæ иу фæрныг, Нафи, зæгъгæ, Гæджитæй, уый ракуырдта... Диссагæй дзы ницы ис – цард цард у, фæндонæй нæу æмæ цы кодтаид уæдæ æрыгон сылыстæг? Фæлæ мæ зæрдæйæн абоны онг дæр цыдæр æнæхаиры хъыг у... Зыдтон Нафийы дæр. Æвзæр лæг нæ уыд, комбæсты нымад лæг, фæлæ-иу æй куы суыдтон искуы фæндагыл дæр, уæддæр-иу, мæхи фæсфæд аластон, раст мæ цыма туг дардта. Æниу цы азымджын уыд мæ разы, науæд Сосойы раз?.. Ницы. Фæлæ мæ куыдзы зæрдæйæн хъыг уыд æмæ мæ нæ фæндыд йæ уынын дæр, йемæ дзурын дæр. Мæ мадыхойыл дæр мæ къух ауыгътон. Мæ зæрдæ йæм фæхъæбæр æмæ йæ æвваxсмæ никуыуал æрцагуырдтон... Загътон: цæрæнт сæхицæн!.. Иугæр Сосо нал ис, уæд мæ уый дæр нал хъæуы. Нæ мæ фæнды сæ уынын дæр, сæ зонын дæр...

Салдатæн, æвæццæгæн, йæ хæсты рад йæ фæдыл æфтыд у хуыцауæй. Германы хæстæй куы æрыздæхтыстæм, уæд иу афæдз нæма рацыд, афтæмæй та нæуæгæй хæсты смидæг стæм. Уый Сацхереты хæстæй зæгъын. Мæнæ Исахъхъы зарæг зондзынæ. Уый Харебаты Исахъхъыл скодтам, Сацхереты хæстыл. Æцæг, дыууæ зарæджы сты: иу дзы быдыры фæсивæд скодтой, Зиулеты салдат, иннæ та мах, Къуыдары салдат... Уым, Сацхереты хæсты, Сосоимæ иумæ уыдыстæм. Уæд ма æнæус лæппу уыд æмæ иунæг лæг та хæстмæ æнæзивæгдæр у. Сацхереты хæсты Къуыдары фæсивæд иу-æртæфондзыссæдзæй уыдысты. Айдагъ нæхи хъæуæй дзы æхсæрдæс лæппуйы уыд. Исахъхъ та йемæ дæс æмæ ссæдз лæгæй фылдæр не ‘ркодта. Фæлæ зарæг уæддæр уый хай фæкодтам. Мард удæгасæй хистæр у фæстагæтты цæсты. Æмæ уый мæнмæ раст кæсы. Уымæн æмæ удæгас лæг æнæзарæг дæр фæцæрдзæн, фæлæ мард цы кæна?.. Кæд ын зарæг бавæра йæ ном, æндæр ын чи радзурдзæн адæмæн йæ хорз æмæ йе сгуыхт?.. Йæ хионтæ? Чи йæ уарзта, уыдон? Æмæ цы сæ бон у?

Мæнæн Сосо æфсымæр лæг уыд, фæлæ йын цы мæ бон у? Зарæг куынæ уыдаид, уæд ын ды йæ кой хъусгæ дæр никуы фæкодтаис. Ды дæр зарæджы фæдыл æрбацыдтæ. Уый нæй, уæд абон ам нæ уаис. Æз дæр кæмæн фæдзурин мæ зæрдæйы фæндийаг Сосойы таурæгъ? Мæ цахъхъæнтæ йæ сæхæдæг дæр зыдтой, дзурын сын æй нæ хъæуы, кæстæрты та рагон мæрдтæ не 'ндавынц... Аргъæуттæ уарзынц, уыдонмæ хъусынц, фæлæ æцæг лæджы коймæ чи хъусы, кæй хъæуы?..

Раст дын куы зæгъон, уæд æз – хуымæтæджы салдат – цы хъуамæ æмбæрстаин Сацхереты хæстæн? Цæуыл у, цæуыл хæцынц уым адæм, цы агурынц? Герман Уырысмæ æрбабырста æмæ йæ аздахын хъуыд, уый мын дзырдтой æмæ йæ æмбæрстон, кæд ыл тынг нæ тыхстæн, уæддæр. Фæлæ Сацхереты гуырдзы сæ гуырдзиаг хицæуттимæ цæуыл схъуырæй-хъуырмæ сты, уымæн æз цы зыдтон? Стæй уым мæ сæр цæмæн бахъуыд, æз та цы хорзы фæдыл тъыстон мæхи сæ хылы, уымæн дæр ницы зыдтон. Нæ дæр мæм уырдæм цæуыны зæрдæ уыди. Мæ зæрдæ æнæуый дæр хæстæй цъæх уыд æмæ ма йæм мæхи къахæй цыдаин, уый мæ нæ фæндыд, раст зæгъгæйæ...

Гъе, фæлæ мæм иу изæр æрбацыд Сосо æмæ йæ сæхимæ талынджы нал ауагътон. Æхсæвы нын мæ мад мæнгагъуысты фæрсæй-фæрстæм бауат кодта æмæ нæм бирæ радзур-бадзур уыди, суанг кæркуасæнтæм. Фæдзырдта мын, куыд æмæ цæуыл у хъуыддаг, цы йæ хъæуы Сацхереты, цы агурынц уымы гуырдзы сæ хицауадæй, стæй цæуылнæ фæуд кæны хæст Уырысы зæххыл. Бамбæрстон фыццаг уый, æмæ Сосо раздæры Сосо кæй нал у, бирæ цыдæртæ кæй базыдта æмæ кæй бамбæрста царды зилдухæнты. Дыккаг та уый, æмæ мæнæн раздæрау Сау хохы фыййау кæй у, фæлмæнзæрдæ æмгар, растлæг, æфсымæр лæппу...

Цы йын кодтаин, сразы дæн йæ ныхасыл: иугæр Сацхереты гуырдзыйæн, нæхи хуызæн куыстдзагъд æмæ мæгуыр глехтæн сæ фарс рахæцын хъæуы, уæд цæуын. Фæдисмæ, зæгъын, сæры къуыдыр дæр куынæ лæууы, уæд æз хæдзары цы хуызы фæбадон?.. Ноджы иугæр ме 'фсымæр салдат Сосо цæуы, уæд æй иунæгæй куыд ауадзон? Уæд-та ма йыл исты 'рцыд, уæд мæ мæлæты бонмæ мæхи азымы дардзынæн: йæ фарсмæ куы фæуыдаин, уæд, чи зоны, ууыл дæр ницы 'рцыдаид.

Фæцыдыстæм та салдаты, уæдæ цы... Хæмпæлгомы ныккæсæнæй

Сацхереты ‘рдæм куы фæуырдыг кодтам, уæд мын худгæйæ мæ уæхск æрхоста: «Æдт, салдат, иу хæстæй æрыздæхтæ æмæ иннæмæ фæцæуыс дæхи къахæй!» Загътон ын: ды дæр хуыздæр ран нæ дæ, ме ‘фсымæры къуындзих! Германы хæстмæ кæйдæр бæсты фæцыдтæ, чидæр дæ сæры аргъмæ йæхи балхæдта, ам та уыцы æдылы сæр дæхæдæг цæхæры тъыссыс!..» «Цæхæрæй раст зæгъыс, Урс хохы фыййау, фæлæ йæ тъысгæ зонды фæдыл кæнын, æдылыйæ нæ хуыцау бахизæд!» – дзырд хъазынмæ аздæхта Сосо. Урс хохы фыййау мæ рагæй хуыдта. Ацы зарæг бирæ уарзта æмæ-иу мын йæ дзырд уый фæци, Худисæны рагъыл-иу куы фембæлдыстæм, уæд: æз æмæ дæу тыххæй у ацы зарæг. Æз Сау хохы фыййау дæн, – кæйдæр фос хизын, ды та Урс хохы фыййау, – ды дæхи фос хизыс!..

Сацхереты хæцæны дæр-иу изæрыгæтты фæсивæд куы батымбыл сты йæ алыварс, уæд-иу ацы зарæг æнæмæнг ракодта... Тымбыл та йыл æдзух кодтой. Раст цыма мыдыбындзытæ уыдысты, уый та сæ мад, уыйау ыл æндæгъдысты... Куы дын дзырдтон, цыдæр магнит æм уыди æмæ уый лæджы зæрдæ йæхимæ ласта... Æнæмæнг афтæ уыди, æндæра ахæм диссаг никуы федтон: утæппæт фæсивæдæй кæмæнфæнды цыфæнды загътаид, – алчи дæр-иу йæ уæлвæд цæуынмæ фæци, иннæтæ та-иу ын лæгъстæ кодтой, мæн арвит уый бæсты, зæгъгæ...

Гъе, æмæ-иу ыл куы атымбыл сты, уæд-иу сын куы цы дзырдта, куы цы, фылдæр худæн ныхæстæ, фæлæ-иу уæддæр фæстагмæ зарынмæ раздæхт æмæ-иу æрвылхатт йæ дзырд уый уыди: «Цæй, Къуыдары салдат, ныр та æз æмæ Хъасболы зарæг акæнæм. Кæм дæ, кæ, Хъасбол, æви дæ гуыбынмæ хъусынтыл фæдæ, хорз лæг?.. Нæ дыууæйæн нæ фыййауы бонтæй фæстæмæ иу зарæг уыди æмæ йæ Германы хæстмæ дæр немæ фæхастам. Ам дæр хъуамæ немæ уа, кæд нæ нæ рох кæнид, фыййау лæппутæ кæй стæм... Уым, Германы хæсты, афтæ бадзырдтам: мæнæ хæстытæ куы фæуой иууылдæр, салдаты сæр куы никæйуал хъæуа, уæд фыййау фæцæудзыстæм фыдæй фыртмæ. Нæ лæппуты дæр фыййау сахуыр кæндзыстæм æмæ нын нæ зарæг кæндзысты:

*Ой, о-ой, Саухохы фыййау, ой!*
*Сау хохы фыййау Урс хохмæ дзуры,*
*Ой, мæ бон!*
*О-ой, бецау фыййау!..*

Ævæджиауы лæг уыди æмæ йын, æвæццæгæн, цæрын дæр уымæн нæ бантыст...

Иу миниуæг æм уыди хæсты уавæры, – аудаг лæг уыди. Лæппу салдатæн цума арæх кодта. Чысыл исты, уæд кæстæртæм дзырдта, æцæг салдаты нæ тыхсын кодта. Фæлæ исты зын хъуыддаг, зæгъгæ, уæд та æцæг салдатмæ дзырдта, хæсты фæлтæрд чи уыд, уыдонмæ. Разведкæйы искæй æрвитын хъæуы, уæд æрмæст, хæсты цæхæры чи фæци, уыдон æрвыста. Стæй йæхæдæг дæр æдзух немæ цыд: æз, дам, санитар дæн, æмæ уæд та æмæ исчи фæцæф, уæд ын æнæ мæн цы кæндзыстут? Уый йе 'фсоны сæр уыд, æцæгæй цы уыд йæ хъуыдыйы, уый та мын иухатт хибарæй загъта: «Хъасбол, ды æцæг салдат дæ, æмæ дæу хицæнæй дæр ауадздзынæн, зыбыты иунæгæй, фæлæ искæй æвæлтæрд лæппуйы куыд арвитон? Исты йыл куы 'рцæуа, уæд цы зæгъдзысты адæм?.. Йæхæдæг йæ сæр бафснайдта, кæйдæр сывæллоны та мæлæты дзыхмæ арвыста!.. Уый худинаг у æмæ йæ куыд æрхæссон мæ сæрмæ?.. Мемæ куы уа, уæд æй бахиздзынæн, фæлтау мæхи сæр баппардзынæн цæхæры æмæ мæм худинаг не 'рхаудзæн...»

Нæ, Сосо йæхи сæр бахизыныл никуы тыхст хæсты быдыры дæр. Уый мæхи цæстæй уыдтон бирæ хæттыты, æндæра йæ кой дæр не скæнин. Искæй фыдбылызæй бахизыныл та йæхи хъардта. Стæй канд хæцын кæм хъуыд, уым нæ, фæлæ зондæй архайын кæм хъуыд, уым дæр...

Мæ зæрдыл абоны онг лæууы иу худæджы хабар Сацхереты хæстæй. Исахъ æмæ Сосойæ уыд ахæм фæдзæхст: мах, Иры хæстон фæсивæд, Сацхереты гуырдзыйæн, мæгуыр адæмæн æххуысмæ рацыдыстæм. Уыдон сæ барты сæрыл хæцынц, мах хуызæн мæгуыр кусæг адæм сты æмæ хъуамæ сæ фарс балæууæм. Искуы тыхст куы уæм, уæд та нæм уыдон фæзындзысты фæдисы. Уый у нæ хæсты сæр æмæ йæ уæ зæрдыл дарут. Мæнæ исчи амы адæмæй искæй фæхъыг дардта, уæд ын хатыр нæй – æхст æрцæудзæн, куыд худинаггæнæг!..

Уыцы тæрхоныл сразы стæм не 'ппæт дæр: æххуысмæ æрцыдыстæм æмæ сæ æххуысы бæсты хъыг куы дарæм, уæд уый стыр худинаг у, ныббарæн ын ницы хуызы ис!.. Фæлæ æрцыд ахæм хабар. Хуыбецтæй иу æрыгон лæппу иу хъæуы цурты фæцæйцыд, зæронд усы фæткъуытæ тонгæ федта æмæ загъта: цæй, иу чыргъæдыдзаг фæткъуытæ лæппутæн ахæссон. Зæронд усыл уымæй ницы 'рцæудзæн, бæлæстæ – зад, дыргъдон –

дардыл. Къуыдары та дыргъ нæ зайы æмæ хохаг лæппутæ фæйнæ фæткъуыйæ сæ ком суадздзысты...

Æрбахаста фæткъуытæ æмæ сæ лæппутæ ахордтой, уæдæ цы уыдаид... Фæлæ Исахъхъы хъустыл æрцыд: чидæр Иры хæцæг фæсивæдæй гуырдзиаг усæн йæ фæткъуытæ байста!.. Исахъхъ тынг смæсты, æрæмбырд нæ кодта æмæ йæ уæлвæд рабæрæг: фæткъуытæ байста Хуыбецты лæппу!..

Лæппуйы ракодтой адæмы астæумæ æмæ йæ иу чысыл къуыбырыл слæууын кодтой. Райдыдта нæ тæрхон. Исахъхъы нæ фæндыд, кæй зæгъын æй хъæуы, ахæм хабар нæ айхъуыстаид, уый æмæ фарста лæппуйы, кæд дзы исты ахæм базонид, йæхи цæмæй сраст кæна: кæд дын сæ мыййаг зæронд ус йæхæдæг радта? Нæ, загъта лæппу, мæхæдæг сæ рахастон. Уæд та сæ кæд кургæ ракодтай?.. Нæ, зæгъы, кургæ нæ ракодтон, гуырдзиагау нæ зонын æмæ йын цы загътаин?.. Хæсгæ сæ мæхæдæг ракодтон, фæлæ исгæ нæ бакодтон...

– Мард æрцæуа дæ хæдзарыл! – фæхъæр кодта Исахъхъ, – кæд уый та цы ныхас у: хæсгæ ракодтон, исгæ нæ бакодтон!.. Уæдæ ма ист куыд вæййы? Зæронд усимæ хъæбысæй хæцын дæ зæрды уыд? Йæ къухтæй йын сæ хъуамæ сыскъуыдтаис?.. Цы зæгъон ныр нæ гуырдзиаг æмбæлдтæн: исгæ нæ бакодта, хæсгæ ракодта æви куыд?..

Хуыбецты лæппу къуыппыл лæууыди марды хуызæнæй æмæ цы загътаид, уый нал зыдта. Бæрæг уыди, уымæн тыхæй исын йæ фæсонхæрхæджы дæр нæ уыди, фæлæ кæйдæр дыргъдонæй рахаста æнæхъæн чыргъæд фæткъуытæ. Фæрсгæ никæй бакодта, кургæ нæ ракодта æмæ уый ист у, уæдæ циу?!. Исахъхъы бынаты æз дæр ницы хуызы сраст кодтаин уыцы лæппуйы гуырдзийæгты раз. Уый дæр, мæгуыр, цы акодтаид, уый нæ зыдта æмæ адæмы ‘хсæнæй бацыд Хуыбецты лæппуйы цурмæ, тынг мæстджынæй радзырдта: «Мæнæ, гъе, нæ уæиг лæг! Зæронд усæй иу чыргъæд фæткъуытæ байсын йæ бон баци... Фæхудинаг кодта йæхи дæр æмæ мах дæр! Афтæмæй ма йæм бакæсут, йæ ас – ас, йæ уынд – рæсугъддæр нæ вæййы лæппуйы мыггагæй, афтæмæй та – худинаггæнæг!.. Нæ дзырд конд уыд: чи нæ фæхудинаг кæна, уымæн мæлæт – йæ тæрхон! Æз æндæр тæрхон нæ зонын, фæлæ кæд сымахæй искæмæ хуыздæр зонд ис, уæд æй зæгъуг. Искæй марын æз мæхимæ нæ исын. Тæрхон хъуамæ не ‘ппæты номæй уа. Зæгъут, уæ хорзæхæй!..»

Бамбæрстон æй, Исахъхъы ахæм карз тæрхон æрцæуа, уый нæ фæнды, лæппуйæн тæригъæд кæны, фæлæ йæ куыд сраст кæна, кæнæ раздæры тæрхон куыд аива, уый нæ зоны. Стæй ма уымæй дæр аргъуц кæны, æмæ уый Зиулеты салдæтты хистæр у, тæрхон та Къуыдары фæсивæдæй иуыл цæуы æмæ йæ нæ фæнды йæхи номæй уый бæрны бацæуа, уый.

Бирæ ныхæстæ æрцыд уыцы тæрхоны. Чи дзырдта: нæ дзырд сæххæст кæнæм – æхст æрцæуæд Хуыбецы-фырт! Ахæм дзурджытæ фыццаг фылдæр уыдисты, фæлæ уæд иу лæппу, Сæриттаты Багатæй, афтæ зæгъы: хорз, разы дæн æз дæр – фæхудинаг нæ кодта æмæ йæ амарæм! Фæлæ йæ маргæ та чи хъуамæ акæна? Æз уын развæлгъау зæгъын: æз æй нæ фехсдзынæн! Æз ардæм меньшевикты ныхмæ хæцынмæ рацыдтæн æмæ хæцдзынæн, цалынмæ мæ уд мæ мидæг уа, уæдмæ. Фæлæ Хуыбецты лæппуйы нæ фехсдзынæн. Мæхи нæ тудджын кæнын. Гъеныр æй кæд исчи мары, уæд бар йæхи. Æз нæ марын æмæ искæмæ дæр нæ хатын: амар, æй, зæгъгæ!

Адæм схылы-мылы сты. Кæрæдзи нал æмбæрстой. Фæлæ уалынмæ иу фыдцъылыс лæг, гутоны къокъоцайы хуызæн, æнхъæлдæн, уый дæр Багатæй уыди, мæ мадырвадæлтæй, рацыд адæмы размæ æмæ афтæ зæгъы: «Раст у, лæг марын зын у, фæтудджын уа, уый никæй фæнды. Фæлæ ацы худинаггæнæгæн ныббарæн нæй, марын æй хъæуы. Æмæ мæнмæ ис ахæм фæнд: не ‘ппæт æй иумæ æмæхст фæкæнæм æмæ уæд йæ тæригъæд никæмæ ‘рхаудзæн...»

Уыцы фæндыл дæр не сразы сты. Схор-хор кодтой, уый ницы фæнд у, зæгъгæ, атæппæт адæмæй иу лæгмæ куыд æргуыбыр уæм, зæгъгæ... Уæд та иу æндæр лæг, æнхъæлдæн, Зассетæй уыди, афтæ зæгъы: ацы лæг худинаджы ми йæхи зонд æмæ йæхи армæй бакодта æмæ маргæ дæр йæхæдæг йæхи акæнæд, йæ тæригъæдæй махмæ куыд ницы æрхауа...

Уыцы ныхасмæ Нанитæй иу салдат нал фæлæууыд, рацыд размæ, æмæ адæм куы фæсабыр сты, уæд загъта: «Мах, Хъасбол, Хепа, Зура æмæ æз ам нæ уыдыстæм знон, далæ разведкæйы ацыдыстæм. Хуыбецты лæппу фæткъуытæ куыд æрбахаста, уый нæ федтон, фæлæ сæ цымæ иунæгæй бахордта?» Адæм схъæлæба кодтой: «куыд иунæгæй, куы, ам иу-дыуиссæдзæй куы уыдыстæм, уæд сæ иууыл уый æфсон куыд кæнæм!..» «Гъе, æмæ уæдæ мæ фæндон та у ахæм: кæд Хуыбецты лæппуйы

марæм, уæд фæткъуытæй чи бахордта, уыдон дæр æхст æрцæуæнт, уыдон дæр уый æмдзæхдонтæ сты, хуыздæр не сты...»

Ацы ныхас адæмы фæсабыр кодта: фæткъуытæй чи бахордта, уыдон ныр сæхимæ ныккастысты – ай мах дæр азымджын куы стæм, зæгъгæ. Æмæ сæ лæппуйыл тæрхон æрбайрох, сæхимæ цы ‘фхæрд æрхаудзæн, ууыл фесты. Æмæ та уæд нодҗы иу салдат рахызт тæрхонмæ, æнхъæлдæн, Гулианты Теблойтæй, æмæ афтæ зæгъы: «Раздæр Уырысы æфсады уыди ахæм наказани: салдаты-иу æхсты бæсты лæдзджытæй фæнадтой. Кæмæн фондзыссæдз цæфы, кæмæн æртиссæдзы... Гъе æмæ æз фæндон хæссын: Хуыбецты лæппуйæн йæ тæрхон фод – фондзыссæдз цæфы. Фæлæ фæткъуытæй чи бахордта, уыдонæй дзы алчи дæр айсæд йæхимæ дыууæ цæфы. Уыдон дæр азымджын сты æмæ хъуамæ æфхæрд æрцæуой! Иунæг Хуыбецты лæппуйы цæмæн нæмæм, къæрныхы азар хъуамæ йе ‘мдзæхдонты дæр басудза!»

Ацы тæрхон адæмы зæрдæмæ фæцыди: ома надæн ницы у, бафæраздзæн, æрмæст æй маргæ ма акæнæм, тæригъæд у!.. Фæлæ уый та Хуыбецты лæппуйы зæрдæмæ нæ фæцыд. Уый дзыназæгау ныккодта:

«Нæмгæ – нæй! Фæлтау мæ фехсут! Науæд мæм ливор раттут æмæ уæ разы мæхæдæг мæхи амардзынæн!..»

Йæ тæригъæдæй мæ зæрдæ суынгæг, фæлæ куыд рахæцыдаин йæ фарс, уый нæ зыдтон æмæ Сосомæ иуварс асидтæн: «Тæригъæд у лæппу. Исгæ кæй ницы бакодта, уый бæрæг у. Æдылы ми никæуыл æрцæуы... Исты зæгъ, науæд æй кæнæ ацы хъал адæм бафхæрдзысты, кæнæ йæхæдæг йæхицæн исты кæндзæн... Æз дзурын нæ зонын, ничи дæр мæм хъусгæ бакæндзæн. Ды зæгъ, дæумæ байхъусдзысты... «Ма тæрс, – æнкъардæй мын загъта Сосо, æвæццæгæн ын зын уыди, хабар Къуыдары лæппутыл кæй æрцыд, уый. – Марын æй нæ бауадздзынæн, фæлæ уал æм бахъара йæ худинаг» Сосо Исахъы цурмæ ацыд. Уыдон, цæуылдæр аныхæстæ кодтой, фæлæ нырма сæ фæнд бæрæг нæ уыд æмæ тыхстæн. Æрæджийау Сосо тызмæгæй бацыд Хуыбецты лæппуйы цурмæ.

– Багайы-фырт, – фæдзырдта Сосо, «æмæхст æй фæкæнæм» – чи тæрхон кодта, уымæ. – Дæ астæуыл синаджы скъуыддзаг цыма ис, æрдав ма йæ ардæм. Багаты лæппу цыдæр тыхстæй бахаста синаг, ома мæн та цы тъыссы ацы хъуыддаджы, æз цы гæнæг дæн?.. Сосо баздæхт Хуыбецы-фыртмæ:

– Лæппу, ды цы худинаджы ми бакодтай, уый бамбæрстай?..

– Бамбæрстон, Сосо, фæлæ тыхæй ницы рахастон... Ныр мын кæд маргæ у, уæд мæ амаруг æмæ сымах дæр фервæзат. Цы мæ худинаггаг кæнут? – йæ цæссыгтæ ныхъуыргæ, дзырдта лæппу.

– Ноджы дæ мах худинаг кæнæм?.. Нæ, мæ хур, ды нырма ницы бамбæрстай... Тæрхоны раз чи лæууа, уымæн йæ къухтæ хъуамæ баст уой, фæлæ уал дæ фæрсгæ кæнын: ардæм дыргъ хæрын æмæ сæн ныуазынмæ кæй не ʻрцыдыстæм, уый зоныс?

– Зонын, Сосо, фæлæ æз уый æнхъæл нæ уыдтæн, æмæ мæ амарут, хынджылæг мæ ма кæнут!..

– Куыд æнцон сдзурæн дæм кæсы: амаруг мæ!.. Æмæ мах лæгмартæ стæм æви адæмы сæрыл хæстон фæдисмæ рацыдыстæм? Маргæ паддзæхтæ кодтой, ныр мæнæ ам та – меньшевиктæ... Хæсты быдыры куы фæуыдаис, уæд æй зонис, куыд цæгъдын кæнынц паддзæхтæ кæрæдзийæн мин-мин адæмты... Хорз у, æмæ дзы нæ фæдæ, фæлæ хорз нæу, дæ мад æмæ дæ фыды фарн кæй ферох кодтай. Дæ мады хæндыгæй дын иу Сацхереттаг хъæбысыдзаг цыхтытæ куы рахæссид æвастæй, уæд ды цы зæгъис: тыхæй сæ нæ байста, хæсгæ сæ ракодта?..

Худинаджы ми бакодтай, ме ʻфсымæр, æмæ йæ æмбаргæ дæр рæстмæ нæ кæныс. Мæнæ не ʻхсæн тæрхоны раз лæууыс æмæ нæ уайдзæфтæм хъусай, уый дæ сæрмæ нæ хæссыс, амæлын дæм æнцондæр кæсы!.. Нæ, ме ʻфсымæр, мæлын зын у, искуы топпы дзыхмæ куы ʻрлæууыдаис, уæд афтæ рæуæг ныхас нæ кæнис... Раттут мæм ливор æмæ мæхи амарон!.. А, дæттын дæм æй, – Сосо наган сласта хуымпъырæй æмæ йæ лæппумæ бадардта, – фæлæ дзы æхсын зоныс?..

Лæппу наган айста æмæ йæ æруындтытæ кодта. Бæрæг уыд, фыццаг хатт кæй дары йæ къухы ахæм æхсæнгарз. Æрæджиау æй фæстæмæ Сосомæ радта æмæ йæм къæмдзæстыгæй сдзырдта: «Ничи мын æй бацамыдта æмæ йæ куыд базыдтаин... Мæнæ мæм æй ды дæр фыццаг хатт радтай...»

– Раст зæгъыс, ничи дын бацамыдта, нæ зоныс, æмæ уый мæн аххос у, исын мæхимæ уыцы азым. Фæлæ худинаг кæй нæ зоныс, уый та? Уый дын дæ мад æмæ дæ фыд, авдænæй зæхмæ куы рахызтæ, уæдæй фæстæмæ амыдтой, фæлæ дæм иугæр сæ цæсты рухс нал æххæссы, уæд дæ æвиппайды æрбайрох!.. Хорз нæу, ме ʻфсымæр, афтæ рохгæнаг кæй дæ, уый... Ды нымайыс, уайдзæф бауромын худинаг у. Мæ нымадæй та æцæг лæг уый

у, йе ‘взæр митыл чи басæтты адæмы раз æмæ чи фæфæсмон кæны. Уыдон тыххæй йæм цы ‘фхæрд æрхауы, уый та лæгау чи бауромы æмæ батоны...

Ды зæрдиагæй дзурыс, уырны мæ – амарут мæ, зæгъгæ... Амарын дардыл хъуыддаг нæу, фæлæ стæй куыд цæрæм мах? Ды амæлдзынæ æмæ фервæзтæ, фæлæ куыд цæрдзыстæм мах? Адæм нæ æмгархор нæ фæхондзысты? Зæгъгæ, иу фæткъуыйы тыххæй се ‘мгары аргæвстой!.. Æмæ ма уæд махæн цæргæйæ у нæ адæмы ‘хсæн?.. Æви дæу афтæ фæнды, æмæ мах зылын куыд уæм адæмы цæсты, ды та раст? Æмæ кæд зылын мах стæм, уæд рацу æмæ ныл ды тæрхон кæн!.. Кæд зылын ды дæ, уæд та æнцад лæуу, æмæ дæм цы ‘фхæрд æмбæлы, уый бауром æцæг лæгау, дæ мæлæт дзы куы уа, уæддæр!..

Абон, Хуыбецы-фырт, зылын ды дæ! Æмæ уал фыццаг дæ къухтæ хъуамæ баст уой, фыдуаг ми цы къухтæй бакодтай, уыдон! Багайы-фырт, йæ къухтæ йын фæстæмæ бабæтт!..

Лæппу йæ сæр æруагъта æмæ йæ къухтæ йæ фæсчъылдым дзуарæвæрд акодта. Багаты лæппу йын сæ синагæй абаста æмæ ныр адæм æндæр цæстæй акастысты сæхимæ дæр æмæ Хуыбецы лæппумæ дæр. Ныр цыма æцæг тæрхон райдыдта, афтæ рауад хъуыддаг. Мæхæдæг дæр хорзау нал уыдтæн: ныр Сосо цы стæрхон кодтаид, уымæн æнæ кæнгæ нал уыд. Æмæ йæм цы фæнд уыд, уый та ницæмæй æвдыста... Афтæ иу-цасдæр æгуыппæгæй фæлæууыдыстæм, стæй уæд Сосо райдыдта йæ тæрхоны ныхас...

– Ам уыд ныхас, дзырдтой цалдæрæй, амарæм æй, зæгъгæ... Ахæм тæрхоныл æз разы нæ дæн. Мах лæгмартæ не стæм, маргæ никæй кæнæм, Хуыбецы-фырт та не знаг нæу, нæ кæстæр æфсымæр у. Абон зылыны бынаты ис, уый раст у, фæлæ нын маринаг нæу. Йе ‘фхæрд дæр ын хъуамæ зонд-зонæн уа, мæлæты хос нæ, фæлæ... Мах фæдисы дæр сæрибары сæрыл рахæцынмæ рацыдыстæм, искæй марынмæ нæ бæллæм... Мах марджытæ æмæ тыхæйисджыты ныхмæ рацыдыстæм, стæй нæ адæмы номæй... Хуыбецы-фырты ми дæр нæм худинаг уымæн кæсы, æндæр цы у фæткъуыйы чыргъæд? Ницы. Йæ худинаг та – комыдзаг. Стæй канд махмæ, йе ‘мбæлттæм, нæ хауы, фæлæ нæ адæммæ, сæрибары фæдисы нæ чи рарвыста, уымæ. Уый куынæ уаид, уæд ыл тæрхон дæр нæ кæниккам. Радавтай, фæрæдыдтæ, уæд дын уайдзæфæй дарддæр нæ бон ницы у, куыдфæнды кæ, дæ худинаг дæр дæхи æмæ дæ фыдбылыз дæр!..

Фæлæ иугæр худинаг дæр æмæ фыдбылыз дæр иумæйаг у, уæд та мæ фыццаг тæрхон уыдзæн ахæм: абонæй фæстæмæ Хуыбецы фырт сырд æрцæуæд не ʻхсæнæй! Нæ сыгъдæг ном, сæрибары фæдисоны ном кæй фæхудинаг кодта, уый тыххæй! Барвæндæй рацыд немæ æмæ йæхи къахæй фæцæуæд йæ хæдзармæ, махæй нал у! Сæрибары сæрыл æрмæст сыгъдæг лæгæн ис хæцыны бар! Къæрных, тыхгæнæг, лæгмар æмæ абырæг сæрибары хъуыддагмæ ницы бар дарынц! Хуыбецы-фырт дæр махæй нал у, ныр кæнæд, цы йæ фæнды, уый, æрмæст йæхи номæй. Мах нал хъæуы йæ хорз дæр æмæ йе ʻвзæр дæр!..

Фæлæ нæ иугæр фæхудинаг кодта, адæмы цæсты нæ бафтыдта, уæд ын мад-фыды удæст ныккæнæм, уый гæнæн нæй. Мах абон хæстон адæм стæм æмæ хъуамæ нæ цардæн уа бæлвырд фæтк: æвзæр мийæн – æфхæрд, хорзæн – арфæ! Хуыбецы-фырт нырма махæй у, райсом куы сбон уа, уæдмæ йыл нæ бар цæуы æмæ йын бакæнæм рагон ирон æфхæрд, æфсымæры æфхæрд – йæ сæры хъуын сæрст æрцæуæд сыджыты змæстæй æмæ афтæмæй фæцæрæд не ʻхсæн хуры ныгуылдмæ. Стæй сæрибар у – ныхсæд йæхи æмæ райсом та афардæг уæд йæ фыды хæдзармæ!.. Уый мæ тæрхон, разы стут æви уæм æндæр тæрхон ис?..

– Разы! Разы! – схор-хор кодтой æмхуызон, æмæ чи худынмæ фæци, чи нырма дзагъырæй каст Сосомæ. Æхсызгон уыд се ʻппæтæн дæр, хъуыддаг афтæ рæстырдæм кæй разылд, уый. Алчи дæр сæ цыма мæлæты тасæй фервæзт, уыйау фесты æмæ сулæфыдысты. Сосойы ныхасмæ не ʻппæты дæр цыдæр мæт йæ быны æркодта. Сæрибары сæрылхæстмæ рацæуын стыр бæрны хъуыддаг кæй у, уый нæм афтæ зæрдиагæй фыццаг хатт бахъардта æмæ нын зын уыдис, йæ быны нæ æркодта цыдæр æнахуыр зæрдæхатт. Ныр Сосо – Хуыбецы-фыртæн йæ сæр æлыджы змæстæй байсæрдæм! – куы загъта, уæд фæиппæрд стæм уыцы зынæй æмæ худынмæ, хъазынмæ фестæм. Сосо нæм æнкъардæй каст æмæ ницы дзырдта. Æз та Хуыбецы-фыртмæ фемдзаст дæн. Уый сæргуыбырæй лæууыд, йæ цæстысыг йæ галцæстытæй лæдæрст æмæ рæсугъдæлвыд сатæгсау зачъеты æмбæхст... Иуæй йын тæригъæд кодтон, иннæмæй та мын æхсызгон уыд: Сосо йæ мæлæтæй фервæзын кодта æмæ йын зондзонæн уыдзæн цæргæ-цæрæнбонтæм!

Адæм куы фæмыр-мыр кодтой, уæд фæсабыр сты æмæ дзы чидæр хъæрæй бадзырдта Сосомæ:

– Сосо, тæрхон хорз у, фæлæ йын йæ сæр та чи байсæрддзæн чъециагæй?

– Марынвæнд æй чи кодта, уыдон. Уый сын хъуамæ æнцондæр уа, туджджын нæ фæуыдзысты æмæ ма сæ æндæр цы хъæуы... – Сосо кæсгæ дæр нал бакодта Хуыбецты лæппумæ, адæммæ дæр йæ чъылдым фездæхта æмæ æрфыгæлхынцъæй ацыд къуыбырæй. Исахъхъы цурмæ дæр нал баздæхт. Уæнтæхъилæй цыд æмæ цыд нарæг къахвæндагыл, цыма тæрхон уымæн йæхицæн скодтой, уыйау уыд йæ цыд æнкъард æмæ æфхæрдгъуызæй. Афтæмæй хъæдмæ баивгъуыдта...

Фæлæ хъуыддаг ууыл дæр нæ ахицæн. Æхсæв алкæмæн дæр хицæн уыд йæ хуыссæн. Хъæды мидæг къордтæ-къордтæй хуыссæнтæ скодтам къалиутæ æмæ нымæттæй... Дыгæйттæй, æртыгæйттæй... Æртытæ-иу æрнуæрстам æмæ-иу нæ бынæттæм фæцыдыстæм. Æрмæст-иу хъахъхъæнджытæ бадтысты сæ хибар бынæтты æмæ сæ цæст нæ истой æрбацæуæнтæй...

Сосо æмæ мæнæн нæ бынат иу уыди. Рагæй бæллыдыстæм иумæ цæрын æмæ кусынмæ. Ныр нæ нæ фадат куы саразта, уæд ма кæм ахицæн уыдаиккам. Германы хæсты нæ иумæ чи уагъта? Уым камандир цы зæгъа, уый дæ царды уаг. Фæлæ ам нæхи хæст уыди, Сосо та – камандир æмæ нæ чи хъуамæ ахицæн кодтаид?.. Ныххуыссыдыстæм нæ нымæтты бын. Уырыс Германы хæсты дæр уый дзырдтой: салдатæн йæ хъæццул дæр æмæ йæ гобан дæр – йæ цинелы фæдджи!.. Мах ам дæр салдат уыдыстæм, æрмæст нæ цинел нымæтæй раивтам...

Сосо хъазæн ныхас бирæ уарзта. Маст дæр дард нæ хаста, сабийау дзы тагъд рох кодта. Барон лæг уыди. Фæлæ уыцы æхсæв цыдæр мадзура фестад. Йæ нымæты йæхи стыхта, йæ цæнгтæ йæ нывæрзæн акодта æмæ дзагъырдзастæй ныхъхъус. Хъуыды кодтон: æвæццæгæн, Хуыбецты лæппуйы тыххæй мæсты у, Тырбуйы тыххæй, – йæ ном афтæ хуынди лæппуйæн... Фæлæ хъуыддаг куы ахицæн: тæрхон ын йæхæдæг куы скодта? Æниу цæй тæрхон: не 'фхæрд – хуымæтæджы хынджылæг, сæхимæ йæ кæй асырдта, уый та йын, чи зоны, æхсызгон дæр ма уыд... Уæддæр хæст хæст у – нæмыг дын дæ зæрдæ кæд акъахдзæн, уый бæрæг нæй... Чи зоны дыл нæ сæмбæла, – амонджын хæрæг, чи зоны, разынай, – фæлæ йæм уæддæр æнхъæлмæ кæсыс, алыбон уыцы тасы бын цæуыс æмæ уый йæхæдæг лæджы удæн мæлæты фæлварæн у... Хуыбецы-фырт ныр уымæй ирвæзт æмæ цæуылнæ хъуамæ цин кæна?..

Фæрсгæ дæр æй акодтон, – цы кæныс, зæгъын, Германы хæсты номдзыд дохтыр? Æви дын паддзах дæ бричкæ дæ къухæй кæй байста, цæф салдаты бæттын æмæ ласын дæ кæй нал уадзы, ууыл хъынцъым кæныс?..

Нæ, зæгъы, Урс хохы фыййау, ууыл нæ тыхсын... Фæлæ Сау хохы фыййау нырмæ искæмæн æхххуыс дунеты хæрзтæн сæ хуыздæрыл нымадта. Йæ бон цы уыд, уымæй кодта уыцы хæрзиуæг. Ныр та хорзы цæуыны бæсты искæй æфхæрыны къахыл ныллæууыд... Ды та ма йын афтæ дзырдтай: лæджы фервæзын кæ!.. Хорз æй фервæзын кодтон, – цъыфæй йын сызмæстон йæ рæсугъд цæсгом!..

Гъе-е, – зæгъын мæхинымæр, – лæгæн хорзы бацыд, стыр хорзы, æмæ йæ уый та йæ зæрдæйы карз æфхæрдыл нымайы!.. Раст нæ дзурыс, зæгъын, Сау хохы фыййау, Тырбуйы, тыххæй дæ æцæг салдат иууылдæр бузныг сты, ды та ма хъынцъым кæныс... Фæлæуу-ма, зæгъын, хъуыддаг не 'мбарыс æви дæ хæрзиуæгыл фæсмон кæныс? Лæджы маринаг уыдысты, ды йæ фервæзын кодтай æмæ ма цæуыл тыхсыс?..

Нæ, Урс хохы фыййау, лæгæй фæхынджылæг кодтам æмæ цæй тыххæй? Йе 'мбæлттæн фæткъуытæ кæй фæхаста йе 'ккой æнæхъæн бонцау, уый тыххæй?.. Ноджы йæ, гæбæр бæхау, рæгъауæй фæтардтам æмæ уый фервæзын у?.. Уæд ма æфхæрд та циу? Æви фæткъуытæ чи хордта æмæ афтæмæй лæппуйы сæрыл иу сыбыртт чи не скодта, уыдон хуыздæр адæм сты?..

Не сты, зæгъын, фæлæ дзы хуыздæр цы гæнæн уыди? Уыдон æй, чи зоны, рæстдзинад кæныны 'фсон маргæ дæр акодтаиккой... Нæ хъуыстай, «æмæхст фæкæнæм!» чи дзырдта, уымæ? Уый искæй цардыл хъуыды кодта? Уымæ дзы лæгæй лæгмæ мацы азым æрхауæд, уый йедтæмæ искæй багæрах кæныныл фæстиат нæ фæуыдзæн, исчи рæстæй фесæфдзæн, уый йæ нæ тыхсын кæны. Исчи йын æй йæ цæстмæ куы дара мыййаг, уæд йæхи арaст кæндзæн: мæ аххос дзы ницы ис, иууылдæр æхстой æмæ æз дæр фехстон!.. Адæмы номæй искæй марын æм æнцон кæсы, – туг дзы ничи агурдзæн!.. Хæрæг, æмæ дæ сом дæхи сывæллæттæ куы бафæрсой: нæ фыд, ды цæмæн æхстай Тырбуйы, иннæтæ цы фæнды фод, фæлæ ды цæмæн æхстай дæхи къухæй уыцы æнамонд лæппуйы, уæд та цы зæгъдзынæ!?. Науæд дæ хуыцау куы бафæрса; цæмæн амардтай де 'фсымæры? – уæд та цы зæгъдзынæ?!. Хъуыды дæр ыл нæ кæны... Куы йæ

фарстæуаид, уæддæр уыцы иу хъихъхъ кæнид, хæрæгау: иууылдæр æхстой, æмæ æз дæр!

Ды абон иу лæджы мæлæтæй фервæзын кодтай, Сау хохы фыййау. Иухатт гуырдзиаг салдаты куыд фервæзын кодтай, Аустрияйæ куы лыгъдыстæм, уæд, – хъуыды ма йæ кæныс? – раст афтæ бакодтай абон дæр. Чи зоны, зæгъын, дæу хуыцау уадзгæ дæр уымæн ракодта ацы дунемæ, цæмæй адæмæн санитар кæнæ хъæдгомбæттæг уыдаис... Ды та, зæгъын, хъынцъым кæныс!..

Æ, зæгъы, Урс хохы фыййау, ды мæнæй хынджылæг скъæрын райдыдтай æнхъæлдæн?! Ныххуыс, зæгъы, дæ лæгæты арсау, науæд дæ постмæ арвитдзынæн. Рох дæ ма уæд, æз ныр санитар нæ, камандир дæн, ды та, цы уыдтæ, уымæй баззадтæ, – хуымæтæджы салдат, науæд Урс хохы фыййау!..

Ныххуыссыдыстæм, уæдæ цы... Сосо рæдзæ-мæдзæ райдыдта. Йæ тыхсты сæр кæй радзырдта, уый йын, æвæццæгæн, фæхос æмæ афынæй. Уый куы базыдтон, уæд æз дæр мæ нымæты мæхи топтыхт скодтон æмæ афынæй дæн.

Бонырдæм фæци, цæст чысылтæ æвзарын райдыдта, афтæ мын чидæр мæ нымæты фæдджи айваз-айваз кæны æмæ фехъал дæн. Салдатæй сахуыр дæн тæрхъусы фынæй æмæ-иу чысыл ницæмæй дæр фехъал дæн. Фыццаг афтæ æнхъæл уыдтæн, Сосо мæ хъал кæны, исты хабар æрцыд æмæ мæхимидæг багуымгуым кодтон, ома ныртæккæ. Фæлæ кæсын æмæ мæ дæлфæдтæм лæууы Хуыбецты лæппу Тырбу, нымæг хъæлæсæй мæм дзуры: «Хъæсбол, бахатыр кæн, фæлæ мæ тынг зæрдиагæй хъæуыс, иу ныхас дын хъуамæ зæгъон...» Фестадтæн, хуысгæ æд дарæс кодтон, фæдисы салдатау, – мæ цырыхъхъытæ-иу феппæрстон, мæ роны æргъæвæг суагътон, æндæр мæ дзаума мæ уæлæ уыдысты. Сабыр-сабыр æддæмæ рахылдтæн, Сосо куыднæ райхъал уыдаид, æмæ уæд бафарстон лæппуйы: цы зæрдиаг ныхас мын зæгъинаг дæ, хорз лæг?..

Уый та хатыр ракуырдта, ды мæ нæ зоныс, фæлæ дæ æз хорз зонын æмæ дæм лæгъстæмæ æрбацыдтæн: Сосомæ мын бахат, нæхимæ мæ ма асурæд, æмæ мын цыдæриддæр дзура, уый кæндзынæн нырæй фæстæмæ!.. Цы йын загътаин? Æхсызгон мын уыд йæ ныхас, фæлæ йын цы зæрдæ бавæрдтаин? Загътон, цом Сосойы раз радзур дæ фæндиаг æмæ дын зæгъдзæн йæхæдæг йæ тæрхон. Мæ нымадæй дæ хъуамæ ма асура...

Райхъал кодтон Сосойы. Уæдмæ дзæбæх æрбарухс æмæ Сосо уайтагъд базыдта Хуыбецты лæппуйы:

«Цы ма зæгъыс, æфсымæр, кæд мæн дæр уæхимæ, Сынтбадæнмæ хонинаг нæ дæ?.. Раст дын куы зæгъон, уæд мæ ныртæккæ не 'вдæлы, фæлæ дын дæ фыды зонын, хорз лæг æй хонынц, дæхæдæг та цыма Наниты хæрæфырт дæ, æмæ мын уæд дæ мад хо баххæссы, Нанитæ æмæ мах æрвадæлтæ стæм... Искуы уæм æнæмæнг бацæуудзынæн, фæлæ ныр ма рахъаст кæ!»

Йæ ныхасы уагæй бæрæг уыди, йæ дзæбæх зæрдæйыл ис, æмæ бацин кодтон: лæппуйы æнæдзуаппæй нæ арвитдзæнис! Тырбу къæмдзæстыгæй радзырдта йе 'рбацыды сæр æмæ йын Сосо æрæджийау афтæ зæгъы: ам ма мæ цуры æрбад, мæ хæрæфырт! Нырма раджы у æмæ æрныхас кæнæм. Йæхæдæг йæ цырыхъхъытæ скодта, нымæтыл бадгæйæ, стæй йæ галиу къухæй æрбахъæбыс кодта лæппуйы æмæ йын афтæ дзуры: «Хорз лæг разындтæ, Тырбу, æмæ дæ бузныг дæн! Æз æнхъæлдтон, фæтæргай уыдзынæ æмæ æмæхсæвæджы уæхимæ балæудзынæ. Дæ зæрдæйы мидæг ныл фæхуддзынæ: иу хъæуы куыйтау мыл нымбырд сты, ныскъуыдтæ мæ кодтой æмæ æз семæ нал цæуын – нал дæр хæстмæ, нал дæр куывдмæ?!. Фæткъуытæ æз уыдонæн фентъыхтон хæрæгау, хуыйы хæрд сæ бакодтой æмæ дзы иу мæ фарс нæ рахæцыд, цыма сæ æз нæ хæдзармæ хастон, афтæмæй дзы фæндагыл иу бахæрын мæ цæст нæ бауарзта...» Тырбу нал фæлæууыд: «Фæлæуу-ма, Сосо, Къобеты дæсны дæ æви йæ цæмæй базыдтай? Мæ мардыл фæку, кæд дзы æз иу фæткъуымæ дæр февнæлдтон фæндагыл!..» Сосо бахудти æмæ лæппуйы тынгдæр æрбалвæста йæхимæ: «Гъе, æмæ хорз, Тырбу, æгайтма нæ фæтæргай дæ!.. Ныр ма мын лæгъстæ куы кæнай, уæддæр дæ нал ауадздзынæн уæхимæ. Иугæр камандир дæн, уæд мæм иу салдат æмбæлы, сæрбахъуыды мæ фарсмæ чи лæууа, ахæм. Æццæй, афтæ не 'мбæлы, Хъасбол?» Искуы ма не 'мбæлы, зæгъын! Нæ инæлар Липскийæн фондз адутанты куы уыди, уæд дзы дæумæ иу не 'мбæлы?!.

– Æмбæлы! – сразы мæ хъазæн ныхасыл Сосо, – инæлар кæм и, фæлæ чысыл камандирæн дæр йæ фарсмæ хъуамæ хъæбатыр лæппу лæууа!.. Иугæр Тырбу нæ фæтæргай, йе 'фхæрд лæгау баурæдта, уæд хъæбатыр лæг у. Æмæ абонæй фæстæмæ уыдзæни мæ рахиз цонг кæнæ Хъасболы ныхасæй, – мæ адутант! Хъасболæн йæхи фæндыд ацы бынатмæ, фæлæ уый æгæр фæзæронд,

стæй зивæггæнаг, ды та, Тырбу, цæхæрцæст лæппу, дæ уылæнтæ зачъейæн дæр даринаг дæ! Нoджы мын хæрæфырт баххæссыс æмæ æвзарын дæу! Хъасболæн дур йæ гуыбыны! Уый салдат ахуыр у æмæ салдатæй баззайæд!..

Бамбæрстон æй, иугæр хъазæн ныхасмæ фæци, уæд Сосойæн йæ фæлмæн уд дысоны мæтæй фервæзт, йæ раздæры гаччы та абадт! Хъазгæ-худгæ ныл бынтон æрбабон. Цыдæртæ ахордтам, стæй Сосо ацыд Исахъхъ æмæ Гега-камандирмæ. Фæсаходæн нæ ногæй знонау æрæмбырд кодтой, æмæ уым салдæтты раз Сосо радзырдта: «Мæнæ хистæртимæ, Исахъхъ æмæ Гегаимæ, стæрхон кодтам: Хуыбецты лæппу Тырбуйæн фаг у йе зноны ‘фхæрд. Уый куры, цæмæй йæ ныуурадзæм немæ, хæстон партизанæй баззайа не ‘хсæн. Æмæ мах разы стæм, сымах та цы зæгъут?.. Кæд разы не стут, уæд ма мæнмæ ахæм фæнд дæр ис: уыцы фæткъуытæй чи фæхъæстæ, уыдон иууылдæр Тырбуимæ сырд æрцæуæнт не ‘хсæнæй!..»

Адæм ныххудтысты, æмæ уæд Зассеты Зура фестади: «Раст зæгъыс, Сосо, иууылдæр суринаг сты, фæлæ сæ ма асурæм. Тырбу дæр нæ кæстæр æфсымæр у, æмæ йæ ныууадзæм. Кæстæр рæдийаг у, мæнгæй нæ фæзæгъынц адæм, æмæ йын ацы хатт ныббарæм йæ рæдыд!..»

– Цæй, кæд уæ афтæ фæнды, – худгæбылæй сразы Сосо, – уæд æй уадзæм... Фæлæ æз афтæ нымайын, æмæ Тырбу кæй фæрæдыд, уым ис мæ азым дæр... Æз зылын дæн йæ разы, мæнæ ма йын ливорæй æхсын дæр нæ бацамыдтон... Уый мæ азым у, сæттын æмæ цæмæй æз дæр мæ азымæй фервæзон æмæ Тырбуйыл дæр рæдыд мауал æрцæуа, уый тыххæй абонæй фæстæмæ уыдзæн мæ цуры. Цы йын зæгъон, уый кæндзæн. Кæд ма искуы исты, уæд зылынджын фыццаг æз, дыккаг та – уый, Хуыбецты Тырбу!..

Хъуыддаг уыл ахицæн, æмæ куыд æнхъæлыс? Замманайы салдат разынд Тырбу. Хъæбатыр, æппæтмæ ныфсхаст, салдаты хъуыддагмæ – зæрдæргъæвд. Иууыл «бацамон мын, бацамон мын!» кодта æмæ мæйы ‘мгъуыдмæ алцыдæр зыдта, зæронд салдатау. Цы ма йын амонын хъуыд, уый – хæсты заманы знаджы басæттын æмæ салдатæн йæхи бахизын куыд хъæуы, уый. Йæ хъæбатырæй йæхи иууыл размæ æппæрста, æз та йын уый амыдтон: æнæхъуаджы дæ риу нæмыгмæ ма дар, уый хъæбатырдзинад нæу, æцæг салдаты нымадæй æдылыдзинад у,

зæгъгæ... Иу хæсты мын йæ цонг нæмыгæй фæцæф. Нæмыг цонджы фæлмæнæй иу ныхы сæрыйас атыдта æмæ афардæг. Æз ын æй бæттын æмæ уый та худæгæй мæлы: «Аминист, аминист!» Цæуыл мыр-мыр кæныс æй куы бафарстон, уæд мын афтæ зæгъы: «Куыд цæуыл худын, цины бон мын у! Ныр Сосойæн зæгъдзынæн: уыцы дзæгъæйладжы фæткъуыты азым тугæй бафыстон, æмæ кæд дæ адутант дæн, уæд мын æй мæ цæстмæ мауал дар, аминист мын радт!»

– Æй, Тырбу, дæ бон макуы ныккалай, – загътон ын æз, – кæд кæмыты нымайыс! Амынист паддзах уадзы æрмæст. Сосо та хуымæтæджы камандир у, амынист уадзыны бар ын нæй!.. Нæ, – зæгъы Тырбу, – Сосо паддзахы нæ, хуыцауы æмсæр лæг у æмæ йын алцы бар дæр ис! Ды мын уый зæгъ: аминист мæм æмбæлы æви нæ?.. Æмбæлы?.. Уæд мæ хъуыддаг тулы: Сосо хуыцауæй дæр растдæр лæг у æмæ уæд аминист æнæмæнг рауадздзæн!..

Уыцы хорз лæппу Сосойæ нал фæхицæн суанг йæ мæлæты бонмæ, Сосо Салугæрдæны уæзæгыл куы ахауд, уæды онг... Бæласы цонгау ыл æрзад, æцæг йæ рахиз цонг разынд. Æз ма йæм мæхимидæг мæсты дæр кодтон: мæнæй йæм феввахсдæр, зæгъгæ!.. Хъæбатырдæр æмæ зæрдæйæдæр лæгæн скæнæн нæ уыд!.. Сосойы абырæг куы фехста, уæд йæ цуры нæ фæци, цыдæр хъуыддаджы фæдыл æй Сосо йæхæдæг кæдæмдæр арвыста... Йæ цуры нæ фæци, æндæра абырæг, чи зоны, æхсын дæр нæ бауæндыдаид кæнæ Тырбу уыцы нæмыгмæ йæ риу бадардтаид... Тырбу куы базыдта Сосойы хабар, уæд кæмдæр йæхи марынмæ æрцыд, йæ армы фыдтæ дæндагæй бахордта: йæ цуры куыд нæ фæдæн, иунæгæй йæ куыд ныууагътон, мæнæй цæй куыдзы адутант ис!..

* * *

Мæ цæрæнбонты йæ мæстыйæ æрмæст иу хатт федтон... Цыфæнды зын хъуыддаджы ма уыдаид, уæддæр а-зæххыл худгæбыл æмæ худæндзастæй цыди. Йæ хъазæн дзырд æмæ йæ зард райстбавæрд никуы дардта, æдзух йæ былы алгъыл уыдысты. Æмæ æнхъæл уыдтæн, Сосо мæсты кæнын нæ зоны, æлгъитын нæ зоны, лæгæн фидис бакæнын та йæ цæсгом нæ хъæцы... Фæлæ йæ иухатт федтон мæстыйæ лæр... Æрцыд ахæм худинаджы

хабар, Сосойы фæлмæн зæрдæ дæр кæй нæ баурæдта æмæ ныббарста...

Иубон мах цыппарæй: æз æмæ Тырбу, не 'рвадæлты лæгтæй дыууæ зæронд салдаты Гакка æмæ Къола, разведкæйы ацыдыстæм, меньшевикты зарбазантæ цал сты æмæ кæм æвæрд сты, уый хъуамæ басгæрстаиккам... Нæ хъуыддаг бакодтам æмæ аходæнафонмæ нæ бадæн бынатмæ æрбаввахс стæм. Пъереуæй иучысыл куы рауадыстæм, уæд иу ран, иу лæгъз бынаты, кæд суыдтам Исахъхъы зæххыл хаудæй... Фæстæдæр базыдтам: уым Исахъхъ æмæ цалдæр партизаны махуæттæй хæрхæмбæлд фесты меньшевикты æфсæдтæй иу чысыл къордыл. Уыдон дæр, æвæццæгæн, разведкæйы рацыдысты... Кæрæдзийыл нæмыг ныккалдтой æмæ Исахъхъæн йæ син уæззау цæф фæци... Меньшевикты 'фсадæй дæр цалдæр салдаты фæцæф, фæлæ уыдон, æвæццæгæн, фæлтæрд уыдысты хæсты хъуыддаджы æмæ сæ цæфты семæ аскъæфтой æмæ алыгъдысты. Махонтæ дæр, салдаты чи нæ уыди, ахæмтæ, лидзынмæ фесты, фæлæ Исахъхъы уым ныууагътой, ома мард у æмæ ма йыл цы тыхсæм, нæ сæртæ уал бафснайæм, марды фæстæдæр ахæсдзыстæм!..

Не 'рбацыдмæ Исахъхъ æрчъицыдта æмæ нæ куы федта, уæд бацин кодта: «Хорз у, æмæ ауылты цыд фестут, æндæра ам иунæгæй ныммардаин, науæд та меньшевиктæ æрбаздæхтаиккой æмæ мæ цæф арсы мард ныккодтаиккой... Цы ма сын мæ бон бауыдаид, чидæр мын мæ наган дæр ахаста æмæ мæ цырыхъхъытæ дæр... Чи зоны мæм уыцы мæрдты бирæгътæ æрбаздæхтысты, фæлæ мæ мард фенхъæлдтой, нæмыг мыл нал бахардз кодтой, фæлæ мæ мардæй бастыгътой. Лæг куы схуы вæййы, уæд марды дæр хæры...»

Йæ цæф ын фидар бабастам æмæ йæ рахастам хъæды онг, салдаты хаст – нæ дзуарæвæрд къухтыл, стæй йын хъæды хъилтæй сынт сарæзтам, хуысгæйæ йæхицæн дæр æнцондæр уыд æмæ махæн дæр.

Схастам æй нæ бадæнмæ, уæдæ цы. Уым ын Сосо йæ хъæдгом ногæй дзæбæх бабаста, фæлæ уæдмæ нытталынг æмæ йын хæссæн нæ уыд. Æрмæст Сосо иу лæппуйы бæхыл арвыста Чъыребамæ, уым цыдæр дохтыргонд уыди æмæ, дам, уый æрбакæ райсомæй Гиорги-цъминдамæ, Исахъы та сæумæцъæхæй уырдæм ахæсдзысты, йæ фыды хæдзармæ...

Æхсæвы æз Сосойæн Исахъхъы хабар радзырдтон. Зæгъын,

меньшевиктæ йæ мардæнхъæл афистæг кодтой, йæ наган æмæ йын йæ цырыхъхъытæ ахастой... Уый фæхъуыдыйыл: «Меньшевиктæ?.. Æмæ мын Зура афтæ куы загъта: лидзынмæ фесты?.. Кæд нæхионтæй исчи уыди?.. Æви уыдон фæстæмæ раздæхтысты?..» Цыдæр талынг ныцци йæ цæсгом, стæй æвиппайды фестад æмæ фæцæуæг: Исахъхъы, дам, абæрæг кæнон, сæумæцъæхæй, дам, æй сæхимæ æрвитын хъæуы, уым æм фæкæсдзæн Чъыребайы хъæдгомгæс...

Æхсæвы Сосо æрæгмæ æрбацыд æмæ æз ныффынæй дæн йе 'рбацыдмæ. Райсомæй цæст фæндаг æвзарын куы райдыдта, уæд нæ дыууæ дæр фестадыстæм æмæ Исахъхъы ахизын кодтам. Сосо йын аст лæппуйы йемæ арвыста, – сынтыл æй хъуамæ хастаиккой, кæрæдзи ивгæйæ... Æцæг сæм бæхыл æвæргæ сынт дæр уыди, фæлæ уый фæз ран хорз уыди, хæрдты, уырдгуыты – зынархайд уыди уæззау цæфæн... Бирæ адæм дзы уыд, Зиулеты фæсивæд – иууылдæр. Æз дæр Исахъхъæн йæ къух райстон, цыдæр ныфсы ныхæстæ дæр ын загътон уырыссагау. Мæхинымæр нымадтон: нæ дыууæ дæр зæронд салдæттæ стæм, афицер йæ хъæбатыры тыххæй сси, æцæгæй та салдат у æмæ йын æхсызгон уыдзæн, салдаты æвзагæй йæм куы бадзурон, уæд... Мæ ныфсы ныхас ын, æвæццæгæн, æхсызгон уыди æмæ мын уый дæр уырыссагау загъта, чысыл бахудызмæл йæ цæсгом, афтæмæй: «Бояться не боюсь, рана заживет как на волке собачий укус... А свадьбы не будет, женат, а вторая жена солдату не полагается. Вы держитесь здесь, а я скоро вернусь, хоть на костылях, но вернусь...»

Цæй «вернусь» ма, лæгæн нал сбæззыд, фæци комы аргъ лæг... Хæсты дæр, æвæццæгæн, адæмæн се 'гасы разæй сæ хуызгæртæ фæвæййынц... Чи зоны, раст дзырдтой фыдæлтæ: Ирæн, дам, хорз лæппу бирæ нæ цæры... Исахъ дæр бынтон лæппу уыди, куы фæцæф, уæд – кæд ыл цыдаид дæс æмæ ссæдз азы... Æцæг, уæд уый æнхъæл махæй ничи уыд, куы фæцæф уа, уæд ма сдзæбæх уыдзæн!.. Æз дæр ын нæ тарстæн æмæ йыл мæ цæст æрхастон, зæгъын, ын йæ хуыссæн бадзæбæхтæ кæнон æмæ фæдисы дæн: йæ цырыхъхъытæ кæд уыдысты йæ уæлæ!.. Æнцон базонæн уыдысты, – афицеры цырыхъхъытæ нæ æндæр никæуыл уыди. Хъуыды кодтон, – кæд сæ меньшевиктæ афардæг кодтой, уæд ма сæ дысон чи фелвæста бирæгъты дзыхæй?..

Кастыстæм сынтхæсджыты фæдыл, цалынмæ фæаууон сты,

уæдмæ. Стæй алчидæр йæ бынатмæ цæуын райдыдта. Иунæг Сосо уæддæр æнкъард æмæ тызмæгæй каст Исахъхъы фæдыл. Æз дæр йæ фарсмæ лæууыдтæн, зæгъын, нæ бынатмæ иумæ ацæуæм. Уалынмæ Сосо цæхгæр фæзылд фæстæмæ æмæ Зиулеты фæдисонтæй иумæ фæхъæр кодта:

– Миха, ардæм-ма рацу, хъæуыс мæ!

Дзыхълæуд фæкодта, Миха кæй схуыдта, уый æмæ иудзæвгар йæ бынатæй нæ фезмæлыд, цыма йæм Сосойы размæ цæуыны фæнд нæ уыд, фæлæ стæй феккуырст æмæ сындæггай бацыд Сосомæ. Зыдта йæ, Исахъхъы фæстæ нæ хæсты Сосойæ барджындæр лæг нæ уыд æмæ йæм хъусын хъуыд.

Сосо йæм иудзæвгар тызмæг æмæ мæстыйæ фæкаст, цыма йæ истæмæй фæлвæрдта, стæй йын йæ цонг ацахста æмæ йæ йæ фæдыл ласæгау акодта: цом, хицæнæй адзурæм, зæгъгæ. Æз сæ фæдыл нæ ацыдтæн, уæд та сæм цы дзуринаг ис?.. Фæлæ уалынмæ мæ хъустыл ауад Сосойы хъæр: «Хъусджын хæрæг, ноджы ма æфсæнттæ кæныс?!.» Никуы федтон Сосойы ахæм æвзагæй дзургæ æмæ уайтагъд сæ уæлхъус балæууыдтæн. Уæдмæ Сосо Михайæн йæ хæдоны ‘фцæггот галиу къухæй ацахста, рахизæй та хуымпъырæй наган сласыныл архайы: «Ды лæг нæ, мæрдты бирæгъ дæ æмæ дæ ам хъуамæ фæуын кæнон!..» Йæ къух ын ацахстон, зæгъын, сæрра дæ æви уый цы аразыс?.. Мæ ныхасмæ Сосо фæсабыр, наганмæ æвналын фæуагъта, фæлæ галиу къухæй Михайы ахæм риуыгъд акодта æмæ уый фæстæмæ ацух-мух кодта æмæ фæфæлдæхт. Сосо йæм бауад æмæ уый афтæ фенхъæлдта, цæвгæ мæ кæны, æвиппайды тарст гæпп фæкодта æмæ йæм тæрхъусау нымдзаст... Сосо йæ, къæцæл чындзау, Зиулеты ‘рдæм фæзылдта æмæ йæм фæстейæ адзырдта: «Мæ цæст дæ ам куыд нал фена!.. Цæугæ!..»

Миха араст Исахъиты фæдыл. Фæстæмæ ма иу каст фæкодта, æвæццæгæн, æй фæндыд ралгъитын, фæлæ не суæндыд. Чи зоны, æз уым кæй уыдтæн, уымæй дæр фæтарст, ома Сосо – барон лæг, афтæ кæм смæсты, уым мæ хуызæн гуымир салдат цытæ кæндзæн, хабар куы базона, уæд... Ацыди æмæ æз фæрсинаг уыдтæн Сосойы, зæгъын, цæй тыххæй райстай дæ арм кæйдæр лæппумæ, фæлæ йæхæдæг фæразæй: «Нæ мæрдты бирæгъ кæд разынд ацы куыдз!.. Мард, дам, æй фенхъæлдтон æмæ, дам, афицерскæй цырыхъхъытæ цæмæн хъуамæ фесæфтаиккой дзæгъæлы!.. Хæр-рæг! Камандиры мардæй дæр искуы

ныууадз, дæхи бамбæхсыныл фæу, уый йæм худинаг нæ кæсы, йæ хъуыдыйы кæрон дæр нæй! Уыцы ран та ахæм тæссагæй ницы дæр уыди. Меныневиктæ лидзынмæ фесты сæхимæ, уыдон ноджы тынгдæр фæтарстысты. Ацы куыдз уый куы базыдта, уæд фæстæмæ аздæхт æмæ йæ камандиры бастыгъта... Уый мæрдты бирæгъ нæу, уæдæ циу!.. Ахæм лæгимæ хæстмæ нæ, мизынмæ дæр хъуамæ ма ацæуай! Уый знагæй фыддæр у!..»

Уæд базыдтон, Сосо мæсты кæнын кæй зоны, фæлæ йæ мастыл йæ фæлмæн зæрдæ æмæ йæ барон уд кæй фæтых вæййынц...

* * *

Хъæбатыр лæг уыди, тыхджын – удæй дæр, зондæй дæр, армæй дæр, фæлæ нæ уарзта хыл æмæ загъд, фылдæр фидауыныл архайдта. Йæ хъæбатыр та йын ницы хуызы базыдтаис, цалынмæ исты фыдбылызы йæ фарсмæ нæ фæуыдаис, уæдмæ. Хæсты заманы-иу цыма æппындæр ницы арæзта, æхсгæ дæр нæ кодта, афтæ каст лæгмæ, фæлæ та кæс æмæ зындæр ран, стырдæр тасы бынат кæм разыны, уым салдаты уæлхъус балæууы, цыдæртæ сын дзуры, худын сæ кæны, цыма куывды бадынц, æмæ та хъуыддаг рæстырдæм фæзилы... Сосойы цур-иу лæгæн йæ тас дæр айрох и...

Далæ уыцы рæгътæ уыныс? Уыдон Цъедисæй æрбахизæнтæ сты. Ссæдзæм азы нæ меньшевиктæ куы сырдтой, нæ бæстæ нын куы истой, уæд мах тæккæ уыцы æрбахизæны хæцыдыстæм. Меньшевиктæ æфцæгмæ æргом атакæйы рацæуын нæ уæндыдысты, фæлæ нæ иу къуылдымæй дыууæ зарбазаны уынгæджы кодтой... Зæронд салдæттæ ахæм гæрæхтæй кæм тарстаиккой, – зыдтам æй, æгæр дардæй æхсынц, зæрдæаивæй, тæрсынæн... Фæлæ æвæлтæрд фæсивæд, хæст уæдмæ йæ цæстæй дæр чи никуы федта, уыдонæн зын уыди. Нæмыг-иу æввахс искуы куы фехæлд, уæд-иу лидзынмæ фесты: фесæфтыстæм, зæгъгæ!..

Иуахæмы та нæмыг махмæ æввахс йæ сæр сыджыты куы фæтъыста æмæ иу стыр уæрмыйас куы акъахта, уæд æвæлтæрд адæм лидзынмæ фесты, æз та уыцы уæрммæ скодтон мæ ных. Зыдтон æй, зарбазаны нæмыг дыууæ хатты иу ран никуы ‘мбæлы æмæ уыцы уæрмæй æдасдæр бынат салдат никуы ссардзæн... Уæрммæ куы ныггæпп кодтон, уæд хъуамæ иннæтæм дæр фæсидтаин, фæлæ фæкастæн æмæ далæ уырдыгмæ, Фæсрагъы ‘рдæм

фæлидзынц иу-цалдæрæй. Иу дзы къуылых лæг уыд, æнхъæлдæн, Хъигъо йæ хуыдтой, фæкалди æмæ фæтулы... Ме ʻуæнгтæ ʻрызгъæлдысты, – хæйрæг дæр æй нал бауромдзæн!.. Дурджын бынат у æмæ лæг ныммур уыдзæн!.. Кæсын æмæ йæ чидæр ныссырдта, йæ дæлейæ фæци æмæ йæ ацахста. Чысыл абадтысты иу ран, стæй сыстадысты æмæ ме ʻрдæм ссæуынц. Иннæ лидзджытæ дæр фефсæрмы сты æмæ раздæхтысты. Иууылдæр, æнæхъæн æхсæз лæгæй, мæ уæрмы ныккалдысты. Хъигъойы кæд рацахста Сосо æмæ дзы ныр хынджылæг систа:

– Мæ мад, мæ фыдыстæн, Хъигъо, ды тулынмæ афтæ рæвдз дæ, уый нæ зыдтон, æндæра афонмæ хæст рамбылдтаиккам... Куыд куы зæгъай, уæд тæккæ сом хъуамæ дæу рагъæй атулæм, далæ меньшевиктæ зарбазантæй кæм гæрæхтæ кæнынц, уыцы къуылдыммæ. Уыдон уый куы базоной, Хъигъо сæм йæхæдæг, Барсæджы цалхау, фæтулы æмæ сæ цæгъдæнтæ кæндзæнис, уæд сæ быны мизынтыл фæуыдзысты æмæ сæ гæппыл цæст нал хæцдзæнис. Онæй нæ, Кутаисæй фæдæле уыдзысты!..

Фæсивæд худыныл фесты, зарбазаны æхстмæ хъусгæ дæр ничиуал кодта. Хъигъо йæхæдæг дæр уæрмы къулыл йæхи фæстæдзæг ауагъта æмæ худæгæй мард. Хъасбол, дам, æвзæр салдат у, раздæр мын æй куы загътаид, зарбазаны нæмыг иу ран дыууæ хатты не ʻмбæлы, уæд кæдæм мæрдтæм хаудтæн, – ацы фæлмæн сыджытыл дæхицæн Уастырджийы бадт скæн æмæ зарджытæ скъæр!.. Уадз æмæ меньшевиктæ гæрæхтæ кæнæнт, сæ мады ссæндæг хæрæнт, сæ нæмгуытæ куы фæуой, уæд та ма цы кæндзысты?..

Сосо мын афтæ зæгъы: цом-ма мемæ, æвзæр салдат, æмæ уартæ уыцы рагъæй меньшевикты зарбазантæм дзæбæх акæсæм, – Хъигъойы куы тулæм, уæд цæмæй ма фæивгъуыйæм, науæд дзæгъæлы тулынæн не ʻнтысы...

Ацыцыстæм. Сосомæ дурбинди уыди æмæ уымæй бæстон фæкастыстæм. Иу рагъыл, хъæды сæрмæ фæзауы, æвæрд уыд дыууæ зарбазаны æмæ уыдон æхстой мах æрбацæуæн æфцæгмæ. Зиан нын ницы кодтой, æртæ лæджы цыдæр нæ фæцæфтæ æмæ уый дæр дуртæй, нæмыг-иу кæй спырх кодта, уыдонæй, фæлæ æвæлтæрд адæмы тæрсын тынг кодтой...

Сосо мын æрæджиау афтæ зæгъы: салдат, меньшевиктæ Чъыреба систой, бырсынц Рукъмæ. Уырдыгæй нын æххуыс ницы уыдзæн, уый бæрæг у, сæхæдæг уынгæджы сты... Мах дæр цæуын

хъæуы ардыгæй... Ас адæмы иууылдæр изæры ауадзын хъæуы сæ хæдзæрттæм. Сом æд бинонтæ хъуамæ ахизой Згъил æмæ Дзедойы æфцджытыл... Ам нын меньшевиктимæ цæргæйæ нæу... Мах тынг куы фæнда, уæддæр нæ нæ ныууадздзысты... Сæ хъавд бæрæг у: мах хъуамæ æфцæгæн фæфале кæной æмæ сæхæдæг нæ уæзæгыл æрцæрой!.. Цыма мах искуыцæй æрхæссæггаг стæм: нæ дæр нын фыдыуæзæг ис, нæ дæр – цæрыны бар! Арвæй зæххы ‘хсæн хъуамæ ауыгъдæй баззайæм, мигъы бындзгуытау... Уæд та маргъы мыггаг куы уаиккам, уæд искуыдæм фæтæхиккам, нæ сæр фесафиккам, фæлæ ныр цы кæнæм, адæм куы стæм, тæхын куынæ зонæм, уæд?!. Стæй нын нæ фыдыуæзæг тыхы фæдыл куыд хъуамæ байсой, æви мах лæгтæ не стæм, салдат нæ уыдыстæм, нæ хæдзæрттæ æмæ нæ бинонты сæрыл нæ уд нæ рауæлдай кæндзыстæм?.. Нæ, меньшевиктимæ махæн цæрæн нæй!.. Фæлæ абон тых уыдонæрдыгæй ис, æмæ адæмы бавæрын хъæуы. Фæсæфцæгмæ лидзгæйæ у. Меньшевикты ма иу-дыууæ боны бауромын хъæуы, уæд адæм æвыдæй, æд фос, æд фæллой ахиздзысты æфцгуытыл, стæй уæд мах дæр адымдзыстæм...

Афтæ мæм мæ зæрдæ дзуры, мах афтæ æнцад куы бадæм, кæд æрбабырсдзысты, уымæ куы кæсæм, уæд зæгъдзысты: тæрсынц нæ æмæ сæм бырсын хъæуы! Уæд сын сом æнæбырсгæ нæй æмæ сæ Хъигъо йæ къуылых къахæй кæдмæ уромдзæн?.. Иу фæнд мæм ис: ахсæв ныббырсæм далæ уыцы зарбазантæм æмæ сæ фехалæм. Уыдон ныфс сæ куы нал уа, уæд дзы соминнæбон бырст нал ис... Уæдмæ та лидзинаг чи у, уый афардæг уыдзæн æнцад-æнцойæ. Стæй уæд мах дæр сæ фæдыл сфардæг уыдзыстæм Дзедойы ‘фцæгмæ æмæ уым нæхицæн арало кæндзыстæм...

Уыцы ‘хсæв æцæг ныббырстам меньшевикты пазицимæ – Сосо, æз, дыууæ бушкары, германы хæсты зарбазанæхсæг чи уыд, ахæм салдат æмæ Тырбу. Сосойы фæдыл уый ныр байрагау зылд, фæхицæн ын дзы нал уыд.

Ныхъхъуызыдыстæм хъæд-хъæд зарбазанты пазицийы цурмæ. Зарбазанты фарсмæ æртæ салдаты арт скодтой æмæ сæхи тавынц, æхсæв æфцæгыл уазал уыди, æмæ цыдæртæ дзурынц. Исчи сæм хъавы, уый сæ фæсонæрхæджы дæр нæй. Хæстæг сæм бабырыдыстæм нæ фазыл, пластунскæй бырд, æмæ мын Сосо мæ хъусы афтæ зæгъы: ды гуырдзиагау дзæбæх куы зоныс, Кутаисы дыууæ азы цумайы лæппуйæ куы фæхырхтай, байхъус-ма

сæм, цæуыл у сæ ныхас... Хъусын, уæдæ цы, æмæ хуымæтæджы глехы ныхæстæ: ам, дам, нæ цы дарынц, хохы цъуппыл, джихуитæ-дзæбидыртæ, дам, стæм исты!.. Науæд, дам, нын Къуыдары цы баззад, цæмæн æм додой кæнынц?.. Сæхицæн сæ мæгуыры хъис куы кæлы, уæд ма сæм цæмæ бырсынц? Нæхи зæхх хуыздæр куы у, уæд ма нæ Къуыдары къæдзæхтæ цæмæн бахъуыдысты?.. Чидæр йæ хъал калы æмæ мах та нæ хæдзæрттæй фæхауæггаг кодтой æмæ ам, рагъы къæйыл, гæв-гæв кæнæм!..

Сосойæн сæ куы радзырдтон, уæд ма «хорз» зæгъгæ, фæкодта æмæ фæгæпп ласта. Комкоммæ бацыд салдæттæм, наган йæ къухы, афтæмæй. Уыдон дæр фестадысты, фæлæ сæ йæ гæрзтæм ничиуал фæцарæхст, уæдмæ сæ мах афистæг кодтам. Сосо сын дзырдта, æз та йын йæ ныхас гуырдзиагау амыдтон: уæ хæдзæрттæм фæцæут, махимæ уæ ницы хæцинаг ис!.. Иуыылдæр кæд разындысты рацъон лæгтæ æмæ сын Сосо загъта: фыдæй фыртмæ иу дзыхъхъы куы цæрæм, нæ мæгуыры бон дæр иу куы у, уæд нæм ныр цæмæ бырсут, æви уæм нæ хъæзныджы кой фехъуыст?..

– Мах ницы бырсæм, – загътой æмдзыхæй, – тыхæй нæ ратардтой нæ хæдзæрттæй. Мах нæ куыстытыл куынæ ‘ххæссæм, уæд нæ искæмæ тыхæй цæуын æндавы?.. Мæнæ глехтæ стæм, æндæр цæй салдат æмæ цæй хæцæг адæм стæм мах?..

Сосо сын загъта: уæ дзырд фод, фæлæ ныр цæугæут уæ хæдзæрттæм! Æцæг, уæхи баауон кæнут, æндæр хъæутæм ацæут, æндæра уæ хицæутты къухтæм куы бахауат, уæд уын мах хуызæн нæ фæуыдзысты, глехтæ нæ, уæйгæнджытæ фестдзыстут! Мыййаг уæ куы ‘рцахсой, уæд та-иу зæгъут: æнæхъæн æфсад ныл æртымбыл сты æмæ æртæйæ цы бакодтаиккам? Рацъон лæгтæй иу афтæ: фондз лæджы æфсад куыд рахонæм?.. Сосо бахудт æмæ сын афтæ: кæд уыл уæ хицæугтæ не ‘ууæндой, уæд-иу сын зæгъут: цæут, æмæ сæ уæхæдæг банымайут!..

Сосо бушкартæн загъта: зарбазантæн сæ гуыдыртæ рафтаут æмæ сæ рахæссут, бахъæудзысты нæ. Сæхи сын дæлæ коммæ атулут!.. Уыдон уайтагъд сæ хъуыддаг бакодтой. Зарбазанты атылдтам æмæ, гыбар-гыбургæнгæ, ададжы смидæг сты. Рацъæттæм доны къæрта уыд æмæ йæ артыл ауагътон. Уæд Сосо загъта: рацъон адæм, хæрзæхсæв раут, мах не ‘вдæлы, æндæра нæм дзуринæгтæ бирæ ис. Цæут, гæрзтæ уæ ницæмæн хъæуы, махæн та иу тыхсты бон нæ къух сараздзысты. Цæут, уæхи бавæрут, хицæуттæм куыднæ бахауат!..

Мах рафардæг стæм, уыдон цы баисты, уымæн ницыуал базыдтон, æцæг. Иу къæдзæхы сæрæй Сосо зарбазанты гуыдыртæ коммæ ныззыгъгъуыытт кодта. Бонмæ ма чысыл хъуыд, афтæ схæццæ стæм нæ хæцæн бынатмæ. Уым, æцæг, бирæ ничиуал аззади. Ацыдысты сæ бинонтæн сæрфат кæнынмæ. Мах ма, иудыууиссæдз салдатæй нæ цæст дардтам æфцæгыл æрбахизæнтæм, ома кæд бырсой меньшевиктæ, уæд сæ æфцæджы уынгæг схизæнтыл не 'рбауадздзыстæм...

Дыккаг бон, зарбазанты пазици кæм уыд, уым иу лæг дæр нæ фæзынд. Æртыккаг бон дæр меньшевик бырсæг нæй. Уæдмæ, лидзинаг чи уыд, уыдон æфцгуытæй фæфале сты æмæ ма мах дæр уым цы лæууыдаикккам... Сосо нын загъта: мæнæн мæ бинонтæ фæсæфцæг сты ныр, ам лæугæ мын нæу. Сымахæй лæууинаг чи у, уый баззайæд, иннæтæ мемæ рацæуæнт, иумæ кæд нæ фесæфиккам, салдат куы стæм!.. Сæ бинонтæм сæ зæрдæ 'хсайдта æмæ адæм хъæутæм атындзыдтой: фенæм, базонæм нæ бинонты хабæрттæ æмæ стæй уæд мах дæр тулдзыстæм уæ фæдыл, зæгъгæ...

Æртæйæ ма ссыдыстæм Дзедойы 'фцæгмæ: Сосо, Тырбу æмæ æз. Ракастыстæм фæстæмæ æмæ нæ зæрдæтæ бауынгæг сты... Фыдыуæзæгæй искуыдæм лидзын, уый дæр тыхы сæрыл, – цы хъуамæ уа уымæй зындæр лæджы зæрдæйæн!.. Фæлæ цы кодтаиккам?.. Сосойæм куыд зын уыд; уый куыднæ 'мбæрстон, фæлæ уый уæддæр йæхи нал басаста æмæ мæм дзуры: нæ дын загътон, Урс хохы фыййау, æз æмæ ды нырма Дзедойы цъуппæй нæ фыййауы зарæг ракæндзыстæм? Дæу цыма нæ уырныдта æмæ мæм хъус уæдæ:

*Уазджытæ дæм фæцæуы, ой,*
*Уазджытæ фæцæуы дыууæ дыууадæсы,*
*ой, мæ бон!..*
*О-ой, бецау фыййау!*
*Уазджытæ не сты, ой!*
*Уазджытæ не сты, марджытæ куы сты,*
*ой, мæ бон!..*
*О-ой, бецау фыййау!..*

Заргæ бæргæ кодтам, фæлæ зæрдæ йæ рыстæй не 'нцади, цæстысыг та хъуыры бадти... Цы кодтаиккам мах, Сау хохы æмæ Урс хохы фыййæуттæ? Нæ фыдыуæзæгæн исты ахъаз фæуын нæ бон нæ уыди æмæ уæддæр фыдæнæн нæхи сæрыстырæй æвдыстам...

Зарыдыстæм, фæлæ нæ цæстысыг тыхæй урæдтам, чи зоны, фылдæр Тырбуйы æфсæрмæй: уый лæппу уыд, мах – салдат!..

* * *

Хорзы бонæн нын нæ фæци фæсхохмæ алыгъд дæр... Нæхимæ нын меньшевиктæ сыгътой нæ хæдзæрттæ, уым та нын ирон абырджытæ истой, цы судзаггаджы муртæ ма нæм аззад, уыдон... Цы кодтаиккам?.. Бирæтæ нæ бавæрдтой, æххуыс дæр нын кодтой, уæдæ цы, уæддæр туг туг у, æфсымæр – æфсымæр. Фæлæ абырджытæй уынгæджы уыдыстæм æмæ уæд Сосо загъта: милици саразæм æмæ нæ адæмы абырджытæй бахизæм!..

Йæхиуыл нæ ауæрста, мæгуыр, раст цыма йæ мæлæтмæ йæхи къахæй тындзыдта... Йæ марæджы фыццаг куы 'рцахстам давгæдавын, уæд æй фарста: чи дæ, кæцон дæ, кæмæй дæ, кæм цæрыс?.. Уый ницы дзырдта, фæлæ куы бамбæрста, чи у, уый мах дзæбæх зонæм, уæд басаст йæ ном æмæ йæ мыггагыл, фæлæ уæддæр кæм цæры, уый нæ хъæр кодта. Сосо дзы хынджылæг райдыдта: «Цæуылнæ йæ дзурыс? Æви афтæ æнхъæлыс, уазæгуаты дæм цæуын нæ зæрды ис?.. Уæгъды афтæ æнхъæлыс, хорз абырæг!.. Махмæ абыræджы фынгæй куыдз дæр нæ исы къæбæр... Æмæ дæумæ дæр давын æмæ стигъын худинаг куы кæсид, уæд хуыздæр уаид дæхицæн дæр æмæ адæмæн дæр... Æниу бирæгъæн таурæгътæ чи хаста, уый ми кæнын æз дæр!.. Фæлæ дæм худинаг куыд нæ кæсы, дæ иузæххон, де 'мтуг адæмы сæ тыхсты бон стигъ, дæ хъал сыл кал?.. Уый цы лæгдзинад у? Æви афтæ æнхъæлыс, ды хæцæнгарзæй хуыздæр арæхсыс? Уæд хæсты быдыры цæуылнæ уыдтæ, ам хæхты дыдæгъты цæмæн æмбæхстæ, бирæгъау?.. Дæ зæрдыл дар, хорз абырæг, мах салдат стæм, ныр æхсæз азы фынæйæ дæр нæ къух карды фистоныл дарæм, не 'нгуылдз – топпы мæнгвæдæгыл... Фæлæ нæ не 'фсымæртимæ хæцын нæ фæнды, не знæгтæй хъуырмæ стæм. Ды та уазæджы 'фсæрм дæр нал зоныс... Ирон лæг!.. Мæрдты бирæгъ зæгъай! Ирон лæг уазæгхор никуы уыдис!.. Фæлæ уый дæуæн цы давы? Бирæгъау давæггагæй гуыбын скæн, уымæй ма хуыздæр исты ис, уый зонгæ дæр нæ кæныс, афтæмæй дæхи та лæг хоныс, ирон лæг!.. Цу, æмæ цæр, фæлæ фысау сабыр куыд уай, науæд мын додой дæ сæр кæны!.. Мæнæ ма исты, уæд дæм дæ хæдзармæ цæуын бахъæудзæн. Уым куынæ разынай, зæххы

бынæй дæр дæ скъахдзынæн!.. Ныр уал цу, уадзын дæ ацы хатт ирон лæджы ‘фсæрмæй, дæ мыггаджы ‘фсæрмæй. Чи зоны дæ ацы хатт лæджы хуызæнæй фенон, цы нæ вæййы!.. Науæд дæ горæты милицимæ куы адæттин, уæд дын уым фысым фæуаиккой, дæ раздæры фыдмитæ дæр дын тугæй фæуомын кæниккой... Фæлæ дæ хуызæн чи кæны йæхи... Цу, æмæ ма дæм кæд ирон лæджы ‘гъдауæй исты ис, уæд лæджы цардæй рацæр... Æрмæст мæ демæ дыккаг хатт дзурын куыд нал бахъæуа, афтæ бакæн. Ныр цу!..»

Ауагъта йæ. Чи зоны, уый рæдыд уыди, бирæгъæн тæригъæд нæ хъуыди, фæлæ, æз цы Сосойы зыдтон, уый хъуамæ афтæ бакодтаид, æнæмæнг... Йæ кæддæры ныхас мæ зæрдыл лæууы абоны онг: дунеты хæрзтæн сæ иууыл хуыздæр у искæмæн хорзы бацæуын!.. Æвæццæгæн, Сосо нымадта: абырæгæн дæр хорзы бацæуын æмбæлы, кæд лæджы ‘гъдаумæ раздæхид!.. Уый, бæргæ!.. Æмбисонд афтæ куы у: лæгъз ныхас калмы дæр йæ хуыккомæй расайы!.. Фæлæ уыцы абырæгмæ ницы бахъардта – калм уыд æмæ калмæй баззад!.. Йæ хуыккомæй нæ рабырыд, фæлæ дзы лæгыл, дунейы аргъ лæгыл, йæ марг ракалдта!..

Уынджы бæхыл æрцæйцыди сæумæрайсом. Мах дæр нырма нæ фысымтæм уыдыстæм: чи – кæмæ, чи – кæмæ. Уый æнхъæл та чи уыд?.. Гъе, æмæ йæ фæрссагæй фехста... Лæг ахауд уынджы астæу... Базгъордтам ма йæм иу-цыппарæй. Йæ сæрыл ма йын бæргæ схæцыдтæн, фæлæ ма цы?.. Цæстытæ – цъынд. Æрфгуытæ – æлхынцъ... Былтæ – зыхъхъыр, цыма, алы хаттау, худгæ кодта, йæ дзæнхъа дæндæгтæ гæзæмæ зындысты... Фæлæ дзургæ ницыуал скодта... Йæ къух ма ризæгау кодта æмæ йæ ехсы пылыстæг хæцæн рухсивæн хаста... Уалынмæ къух йæ ризынæй банцад æмæ уæд ехсы пылыстæг рухс дæр ахуыссыд... Базыдтон ме ‘намонд: лæг фæци, йæ хур аныгуылд... Нал ис Сау хохы фыййау. Иунæгæй баззад Урс хохы фыййау дæр... фæци Сосо... Мæнæ йæ зарæджы дæр афтæ куы дзырдæуы: Уæлæ фыййæуттæ сæ къустæ фæтылдтой... Сосойы мæрдадзы йæ дыууæ сау хойы сæ рустæ фæтыдтой!.. Уый æцæг уыди... Цы кодтаиккой уæдæ йæ сау хотæ, Сосойы хуызæн æфсымæр кæмæн уыди æмæ дзы уыцы æнамонды бон афтидæй чи абадт?..

Мах дæр нæ цæссыг ныхъуырдтам. Мах, хохы фыййæутты, кæуынмæ не ‘вдæлди. Мах фæфæдис стæм, йæ марæджы йын æрцахстам æмæ йæ уæлмæрды ныффæлдыстам. Сосойæн æй

мæрдты бæхæн арвыстам йемæ!.. Æндæр ницыуал нæ бон уыд Сосойæн... Фæци лæг... Фæци æмæ йæ æгъдауыл бавæрдтам...

Рухсы фæбад, ме ‘фсымæр!.. Чырыстийы рухс дæ хай, Сау хохы фыййау!.. Мæрдты бæсты кæд исты ис, уæд дæм æз дæр рæхджы зындзынæн æмæ та нæ зарæг кæндзыстæм... Хъуамæ дæ ма ферох уыдаид, Сау хохы фыййау, Урс хохы фыййаумæ куыд дзырдта йæ тыхсты заманы, уый... Рухсаг у!..

Хъасбол ныр цыма æрмæст йæхицæн æмæ Сосойæн дзырдта, æз йæ цуры дæр нæ уыдтæн, уыйау хаста йæ ныхас. Сыкъайы арахъхъ дæр йæхæдæг æркодта, стæй дзы рухс загъта, анызта йæ фыдæнæнгæнæгау, стæй сыкъайы былтæ йæ армытъæпæнæй адаудта æмæ мæм æй æрбадардта. Æз фæкомкоммæ дæн йæ цæсгоммæ æмæ федтон, йæ цæстыхаутыл цыдæр уымæл ахъазыд. Хъасбол йæ цæсты тигъ иннæрдæм азылдта æмæ мæм бахатыд:

– Рухс ын зæгъ ды дæр... Дзуары хуызæн лæг уыди... Ныр, чи зоны, ахæмтæ нал дæр ис... Æз дзы нал федтон... Æниу æз кæм вæййын, кæм сæ хъуамæ федтаин?.. Фæлæ мæнæ Къуыдары дзыхъхъы цы адæм уыди, уыдоны зыдтон, ныр дзы чи ис, уыдоны дæр зонын, фæлæ дзы ахæмыл мæ цæст никуыуал схæцыд... Уый искæмæн уайдзæфы тыххæй нæ зæгъын, нæ дæр мæм мæрдтæ удæгæстæй хуыздæр кæсынц, фæлæ æцæг афтæ у... Уыди нæм, æцæг, нымады лæгтæ, зонд æмæ ныхасы лæгтæ. Искуы ма нæ уыд!.. Бирæты-иу дзы туджы фидыды æхсæны лæгæн дæр æрцагуырдтой, суанг Зруггом, Згъилгом æмæ Наргомæй дæр... Уыди лæгтæ, хорз лæгтæ, фæлæ дзы Сосойы хуызæн никуыуал федтон.

Хъасбол фæхъуыдыйыл, йæ цæсгом ныттар, æмæ цыма искæимæ быцæу кодта, уыйау мæстыйæ райдыдта йæ ныхасы ног фæлтæр. Цæуыл рамæсты, уый æз нæ бамбæрстон, фæлæ, æвæццæгæн, уый мемæ нал дзырдта, æндæр кæимæдæр уыди йæ дзырддаг, æмæ йын æз цы зыдтон. Уый та, æз цы зыдтон æмæ нæ зыдтон, уымæ нæ каст; уый йæхицæн дзырдта æмæ йе ‘мцахъхъæнтæн.

– Ныр нæм ахæм зонды лæгтæ дæр ис, мæ кары адæмæй зæгъын, йæ фырзондджынæй афтæ чи дзуры: цы сарæзта Сосо, йæхи æрбайсæфта, æндæр?!. Адæмы сæрыл йæхи хаста æмæ хæсгæ мард фæци, – уый дын йæ хабар уæлæмæ дæр æмæ дæлæмæ дæр!.. Уый сæм зонды тæрхон кæсы!.. Мæ нымадæй та

уый у ærдыст лæджы зонд, æндæр ницы!.. О, йæ сæр æрхаста, хæсгæмард фæци, фæлæ цы кодтаид æндæр?.. Стæй куыд цæрæн ис а-зæххыл, алчи йæхи куы ‘мбæхса адæмы фыдбылызæй, уæд?.. Æдылы ми, дам, уыд, советон дуг, дам, æрцыдаид æнæ уый дæр!.. Уый гæды ныхас у: йæхи къахæй æрмæст фыдбылыз цæуы! Хæрзæбонæн та хъуамæ исчи йæ фарс уа, йæхи йын нывонд кæна, науæд не ‘рцæудзæн, уалдзæджы хурау... Куы цæуа, уæддæр æй фыдбылызтæ æмæ сæ фарсхæцджытæ не ‘руадздзысты... Ныр сæрнывонд лæджы æдылы схон, иугæр хæрзæбон куы ралæууыд, уæд – уый æнцон у!.. Фæлæ фаухæсджытæ уыцы зонддзжынæй кæм уыдысты раздæр?.. Уыдон се стыр зонды руаджы цæуылнæ бахызтой лигъдон адæмы, тæригъæддаг мæгуыр-ты, абырджыты фыдмитæй?!.

Нæ, уыдон хъармкъухы ныхæстæ сты, ærдыст зонды байзæддаг!.. Сосойы хуызæн æдылытæ хуыцау куы раттид алы комбæстæн дæр! Уæд нæ цард бæргæ хуыздæр уаид, фæлæ кæм ис?.. Хуыцаумæ дæр ахæм лæгтæ, æвæццæгæн, бирæ нæй, æндæра йæ цæст бауарзид, раттид сæ, фæлæ алкæуыл не ‘ххæссынц...

Раст у, цардæй ницы федта, хæсгæ мард фæци, йæ номыл иу бындар дæр нæ баззад... Цы йыл цыди? Иууыл диссаг – аст æмæ ссæдз азы... Йæ мард, мæгуыр, йæ фыдыуæзæгыл дæр нал сæмбæлд...

Хъæсбол та цæуылдæр ныхъхъуыды кодта æмæ зæхмæ ныккаст, стæй йæ сæр сдардта, йæ цæст æбæрæг цæуылдæр ахаста æмæ фæсусæй афтæ бакодта:

– Æниу, чи зоны, хуыздæр уыд, афтæ кæй æрцыд хъуыддаг, уый... Мæнæ хæсты размæ адæмы хуыздæрты куы ахстой, – ды уæд сывæллон уыдаис æмæ йæ нæ хъуыды кæндзынæ, – уæд Къуыдаргомы дæр иу хуызæны лæг нал баззад. Ассывтой сæ Симбыры ‘рдæм æмæ дзы йæ хæдзарыл ничиуал сæмбæлд, иу-дыууæ лæгæй дарддæр, уымæй дæр ссæдз азы фæстæ... Уыцы дудгæбоны рæстæджы-иу æз мæхимидæг куывтон: хуыцау, мæ уд дæ фæхъхъау, æгайтма Сосо ацы заманмæ нæ рацард!.. Науæд æй искуы ахæстоны аргæвстаиккой кæнæ Симбыры æнæныгæд мардæй баззадаид...

Раст у, цардæй ницы федта... Æниу ницы федта цы иыхас у?.. Цардæн йæ дудгæбонæй алцыдæр бавзæрста, йæ хæрзæбоны рад та уымæ не ‘рхауд. Æмæ цардæн йæ фыдæбон ницы у? Уæд не ‘ппæт дæр дзæгъæлы куы цæрæм, бынтон дзæгъæлы!..

Æцæг, хæрз лæппуйæ ахуыссыд йæ зынг... Фæлæ йæ ном баззад, йæ зарæг баззад æмæ йæ, чи зоны, нæ ферох кæной фæстагæттæ дæр... Уымæй хуыздæр амонд та ирон лæгмæ никуы ‘рхауд... Уый хорз амонд у!..

– Цæй, ноджыдæр рухсаг у, Саухохы фыййау!.. Рагæй дын нал загътон рухс æмæ мын æй ныггæдзæ кæ! Зæрондæн йæ зонд хус кæны, йе ‘уæнгтау, цы йыл æмбæлы, уый нал фæзоны; цы фæзоны, уый та йæ бон саразын нал вæййы æмæ мын хатыр фод!.. Мæнæ мын абон ацы хорз уазæг мæ зæрдæйы тыппыртæ суадзын кодта, абондæргъы дæ мысын, дæ кой кæнын æмæ мæрдты рухс дзæнæты бад!..

Кастæн Хъæсболмæ... йæ хъæлæсы уаг цыма нæ ивта, фæлæ уыдтон дыууæ цæстысыджы, миты къуыбæрттау, æртылдысты уадулты хус цармыл æмæ русты æнæдаст хилты аныгъуылдысты... Чи зоны, уый арахъхъы аххос дæр уыди, – ноздæй лæг тæнзæрдæ кæны. Фæлæ мын абондæргъы цы радзырдта, уымæй бæрæг уыд – Сосо йын, æвæццæгæн, иунæг ахæм æфсымæр уыд, мæлæты бонмæ зæрдыл чи лæууы... Мæ хъуыды фездæхт мæ кары адæммæ æмæ аракæс-бакæс кодтон мæ алыварс... Барæнæбары зæронд Хъæсболмæ хæлæг кæнын райдыдтон æмæ мæ зæрдæ ныммæгуыр... Хъæсбол мæ бынтондæр айрох, фæлæ мæм уый йæхæдæг фæдзырдта: «Цæуæм, мæ хорз уазæг, хур акъули æмæ нæхимæ адымæм. Науæд зæронд ус зæгъдзæн: сау бон мæ баййæфта, нæ зæронд лæг кæмдæр барасыг æмæ рагъы уырдыджы фæтылди...»

Рацыдыстæм фæстæмæ. Хæссинаг нæм цы уыд, уыдон иууылдæр мæхимæ райстон: уадз æмæ зæронд лæг афтидæй цæуа. Нуазгæ дæр акодта æмæ уæд та искуы фæкалд... Хъæсбол цыд мæ разæй æмæ мæм афтæ каст, цыма уый ноджы фæзæронддæр. Цыди гуыбыр-гуыбыр, æмæ алы къахдзæфæн фæндаджы хъæбæр къупп-къупп кодта йæ лæдзæджы фындзæй. Æвæццæгæн, нырма дæр Сосойыл хъуыды кодта, йæ рагбонты мысинæгтæй нæма схицæн. Æвæццæгæн, цалынмæ йе ‘рвылбоны митыл нæ фæуа, уæдмæ йæ зæрдæйæ не схицæн уыдзысты. Æмæ йæ цы хъыгдарон: уадз æмæ мыса, æвидигæ хæзнайау, йæ зæрдæйы æвæрæнтæ раууил-баууил кæна... Ауагътон зæронд лæджы йæхи бар, ницы йæм дзырдтон æмæ æз дæр цадæггай мæ мид-зæрдæйы сагъæстыл фæдæн... Нæ уыд мæнæн дæр Сосойы таурæгъæй нырма фæхицæн. Мæ зæрдыл æрлæууыд, иу

хатт мын дзоныгъаразæг зæронд лæгтæй иу афтæ куы загъта, Сосойæн тæригъæд кæнгæ: «Йæ сæр адæмы тыххæй æрхаста, фæлæ дзы цы фæпайда кодта?.. Адæм цæрынц сæхицæн, уый та хæрз лæппуйæ мæлæты хай баци...»

Хъасболы фæрсинаг уыдтæн, уый та куыд нымайы, зæгъгæ, фæлæ мæ фыццаг айрох, стæй та хъусынмæ фæдæн. Ныр æй фæрсын нал хъуыд – йæхæдæг радзырдта йæ сагъæстæ, цыма кæимæдæр быцæу кодта... Æвæццæгæн, зæронд лæгты ‘хсæн рагæй сæвзæрд ацы быцæу æмæ Хъасбол уый ссадвæдыл дзырдта афтæ тызмæгæй... Мæ зæрдыл æрæфтыд, ахæм быцæу мæ кары адæммæ дæр кæй æрхауы, кæд Сосоиты фæлтæры хабæрттæ мах хъусæггагæй зонæм, уæддæр. Æмæ уыцы быцæуты иу æмæ дыууæ хатты нæ фехъуыстон, йæхи зонды къуыбар чи ‘нхъæлы, алкæмæн æмæ алцæмæн тæрхоны лæг чи у, ахæм ахуыр лæгтæй: Иры фæсивæдæй революци æмæ мидхæсты заманы адæмы сæрыл йæ сæр чи хаста, уыдон бæлвырд зонгæ дæр нæ кодтой, цæй охыл цыдысты удуæлдай хæстмæ, иумæйаг уылæн сæ йæ фæдыл хаста æмæ куы фæуæлахиз уой, уæд цард цы æмæ куыд уыдзæн, уый сæм аргъауы хуызæн каст... Афтæмæй та мæлæтмæ цæуын зонды хъуыддаг нæу...

Бирæ хъæбæр ныхæстæ æрцæуы ахæм быцæуы рæстæджы, лæг сæ йæ зæрдыл кæм дары, фæлæ мыл ныр ногæй æртæфстысты æмæ мæ миднымæры нымадтон мæ уайдзæфтæ, кæд мæм хъусæг нæ уыд, уæддæр...

Искæй сгуыхтыл, искæй уæлахиз кæнæ искæй цухдзинадыл уæлвонг ныхæстæ кæнын зын никуы уыди. Æнцон у Сосойы фæлтæры хабæрттыл тæрхон кæнын дæр. Фæлæ уыдон тыххæй иу мæнг ныхас зæгъын, мæ нымадæй, стырдæр аипп у, нæхи митыл тæрхоны фæрæдийынæй... Сосойы цард æмæ мæлæт адæм банымадтой сгуыхтдзинадыл, зарæджы аккаг сгуыхтыл. Ома фæрæдыдысты?.. Кæд мыййаг мæ зонгæ тæрхоны лæгтæ рæдийынц?.. Ахуыр сты, бирæ чингуытæ бакастысты, зонынц царды ивæнтæ æмæ рæстæджы хætæнтæ дæр, æцæг, чиныгæй æмæ искæй ныхасæй. Зондæй дæр хайджын сты. Фæлæ цыма æгæр нымайаг у сæ зонд, лæджы митæ цы пайда расайдзысты сæ фæдыл, уый развæлгъау уæнггай нымайаг зонд?... Æмæ мæм мæ зæрдæ дзуры: цымæ ацы зонды лæгтæ сæхæдæг искуы искæй сæрыл æрхастаиккой сæ сæртæ?.. Нæ мæ уырны!.. Ахæм зонды хицау йæхи сæрæй стырдæр æмæ зынаргъдæр хæзнайыл ницы

нымайы а-дунейы. Чысыл ницы-мацыты тыххæй та зондджын лæг йе стыр хæзна нæ рауæлдай кæндзæн... Уый æрмæст æдылытæ бакæнынц, хъæбатыр æдылытæ!.. Мæнæ афтæ кæмæй загъта поэт: «Безумству храбрых поем мы славу!» – æрмæст уыдон... Чи зоны мæ зондаби зонгæтæ сæхи рæзтæ ‘хсæдынц, искæй сгуыхт уды фарн æдылы рахонынæй?..

Хин у рагæй æрæгмæ адæймаджы зонд. Йе ‘рдзыхъæд рæхджы кæм аивдзæн. Чи зоны, исты рæстдзинад ис мæ зондаби зонгæты ныхасы дæр. Ирон æмбисонд уый куы зæгъы: хыл иу лæджы аххосæй нæ вæййы... Чи зоны быцæуы мидæг дæр иу бынтон зылын, иннæ та бынтон раст нæ вæййы. Фæлæ уæддæр мæнмæ хуыздæр кæсы хъæбатыр æдылыдзинад, нæ – хъæбатыр нæрæмондзинад! Зарæг уыдон уарзы:

«Ой, бецау, Нартыхты Сосо!..»

Нæ, Сосойы сгуыхт уд æрмæст зарæджы æвджид хъуамæ ма уа. Уый махæн – абоны фæлтæрæн – æнусон хæзна у, искæй рог тæрхоны ‘вджид уадзинаг нæу. Уымæн зæгъы зарæг:

«Ой, ысгуыхт Нартыхты Сосо!..»

Æдт, сгуыхт фыдæл! Ма нын фæтæрс, мах, дæ фæстагæттæ дæр, кæд афтæ æнæрæгъыдзыд нæ разыниккам. Кæд базониккам де сгуыхт æмæ дæ номæн аргъ кæнын дæр, зарæг дыл чи скодта. уыдоны зонд, æмæ фæдзæхст нæ зæрдыл, æцæг ирон лæгтау, дарын дæр:

*Ой, Нартыхты Сосо мын*
*афтæ куы бадзуры...*

*КЪОДОТЫ Альберт*

# РУХСÆЙ ГУЫРД ЗАРÆГ

## ИРМÆ

Мæ къæбæр æнæ дæу нæ хизы мæ хъуыры,
Дæуыл у мæ сагъæс, дæумæ у мæ каст.
Мæ мадау дæ уарзын – гыццыл у, ыстыр у,
Мæгуыр у, хъæздыг у – сыгъдæг у мæ уарзт.

Кæд абон дæуæн дæр æгæрон фæзындæр,
Уæддæр мын цыт уæвын, ныфс уæвын фæраз!
Мæгуыр дæ, хъæздыг дæ, гыццыл дæ, ыстыр дæ, –
Æрмæстдæр мын у, æрмæстдæр мæ уарз.

* * *

Цу. Дарддæр цу. Цы куыст дын ис æндæр?
Уæддæр нæ удтæ нал ысты цæрынæн,
Зæгъ мын æй ды. Æз дæр дын æй зæгъдзынæн,
Куыд сыгъдысты нæ зæрдæтæ кæддæр.

Æниу... Æниу куыдфæнды дæр фæцæр,
Уæддæр æвгъау у адæймаг мæлынæн,
Уæлдайдæр та, дæ рог зæрдæ цæрынæн
Куы нæ уа гуырд. Куы нæ кала цæхæр.

Ыскæс-ма, хур та сау мигъты фæсырдта.
Æмæ кæд не сты зондæй гуырд мæ дзырдтæ,
Уæддæр мæм хъус, фæлæ дæ хъуыддаг кæн.

Æнæ афон рæгъæд дыргъ дæр нæ хауы.
Нырма нæм цардæй хус къæбæртæ хауы.
Нырма ыстæм... Нырма нын ис цæрæн...

* * *

Уæгъды сæ нæ тыхстæн,
Уæгъды сæ нæ тарстæн, –
Рацыдысты хинæй,
Адæймагыл азтæ.

Знон дæр ма – æнæхин,
Знон дæр ма мæ зæрдæ
Хуримæ æмсæрæй
Зарыди «Уæрæйдæ!».

Знон дæр ма зыдгæнгæ
Амондæн йæ астæу
Не 'фсæсти мæ зæрдæ
Зарæг æмæ уарзтæй.

Знон дæр ма нæ тыхстæн
Адæмæй æппындæр,
Æмæ ради зæрдæ,
Урс хæхтæн сæ уындæй.

Хион мын уыд дуне,
Хион уыди цард дæр.
Æмæ хызт мæ хъуыды
Арвы риуæй дарддæр.

Ныр кæсын мæ размæ,
Ныр кæсын фæстæмæ.
Дис кæнын, куыд хæссын
Ахæм цард мæ сæрмæ.

Дис кæнын æндзыгæй
Кæсæны мæхиуыл.
Дис кæнын: мæ ныхмæ
Ацы зæронд чи у?!

Дис кæнын, цы фесты
Йе згъæртæ мæ удæн.
Нал уынын мæ фæндаг,
Нал зонын тæхуды.

Уæгъды сæ нæ тыхстæн,
Уæгъды сæ нæ тарстæн.
Рацыдысты хинæй
Адæймагыл азтæ.

* * *

Ехх, бæргæ, куы фæуаид
Зæххы тых мæ зарæгæн,
Уæд фæцæуин ронбæгъдæй
Катайæн йæ марæгæй.

Ехх, бæргæ, куы фæуаид
Хуры тых мæ уæнгты дæр,
Уæд фæхæссин амондмæ
Адæмы мæ цæнгтыл дæр.

Ахæм цард сын саразин,
Суй куыд кæной дауджытæ.
Зинтæ сæм æрвитиккой
Алы бон фидауджытæ.

Ехх, мæгуыр дæ, хъал зæрдæ...
Фæлæ стæм хатт, барвæндæй,
Цард зонгæйæ, зæрдæйы
Ахæм хорз дæр бафæнды.

* * *

Къуыдайраг дæн, чысайнаг,
Куыдфæнды дæр мæ хон...
Уыдис æмæ уыдзæни
«Ирон лæппу» мæ ном.

Æгæр уарзын ирон дзырд.
Æмæ цыфæнды уæд –
Æнæ хæхтæй мын дуне
У хаст æмæ къуындæг.

У уарзтæн гом мæ зæрдæ,
У хурæй гуырд мæ зард.
Цæуын, фæлæ – нæ цæуын
Мæ Иры хъыгтæй дард.

Зын мын у тынг ыстæм хатт,
Тыхсын, фæлæ йæ зон, –
Мæ хæйрæг дæр ирон у,
Мæ Хуыцау дæр – ирон.

* * *

Хиз дæхи фыдбылыз æмæ мастæй,
Хиз дæхи мæтæй æмæ хъыгæй.
Даргъ у цард, æмæ йæ фæндаг раст у,
Фæлæ дзы æнæ фæцудгæ нæй.

Ма агур æгæр бирæ дæ удæй.
Зоныс зарын? Зоныс – æмæ зар.
Ма хъаст кæн дæ цард æмæ дæ дугæй.
Де знæгтæн сæ рæдыдтæ ныббар.

Хур дæм дары нуазæнау йæ тынтæ?
Райс сæ – æмæ бузныг зæгъ, кæй дæ.
Ферох кæн дæ гæвз æмæ дæ зынтæ,
У æдзухдæр амондмæ цæттæ.

Хиз дæхи фыдбылыз æмæ мастæй,
Хиз дæхи мæтæй æмæ хъыгæй.
Демæ цардмæ ахæмæй цы ‘рхастай,
Æмæ йæ фæцух кæнай ныфсæй.

* * *

Куы цæуай, уæд фæсмон кæнынвæнд ма скæн.
Куы цæуай, уæд цъæх дзаумæттæ ыскæн.
Мæ дуар мын-иу уæздан-уæздан æрбахгæн, –
Фæллад дæн тынг, фæлæ къуырма нæ дæн.

Куы цæуай, уæд хатыр курын нæ хъæуы
Нæдæр æфсарм æмæ нæдæр мæнæй.
Мæгуыр дæн æз... Мæгуыр уд та кæй хъæуы?..
Дæумæ дæр искуы бахъардзæн... ыстæй.

Куы цæуай, уæд дæ сау зæрдæмæ ма хъус,
Цы зонынц рисæн халон æмæ уыг?
Фæци мæ цард, фæлæ дæ цард нæ фæци, –
Нырма лæудзынæ амондæн уырдыг.

Куы цæуай, уæд дæ сау цæстытæ ма ‘мбæхс,
Ныууадз-ма иу хатт зæрдæйы сæ фæд,
Ыстæй мын уæд мæ тæригъæд дæр ахæсс,
Куы цæуай, уæд...

* * *

Мæйрухс у æхсæв, хъарм у æмæ сабыр,
Кæсы мæм арвæй бур уæрыккæй мæй,
Æмæ мæ сæры иу хъуыды дæр нæй,
Цæуын мæхицæн мæйыл худгæ тары.

Цы уæлдай у, кæрæдзийæ цы дарæм?
Цы уæлдай у, кæй азылдтæ лæгæй?
Мæ митхост сæры иу хъуыды дæр нæй,
Цæуын мæхицæн мæйыл худгæ тары.

Æнхъæлыс, ды фылдæр зæгъдзынæ уарзтæн
Дæ дзæнгæда, дæ ололи, дæ мастæй?
Ныууадз, мæ хур, уæддæр нын фидæн нæй!

Цæр дарддæр. У дæ сау зæрдæйæ разы,
Æз та... Æз та мæ ауунимæ хъазын,
Æмæ мыл худы арвы риуæй мæй.

* * *

Куы сæхгæнын мæ цæстытæ, уæд мын
Æнцондæр у дæ зæрдæимæ дзурын,
Æрмæстдæр у, æрмæстдæр у мæ цуры,
Ныддаргъ мын кæн мæ цин æмæ мæ фын.

Мæхи сайын мын никуы уыди зын
Æмæ Хуыцауæй тынг бирæ нæ курын.
Æрмæстдæр у, æрмæстдæр у мæ цуры, –
Зын мын у тынг æнæ дæуæй цæрын.

Æмæ, æнхъæлыс, не ‘мбарын мæ рæдыд,
Фæлæ, зæгъ-ма, поэты уд кæд нæ уыд
Хæррæгъ дунейы сыг æмæ æрду.

Æмбарын æй, æгад кæнын дæ цæсты –
Кæй ма цæуын, кæй ма кæсын дæ фæстæ,
Фæлæ зын у, æнæ дæуæй зын у.

* * *

Рухсæй гуырд – мæ хъуыды, амондæй – мæ
дзырдтæ.
Бузныг дын, мæ царды иуцасдæр кæй уыдтæ.

Хъазы хур йæ тынæй, дымгæ та – йæ тыхæй.
Бузныг дын, кæй сыгъдтæ иуцасдæр мæн тыххæй.

Нал ныууадздзæн рæстæг дун-дунейыл дур дæр,
Фæлæ нын нæ уарзтæн ницы кæндзæн мур дæр.

Ничи ис йæхицæй рæстæгæн рæстуддæр –
Баззайдзысты арвыл стъалытæй нæ удтæ.

* * *

Нæ, раст нæ дæ – мæнæн мæ цард æндæр у,
Æндæр ысты мæ куывд æмæ мæ хъæр.
Дæуæн цæры æцæг бæллæх дæ хъæры,
Мæнæн та у ныфсы фæрдыг ныр дæр.

Нæ, раст дæ ды – дæуæн дæ цард æндæр у.
Æз та йæ зонын – афтæ цæрæн нæй.
Æнæджелбетт! Æндæр хъуыды – дæ сæры:
Цы радавай, кæцæй æмæ куыдæй.

Æмæ цæрæм дыууæ ызнагæй царды.
Йæ иу фарс – ды, йæ иннæ фарс та – æз,
Куыд цæрынц арæх хорз сыхæгтæй зарды
Дыууæ тыхы – дызæрдыг æмæ ныфс.

* * *

Уары... Абон дæр та уары,
Арв æрттивы, арв нæры,
Фæлæ зæрдæйы йæхицæн
Царди ныфс – æмæ цæры.

Ис мæ ныфс, мæ Ир, дæ зынтæ
Фесты, нал сын и бындур.
Арвыл нал баззади мигътæ
Æмæ фидар бады хур.

Ис мæ ныфс, уыдзæни афтæ –
Цард – сæрибар. Адæм – раст.
Æмæ нал уыдзысты хицæн
Фарн, æнхъæлцау æмæ уарзт.

* * *

Хæссын мæ хæссинæгтæ мемæ,
Хæссын мæ уд, хæссын мæхи,
Цы ‘рхастон ацы цардмæ мемæ,
Æмæ цæуыл марон мæхи?

Хæссын мæ хæссинæгтæ мемæ,
Хæссын мæ ныфс, хæссын мæ уарзт.
Кæм ысты бирæ, фæлæ семæ
Дæн зæхх, стæй адæмимæ баст.

Иу куры кувæндон Хуыцауæй,
У ис-бис иннæмæн хуыцау.
Нæ, нæ! Æппындæр сæ нæ фауын,
Æниу сæ цасфæнды дæр фау.

Мæнæн хуыздæр ысты мæ фæндтæ.
Мæнæн æнцондæр у цæрын, –
Тыхт ысты дымгæйæ мæ сæнттæ,
У арвæй хъулондæр мæ фын.

Кæсы мæм судздза стъалы дардæй,
Цæуын æм рагæй, æмæ у
Мæ зæрдæ афтæ разы цардæй,
Цыма æгас дуне мæн у.

Цæрын мæхицæн, дæн мæхицæн,
Быхсгæ мæ хæссинаг хæссын.
Хуыцауы не ‘лгъитын мæхицæй,
Æрхъæцмæ амондмæ хъæцын.

Мæхи мæнг ныфсытæй нæ сайын,
Нæ мæ у ме ‘цæг нысан рох.
Мæ хæсыл раст уæвын нымайын
Æмæ сæрибар цардыл тох.

Цы курын адæмæй? Цы кусын?
Цæмæн у афтæ рухс мæ къуым?
Хæлмагау рæстæгæн йæ русыл
Мæ уд цæмæннæ кæны хуым?

Æви, дæумæ гæсгæ, нæ цæрын?
Æви мыл никуы фембæлд рис?
Æз дæр æй хорз уынын, æвзæрæй
Цы уыд ызнон æмæ цы ис.

Мæнæн дæр зонгæ у æрхæндæг,
Æз дæр нæ рог дугæй тыхсын.
Фæлитой, марг æмæ æзæрдæ
Мæнæн дæр арæх кæнынц зын.

Фæлæ нæ хæццæ кæнын семæ,
Нæ сæттын уыдæттыл мæ сæр.
Хæссын мæ хæссинæгтæ мемæ
Сæ гæвзæй иугыццыл уæлдæр.

У здыхт мæ рихийау мæ зарæг,
Нæ исын амондæй мæ арм.
Æмæ йæ райдыдтон æмбарын,
Ныфсæн кæцæй цæуы йæ хъарм.

Кæсын æууæнкимæ мæ размæ,
Гуырдзæй – мæ адæмимæ баст.
Кæнынц мæ рухсы фæдыл размæ
Мæ ис – мæ зарæг æмæ уарзт.

# ТАРАС ШЕВЧЕНКО: 200 АЗЫ



*Ног украинаг литературæйы бындурæвæрæг, номдзыд «Кобзарь» сфæлдисæг Тарас Григорийы фырт Шевченкойы ном зындгонд у æгас дунейыл. Уый канд стыр поэт нæ уыди, фæлæ иттæг дæсны нывгæнæг. Йæ рæстæджы бæрзондылбадæг хицæуттæ, стæй уæдыккон æвирхъау цардæвæрды ныхмæ кæй фыста, уый тыххæй йæ арвыстой Орскы облæстмæ, стæй та фидар Новопетровскмæ. Уыимæ йын нал уыди ныв кæныны æмæ литературон уацмыстæ фыссыны бар.*

*Дыууæ азы сындзтелæй æхгæд бæстыхæйтты фыдбонтæ куы бавзæрста, уæд ын, æппынфæстаг, Сæйраг цензурон комитет бар радта, 1847 азы размæ цы поэтикон уацмыстæ ныффыста, ома хицæутты ныхмæ, стæй йæ рæстæджы хъизæмайраг цард æвдыст кæм нæ цыд, уыдон джиппы рауадзынæн. Чиныг рухс федта 1847 азы, дæсгай фæрстæ дзы æппæрст æрцыд, афтæмæй.*

*Тарас Шевченко амарди 1861 азы 47-аздзыдæй. Уæрæсейы номдзыд фысджытæй бирæтæ æрбацыд йæ мардмæ. Уыдонимæ – Ф. М. Достоевский, æфсымæртæ Жемчужниковтæ, В. С. Курочкин, Н. С. Лесков, Н. А. Некрасов, И. И. Панаев, Н. Г. Помяловский, М. Е. Салтыков-Щедрин...*

*Т. Г. Шевченкойы сфæлдыстады фæрцы украинаг литературон æвзаг фæци дзæвгар хъæздыгдæр, уый сфæлдыстадон æгъдауæй тынг сахадыдта, хуымæтæг адæмы ныхасы авналæнтæй дзырдаивады цæмæй ныфсхастдæрæй пайда кæной, ууыл.*

* * *

Ай цы у, цы удхар? Зæрдæ судзы риуы.
Дзидзидайау сисы уынæргъын, цъæхахст.
О, бецау, мæ зæрдæ, мары мæ дæ ниуын.
Зæгъ, цы у дæ катай? Райхал мын дæ маст.
Дойны дын у, стонг дæ? Стых дыл и дæ хуыссæг?
Уæд æрхуысс æнусмæ, кæн æнцад фынæй!..
Зон кæндзæн йæ кæнон сау фыдлæг æлгъыстаг,
Иблисты цыфыддæр... Ахуысс, зæрдæ, цæй!..

*1844.13.II*
*Санкт-Петербург*

* * *

Ӕрхуыссыд ингæны мæ фыд дæр,
Мæ мад дæр бафыста йæ хæс.
Мæ цард куы сси, мæ бон, цыфыддæр,
Уæд ма кæй зондмæ хъусон æз?
Кæм бамбæхсон мæ рыст?
Кæмæй курон æххуыс?
Кæмæй агурон куыст?
Ӕви ысуон æххуырст?
Нæ сæрмæ тулдзы къох фæцъæх.
Ыскъахон бæлæсты бын зæхх.
Уым тугыл аскъуыйдзæн мæ хуым
Мæ уаты бакæндзæн фысым
Мæ уарзон, суыдзыстæм цæрæг.
Фæлæ куы не 'рцæуа хæстæг, –
Мæ зæрдæ судздзæни фырмæтæй,
Уæд амонд курдзынæн дзыллæтæй...

Фæкуыста тулдзы къохы чызг,
Фæкалдта туг æмæ цæссыг.
Зæгъынц, йæ халсар тугыл аскъуыд
Чынддзон чызгæн. Фæлæ йæхæдæг,
Бецау уд, амондæн нæ райгуырд:
Ныххус кæйдæр къуымты...
Ӕрхæндæг...
*(Кос-Арал, 1848)*

* * *

Ныффынæй денджыз. Арв та – асæст.
Мылазон дондуне. Йæ был –
Къæдзтæ-мæдзтæ. Уым хъамыл асаст,
Ныккука... Иу уд нæй бæстыл.

Ӕз ам – æцæгæлон, æфхæрд лæг,
Мæ цæнгтæ згæ рæхыстæй – баст.
Хæрынц мæ сау катай, æрхæндæг.
Фæрсын: цæмæн дæн ардæм хаст?

Цы ‘мбары хус кæрдæг, æгомыг.
Æдзард – нæ йæм хъуысы мæ хъаст.
Цæнкуылтæй уылæныл æрзоныг.
...Уыдис æнæрхъуыды мæ фарст.

*(Кос-Арал, 1848)*

* * *

Æхсæв дæр, бон дæр мах бæллæм:
Сæрбостæ бакæнæм нæ «бодзтыл».
Дæ ныв нæ зæрдæты хæссæм,
Рæстдзинады апостол.

*(Петербург), 5 ноябрь (1860)*

* * *

О, ног та – сау бонтæ, фыдрæстæг!..
Уæдæ цы дуг уыди, цы дуг! –
Æнхъæлдтам: бархи цард æрхæстæг,
Мæгуыр лæг нал калдзæн йæ туг.

Фæлæ... Фыдæнхъæл та куы фæци
Мæ зæрдæ! – Сау лæгмартæ, стонг,
Хæрынц хъæхъхъаг куыйтау кæрæдзи.
Сæ тох, сæ хылы сæр – ыстæг.

*(Новопетровскы форт, 1854 (?)*

* * *

Уыдтæн æнæзонд æмæ хатгай
Æз кодтон хинымæры катай:
«Хуыцæутты, адæмы ыстау!
Бецау, куынæ цæрин фæлтау!
Цы дæн? Æмбыд къодах æрмæстдæр.
Мæ зæрдæ сау мастæй – дæнгæл.
Зæхх баци зинты. Ехх, ныммæл,
Фæд дæр куыд нæуал уа дæ фæстæ...»
О, маст! О, додой æмæ сар!

Мæ сæр кæдæм фесафон, оххай!
Бæстыл – быдырæй уа, йе хохæй –
Пилаттæ бафтыдтой былар!

*(1859 азы) 21 июль, Черкасстæ*

***Хъодзаты Æхсары** тæлмацтæ*

* * *

Тыхгæнæг, тугцъир æмæ ‘лдар
Фæуæнт дæ ахæсты, дæ бар, –
Рæхыстæ, сахсæнтæ сыл дар!

Нæ хуымтæй чи сисы бæркад,
Хъæру, цæрæнбон уымæн ратт,
Цæмæй æрттива, ‘хсида цард!

Æнæхин чи у, стæй сыгъдæг, –
Фæрнæй, æнæнизæй цæрæнт
Æмæ æдзух дæ фæдзæхст уæнт!

Мæнæн та ратт, мæ кæнæг, уарзт
Æмæ æнувыд æмбал, раст,
Æндæр дæ ницы курын æз.

*25 май (Петербург, 1860)*

***Кокайты Тотрадзы** тæлмац*



# «МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ



*Владимир Александрович Кузнецов, номдзыд археолог æмæ историк, бирæ бакуыста ирон адæмы рагон царды хабæрттæ раиртасыныл, рауагъта дзæвгар чингуытæ, бирæ азты дæргъы фæкуыста Цæгат Ирыстоны Абайты Вассойы номыл наукон-иртасæн институты. Ныртæккæ цæры Пятигорскы, фæлæ ирон адæмы, Ирыстоны нæ рох кæны. Æрæджы та йын Стъараполы рацыди ног чиныг «Древности Осетии-Алании» (чиныгуадзæн «Снег»). Чиныджы ис бирæ хуызджын иллюстрацитæ, нæ фыдæлты цард чи ‘вдисы (суанг хъобайнаг культурæйы астæуккаг æнусы онг). Нæ равдыст сарæзтам уыцы иллюстрацитæй.*





*Дагомы архитектурон цыртдзæвæнтæ.*





*Мызуры архитектурон цыртдзæвæнтæ.*





*Рагон Дзывгъисы фидар.*



*Дæргъæвс. «Мæрдты сахар». Мамсыраты мæсыг.*



*Дзывгъисы дзуары кувæндон.*



*Дзывгъисы зæппæдзтæ.*



*Нузалы аргъуан мидæгæй.*



*Нузалы аргъуаны рæбинаг хай.*



*Хъобайнаг культурæйы дзауматæ.*



*Æргъæвджытæ.*
*Хъобайнаг культурæ.*

*Æгънæджытæ.*
*Ссардтой сæ Змейкæмæ æввахс ингæны.*





*Ældары æхсаргард.*
*Ссардтой йæ Змейкæмæ æввахс ингæны.*



*Къæмунтæ. Аллон ингæны кæй ссардæуыд, ахæм дзауматæ.*



*Змейкæмæ æввахс ингæны кæй ссардтой, ахæм авджын къус æмæ æлыгæй конд дурынтæ.*



*Худ. Ссардæуыд æй Мæхческы уæлмæрдты ингæнтæй иуы.*



*Ромаг бронзæ тахъа.*
*Ссардтой йæ Заманхъулы цур сарматаг ингæны.*

# ÆВЗАГ – НАЦИЙЫ БЫНДУР

## *21 февраль – дунейы æппæт адæмты æвзæгты Бон*

* * *

Фæрсын уæ, цымæ æрдзы ныхмæ тыхми нæ уыдзæни, йæ мадæлон æвзаг чи нæма базыдта, ахæм сабийæн уыцы иу рæстæг иу, дыууæ кæнæ æртæ æцæгæлон æвзаджы амонын? Æрдз йæхæдæг ахæм фæткыл хæст нæу, уымæ гæсгæ уый æнæмæнг тыхми уыдзæни. Æрдз ахæм миниуджытæй хызт кæй у, уый бæрæг у адæмты хъысмæтæй дæр. Дыууæ адæмы куы баиу вæййынц, уæд сын дыууæ 'взаджы нал вæййы, фæлæ иу: кæнæ дыууæ 'взагæй иу мæлгæ акæны, кæнæ та дыууæ 'взагæй иу рауайы, фæлæ дзы уæддæр иу иннæйы йæ дæлбар скæны, йæхæдæг та сæйрагыл нымад æрцæуы.

* * *

...сывæллæтты чи уарзы, æцæг хæлар сын чи у, уый сын сæ фыд æмæ сæ мадæн хъуамæ куыд нæ бауынаффæ кæна: батыхсут, цæмæй саби фыццаджы-фыццаг æмæ æппæтæй тынгдæр йе 'ргом аздаха æмæ йæ зæрдæмæ арф иса йæ мадæлон æвзаджы аивтæ, фæлгонцтæ! Стæй уыцы аивтæ, фидыцтæ зæрдæмæ арф исыны хъуыддаг хъуамæ иудадзыг баст уа йæ зонды æппæт тыхты рæзтимæ.

* * *

Хъуыды кæнæн ис æрмæстдæр иу æвзагыл. Цалдæр æвзагæй талф-тулфæй куы дзурай, уæд дын сæ иу дæр хъуыды кæныны хотых не суыдзæни. Кусынæн дын гарз куы нæ уа, уæд куыст дæр нæй. Цалдæр æвзагыл хъуыды кæныныл куы архайай, уæд æппындæр хъуыды кæнынхъом нал уыдзынæ.

* * *

Царды хъомысæй ифтонг цы 'взаг у, уый цæрæццагдæр у. Æмæ уыцы 'взагыл цы æхсæнад, цы адæм дзурынц, уыдон дæр æххæстдæр уыдзысты царды хъомысæй, ахуырадæй æмæ æппæт хъуыддæгтæй дæр.

* * *

Нæ мадæлон æвзаг хъуамæ уа нæ иумæйаг ахуырады, стæй нæ алкæй зондахасты, удысконды бындур. Хъуамæ уый уа нæ иугæнæг, хъуамæ нæ алчидæр уый цæрайæ цæра.

* * *

Хъомылгæнджытæ æмæ фысджытыл стыр хæс æвæрд ис. Иутæ хъуамæ архайой се 'взаг зоныны хъомысæй сæ хъомылгæнинæгты удварны тыхтæ рæзын кæныныл. Иннæты хæс та у æвзаджы фæрцы адæймагæн æмæ æхсæнадæн йæ царды нысан æмбарын кæнын. Уыцы хæс хауы, цардæгас дзыхыныхасы æххуысæй бирæтæн се 'рвылбоны хъуыддæгтыл ахадыны куыст чи кæны, уыдонмæ дæр.

Уæдæ чи сты уыцы бирæтæ, æвзаг зонын йæхицæн дæр æмæ иннæтæн дæр иттæг ахсджиаг кæмæн у, уыдон? Цавæрдæр æбæрæг адæймæгтæ кæнæ æвзаргæ лæгтæ не сты, мыййаг. Уыдон сты, æвзаджы фæрцы æрдз йæхæдæг кæй бахæстæг, барвадиуæг кодта, ахæмтæ. Уыдон сты адæм. **Адæм** æмæ **æвзагæн** кæрæдзийæ хицæнгæнæн нæй. Адæм – æвзаг, æвзаг – адæм. Бар-æнæбары æвзæры хатдзæг: адæмæн æнæ се 'взаг бæрзонд æмвæзадмæ схизæн нæй, æвзагæн æнæ адæмæй уæвæн куыд нæй, афтæ.

***Измаил Срезневский***[1]

* * *

Дæ райгуырæн бæстæ æцæгæй никуы бауарздзынæ, дæ мадæлон æвзаг куы нæ уарзай, уæд. Йæ мадæлон æвзагмæ куыдфæндыйы цæстæй чи кæсы, стырзæрдæ йыл чи у, уый хъæддаг у. Уый цы у, уымæй у зианхæссæг, уымæн æмæ йе 'взагмæ куыдфæндыйы цæстæй кæй кæсы, уый дзурæг у, йæ адæмы ивгъуыд замантæ, абон æмæ фидæн æй мисхалы бæрц дæр кæй ницæмæн хъæуынц, ууыл.

***Константин Паустовский***

---

[1] Измаил Иванович Срезневский (1812–1880) – стыр уырыссаг филолог, рагон славяйнаг æмæ рагон уырыссаг æвзæгтæ иртасæг, разагъды лексикограф, фольклорист æмæ этнограф, Уæрæсейы зынгæдæр педагогтæ æмæ методисттæй иу. Цы скъуыддзæгтæ мыхуыр кæнæм, уыдон райстам ахуыргонды чиныг «Русское слово»-йæ (М., Просвещение, 1986).

* * *

Сæйрагдæр фæсарæйнаг æвзæгтæ сахуыргæнæн ис æхсæз азмæ, дæхи ‘взаг нывыл базонынæн та æнæхъæн цард дæр фаг нæу.

***Вольтер***

* * *

Æвзаг у сахар. Йæ саразыны тыххæй алы адæймаг дæр йемæ хæссы агуыридур.

***Ралф Уолдо Эмерсон***

* * *

Æвзаг у машинæ, æмæ цæмæй йæ цъæттæ хъыс-хъыс ма кæной, уымæ иудадзыг хъус дарын хъæуы.

***Антуан Ривароль***

* * *

Æвзаг ирдæй, бæлвырдæй æвдисы адæмæн сæ удварны фæлгонц.

***Абель Франсуа Вильмен***

* * *

Кæцыфæнды адæмæн дæр йе ‘взаг ивы, йæ цардыуаг, йе ‘гъдæуттæ, йæ зондахаст куыд ивы, афтæ. Æмæ кæнæ хæрзхъæддæр фæвæййы, кæнæ та бынтон фехæлы.

***Жан-Жак Руссо***

# ИРОН ФЫСДЖЫТÆ ÆВЗАДЖЫ ТЫХХÆЙ

* * *

Мæ гутон, мæ галтæ –
Мæ фæндыр, мæ зонд;
Мæ кадæг, мæ зарæг –
Мæ цард хоры конд.

Нæ дзыллæйы зæрдæ –
Мæ хуымгæнды хай;
Мæ бæсты сагъæстæ –
Мæ фæззыгон най.

* * *

Лæджы хуызæн лæг нæм – æстæм,
Бæрæг дæр нæ нал ис, цы стæм,
Цы уыдзæн нæ фидæн, нæ фæстаг?
Кæдæмдæр ма хилæм куырмæй...
Гъе, Уастырджи, ракæс, цæмæй
Нæ фæуæм бынтондæр фыдвæндаг!..

* * *

Гъæй-джиди! Искуы дæ фыййау куы разарид
Иу сау къæдзæхы сæрæй!
Хорз фосы дзугау дæ иумæ куы равзарид
Исчи йæ фарны хъæрæй!..

***Къоста***

* * *

Ирон лæг хицау нæ арæм, –
Чи ма нын райса нæ хæстæ.
Æнцад-æнцады фæцæуы
Кæйдæрты къухмæ нæ бæстæ.

## ИРЫСТОН

Фесæф, фесæф, нæ фæсивæд,
Хъæмпæй хосы не 'взарыс, –
Дæ цины дæр дæхи 'взагæй
Зæрдæрухсæй не сзарыс.

* * *

Тых ныл нал хъæуы, налдæр хæст,
Æнæ хъæр-цъистæй куы мæлæм,
Æнцад-æнцады кæмæдæр
Æхсæвæй-бонæй лæдæрсæм.

* * *

Хохы цъупп быдыр нæ комы,
Сæнæфсир сындзыл нæ зайы...
Æцæгæлонæй æфсымæр
Гæды дзырдтæй нæ ныссайы.

## ИРЫСТОН

*(Скъуыддзæгтæ)*

Ирон лæг, дæ бæстæ сагъæстæй хъæрзы,
Ныууагътай сидзæрæй дæ гуырæн бæстæ.
Чидæр дын дæ тугæй рувæстæ хæссы,
Фæлыгътæ кæдæмдæр кæрдзынты фæстæ.

. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .

Ма ныууадз иудадзыг дæ зæнæг дзæгъæл,
Ма бауадз сабиты мыдадзау тайын.
Исчи дыл æркалдзæн сызгъæрин цæхæр, –
Ма баком, Ирыстон, искæмæн сайын.

***Гæдиаты Секъа***

* * *

Чысыл ис Ирыстоны ахæм адæм, театрмæ чи бæлла, чингуытæ æмæ газеттæ кæрдзынау æхсызгон кæй хъæуой. (...) Культурон адæймаг чиныг æмæ газеттыл хардз кæны, **уæлдай** йын чи нæу, уыцы æхца дæр, культурон чи нæу, уый та йæ **уæлдай** суари дæр ратдзæни цæуылфæнды, æрмæст дзы нæ балхæндзæни газет, уымæн æмæ йæ æппындæр ницæмæн хъæуы.

Уыцы хъуыддагмæ хъус дарын у интеллигенцийы хæс. Кæд æй фæнды уый, æмæ газеттæ æмæ журналтæ уой, чингуытæ уæйгонд цæуой, пайда дæттой, уæд хъуамæ хъомыл кæна адæмы, цæттæ йæ кæна культурæ æмбарынмæ. Ахæм куыстæн йе 'нтысты сæйраг уавæр ис уый мидæг, æмæ интеллигенци хъуамæ дард ма лæууа дзыллæтæй, йæ къух хъуамæ æххæсса адæмы къухмæ.

***Коцойты Арсен***

* * *

Де 'взаг уæд мæлгъæвзаг. Фæринкæй цыргъдæр, уымæй тынгдæр кæрдæд, æхсæры къæрццæй рæвдздæр, топпы фатæй растдæр!

Уый уыдзæн рæсугъд æвзаг! Уый уыдзæн тыхджын дзыхы дзуапп: зонд æмæ зæрдæйы дуар чи у.

Дæ зæрдæйæ цод уарзондзинад, зонд та йын фæндагамонæг. Дæ дзуаппæн иудадзыг йæ тых ма ‘ргом кæн. Кæм хъæуа, уым та пакъуыйæ фæлмæндæр æмæ хъармдæр уæд дæ уарзон ныхас – йæ тавдæй хъæбæр зæрдæ фæлмæн куыд кæна!..

Ратт ын мæлгъæвзаг, табу дæхицæн, Сызгъæрин Уастырджи, джих куы уæм, уæд-иу кæмæ æрыхъусæм, фæринчы риуыгъдау кæмæй стъæлфæм, зæрдæйыл æнæмæнг æхсæры къæрццау чи ‘мбæла, йæ фыррастæй мæнгарды цæст чи къаха.

Ахæм зонд æмæ ‘взаг æрмæст дæуæн и, Сызгъæрин Уастырджи, дæ тæфæй йын хай бакæн, цæмæй адæмæн дзура рæстдзинæдтæ...

***Брытъиаты Елбыздыхъо***

* * *

Æ маддæлон æвзаг, зонгæй æй дæлдæр ка фæккæнуй, уæхæнттæн мæ æрфæндуй зæгъун: «Ци бегара дæбæл ес, дæумæ ка игъосуй, еци адæмæн æцæгæлон æвзагбæл дзорун?»

***Малити Геуæрги***

## ЗАРÆГ

Нæ Иры иронæй
Кæмæ ис æгъдау,
Уый хизæд фыдбонæй
Фыдмастæй Хуыцау.

Ирыстон йæ цæсты
Кæмæн нæу æгад,
Ирыстон нæ бæсты
Кæмæн у йæ мад,

Йæ бæстæ йæ мадау
Кæмæн у зынаргъ,
Кæмæ кæсы кадау,
Ирыстон, дæ уаргъ,

Æгъдауæй, æвзагæй
Нæм чи у ирон, –
Ирыстоны рагæй
Нæ халы йæ рон,

Нæ Иры иронæй
Кæмæ ис æгъдау,
Уый хизæд фыдбонæй,
Фыдмастæй Хуыцау.

*Илас Æрнигон*

## ИРОНÆН

Ирон, мæн æвзагæн
зæгъис ду «хуæрзбон».
Æз дæр фуддæрагæн
зæгъун мæ фæндон.

Гъуддаг ку цæуидæ,
бæргæ, фæндонбæл.
Мæ мадæ, мæ фидæ –
фæлтард зин бонбæл.

Кæд æз нæ фæразун
де 'взагæй дзорун,
уæддæр кæун уарзун,
мæ радæ корун.

*1927*

*Багъæрати Созур*

* * *

Мах, нæ фæсивæд, нæ ирон адæмы æрдумæ дæр нæ дарæм, нæ сæр сæрмæ нæ хæссæм, æмæ нæ æрдумæ дæр уый тыххæй ничи дары. Мах куы зониккам, нæ фыдæлтæ чи уыдысты æмæ сæ къухæй цы нæртон хъуыддæгтæ цыди, уый, уæд хъал уаиккам нæ ирон номæй æмæ нæ сæр æгадмæ нæ уадзиккам.

Афон у, нæ адæм, махæн дæр нæ истори базонын æмæ уый тыххæй иронау фыссын.

*Темырханты Сослан*

* * *

Æмдзу кæндзыстæм дунейы кусæг адæмимæ, уыдонæй нын хицæнгæнæн нæй, куыд иунæг æртахæн нæй фæхицæнгæнæн стыр денджызæй. Фæлæ уыцы кусæг адæмæн дæр фæдисонæн не сбæздзыстæм, нæ сæрæн куы нæ уæм, нæ къахыл æдæрсгæ куы нæ лæууæм. Цæмæй нæ къахыл слæууæм, уымæн та йæ сæйраг амæлттæй сæ иу у не 'взаг. Æрмæст æвзаджы руаджы райхъал уыдзæни нæ зонд, æрмæст уый фæрцы æнæ фæрисгæйæ бауыдзыстæм хайджын сæрибары æрхæсгæ хæзнатæй. Размæ нæ ацæудзыстæм, нæ зонд не стыхджын уыдзæни, йæ фисынтæ йын нæхи æвзагыл куынæ самайæм, йæ уидæгтæ йын нæхи æвзагыл куынæ сфидар кæнæм.

***Тыбылты Алыксандр***

## ИРОН ЗАРÆГ

Нæ зонын æз,
кæм райгуырдтæ, цы комы,
Цы быдыры дæ систæуыд бæрзонд.
Уыдис уый хъал равджы æви зындоны,
Уыдис хæтъæф лæппу,
æви зæронд,
Уыдис фыййау,
хызта кæйдæр фос рагъыл,
Уыдис гæвзыкк,
цыбыркъух,
кæнæ рыгъд,
Чуфут-Калейы
  бадти хохы дагъы
Æви Кубаны знаджы фæстæ лыгъд,
Æви кæд бадт
бæркадджын фынгыл буцæй,
Йæ зæрдæ хъазыд,
худтис æви рад,
Æви йæм хур æрдардта мигъæй бур сæр,
Йæхæдæг та йæ сау байрагыл уад? –
Уый нæу бæрæг.

Ærmæстдæр зæрдæ райы:
Ды дæ мæ цард,
мæ сулæфт æмæ зонд,
Мæ бæллицтæ,
мæ сагъæстæ,
мæ кайын,
Мæ удыхъæд,
мæ рис
æмæ мæ конд.
Æнæ дæу æз
рæуæг сис дæн,
хъæмпыхал,
Дæуимæ та
цæрдхъом æмæ зæд дæн.
Ыстæх бæрзонд,
дæ базырты баст сыхал,
Дæ зæлтæй райæд
хохаджы зæрдæ!

***Гафез***

* * *

*(Скъуыддзаг)*

Мæгуыр лæгæн хохы
Йæ зыны уæлхъус
Ды уагътай фыдохы
Йæ зæрдæйы рухс...

Бæлццонæн йæ тыхсты –
Бæх, сау нымæт, кард.
Хъазуаты ныббырсты –
Ызгъæр хæдон, уарт.

Цæф лæг ма кæм хæцы!
Мæлæт æм – æввонг.
Йæ къæхтыл дæ фæрцы
Ыслæууыд-иу ног.

Ды – расты сæрхъуызой,
Ды – хурæн йæ цæст...
Дæ уалдзæг æнусон
Дæуæн у æрмæст.

Ды – ноггуырды арфæ,
Чындзхасты – рæстдзу.
Нæ рухс хæхты арфæй
Дард азæлгæ цу!

***Цæрукъаты Алыксандр***

## МЕ ‘ВЗАГ

*(Скъуыддзаг)*

Æз мæлæтæй нæ тæрсын,
цæйас цæрон,
уыйас цæрдзынæн.
Æз мæ ингæны
амондджын уыдзынæн,
ме ‘взаг мæ цыртыл
куы ныффысса ‘нцойы ныхæстæ,
ме ‘взаджы зæлтæй
цъæх-цъæхид куы дара мæ бæстæ.
Æз мæ ингæны ниудзынæн,
хъæрздзынæн,
Ирыстоны суадæттау,
зæххы бынæй кæудзынæн,
æз фæстаг поэт куы уон,
поэттæ мæ фæстæ куы нæуал уа,
Ирыстоны зæххыл
сау туг куы ныууара,
æз мæрдтæм дæр куы нæ хъусон
иронау
Къостайы сидт тохмæ,
иронау
Отеллойы богътæ!

Ме ‘взаг, зæгъ-ма мын,
æнæ дæу куыд уон зæрдæвидар!
Ме ‘взаг,
мæ лæджыхъæд, мæ сæрибар!
Ме ‘взаг,
æнæ дæу куыд цин кæнон,
куыд дис кæнон!
Æз æнæ дæу цы дæн?
Æнæхæдзар, искæйон!

*1960*

***Дзуццаты Хадзы-Мурат***

## ИРОН ДЗЫРД

*Карсанаты чысыл Нинæйæн*

Æфхæрдæй сæвдылон мæ рондзы
Æви ныууа мæ зæрдæ дур,
Уæддæр куы фехъусын ирон дзырд, –
Мæ удыл та ыскæсы хур.

Мæ маст уæд, цины сыгау, тайы;
Куыдзы хæстау вæййы мæ цæф;
Мæ уд рæмонæхцонæй райы,
Фæвæййы ме ‘рхæндæг æхсæв!

Уæд та цæф саджы фæдыл лидзын, –
Æхсар, Æхсæртæгау, æвзонг!
Æмæ, нæртон лæппутау, уидзын
Нæ Иры туджы ‘ртæхтæ ног.

Мæ фæнд – йæ тыхсты бон мæрдадзау,
Куы уæм ныббогъ кæнын æввонг,
Уæд ын сæ бадарон, æвдадзау, –
Цы уыди, уый та феста ног!

Мæлæт дын макуы уа, ирон дзырд!
Мæ тугæй царды хос фæхъау,
Фæу тъымы-тъымамæ номдзыд:
Мæ уд дын – барст, мæ сæр – фæхъхъау!

*1977*

***Нафи***

## ИРОН ÆВЗАГ

*(Скъуыддзаг)*

Ды – мæ ныфсбадæн мæсыг,
Ды – мæ зæрдæйы хæдзар!
О, куыд мæ тавы дæ зынг,
О, куыд мæ ‘ндавы дæ фарн!

Ды – мæ арв, мæ хур, мæ мæй,
Ды – мæ зæхх, мæ дон, мæ хуым!
Нæй хъæздыгдæр лæг мæнæй:
Ды – нæ Фæлдисæгæй хуын!

***Хъодалаты Герсан***

## МАДÆЛОН ÆВЗАГ

Дзæмдзæмы суадон, тар æнусты ды
Цыдтæ сыгъдæгæй донмарæнты цадæг.
Дæ улæфтæй нæ царды хуымтæ — сатæг,
Уыдтæ æлутон куывд æмæ куысты.

Ды – арвы цæссыг. Уый ныхмæ цы сты
Æнуд æнтæф, сындзын арт æмæ уадæг?
Ды дæ нæ туг, нæ уды рухс, нæ кадæг,
Нæ фарны гæнах сыгъд æмæ хæсты.

Ныхасыс ды дæ бæркадæй фæлтæрты,
Хæссыс нæ цардæн фидауц æмæ уаг.
Быркуыйау систай ног дуджы дæ зæрдæ.

Тæхуды, уымæй чи баназдзæн фаг!..
Нырма нæ удæвдз къæбицы æвæрд у,
Нырма дæуæй нæ Уацамонгæ – дзаг.

*1972–1977 азтæ*

***Джыккайты Шамил***

* * *

Мадæлон æвзаг мады ад кæны, мады æхсыримæ адæймаджы уæнгты ахъары, зæрдæйы æрфытæм ныттæдзы, хуры тынтау ныккæсы йæ къуымтæм æмæ сæ ныррухс кæны. Мадæлон æвзаджы дзырдтæ хъуытаз дзæнгæрæджы зæллангау адæймаджы удыл аудынц, налхъуыт фæрдгуыты халау алыхуызон рæвдауæг æрттывд кæнынц, уалдзыгон фæлмæн уарынау зæрдæйы хъарынц. Æмæ уыцы уагæй, æхсызгондзинадæй нæхи æнæхай ма кæнæм.

Мадæлон æвзаг наци бæрæггæнæг у, адæмыхатты бæтты йæ равзæрдимæ, йæ рагфыдæлтимæ. Мах та йын йæ уидæгтæ лыг кæнæм. Алы адæмæн дæр тулдз бæласау ис уидæгтæ, зæнг æмæ къалиутæ. Уидæгтæ сты йе 'взаг, зæнг – йе 'гъдæуттæ, къалиутæ та – йæ царды мидис, фæтк. Бæласæн йæ къалиутæ куы ныццæгъдай, фæлæ йæ уидæгтæ фидар куы уой, уæд та йæ зæнгыл ног къалиутæ рауадздзæн; йæ зæнг ын куы алыг кæнай, фæлæ йæ уидæгтæ цардхъом куы уой, уæд та тала суадздзысты, æмæ йын зæнг дæр уыдзæн, стæй къалиутæ дæр. Гъе, фæлæ йын йæ уидæгтæ куы ныллыг кæнай, æмæ куы бахус уой, уæд æрцыд йе сæфт.

Ахæм хъысмæт ис алы адæмæн дæр: йæ бон, йæ фидæн аразгæ сты йæ уидæгтæ – йе 'взаджы цардхъомдзинадæй. Уый æдзух хъуамæ нæ зæрдыл дарæм, кæд нæ не сæфт нæ фæнды, уæд!

***Цгъойты Хазби***

## СОНЕТ ИРОН ДЗЫРДÆН

*Цæй, уæдæ, бæрзонд Кавказæй*
*Нарты ‘взагæй дзурæм ныр.*
Барахъты Гино

Ирон æвзаг! Мæ зынджы хай, мæ арт!
Æрттив, æхсид æнусбонтæм æдасæй.
Дæ цæрайæ, дæ рухс æмæ дæ тавсæй
цæрдзынæн æз æмæ хæрдзынæн ард.

Дæ норст цæхæрæй равзæрдысты Нарт,
æхсидæвтæ æрхастай Анахарсæй.
Дæ фарны хъæр, дæ маст æмæ дæ уарзтæй
нæхи Къостайæн сæнусон йæ цард.

О ме ‘намонд! Евразийы быдыртæй
кæнынц фæдисхъæр, удисгæ, нæ дзырдтæ,
мæ уды хæзна хауæггаг фæцис.

Дæу чи хъыгдара – урс уæрыкк дын фестæд!
Дæ фыдæлтæ – санскрит æмæ авестæ.
Цæр се ‘рцыдмæ! Мæ рæзæнтæ! Мæ ис!

*08.03.89*

***Хъодзаты Æхсар***

## ÆВЫД-ДЫВЫДОНЫ ДУГ

### СОРАТНИК МИСТЕРА ТРОЦКОГО!

Контрреволюционный троцкистский контрабандист Слуцкий, верный единомышленник мистера Троцкого, нашел себе поддержку не только в среде передового отряда контрреволюционной буржуазии за рубежом – троцкистов. В защиту Слуцкого выступил осколок контрреволюционного троцкизма, скрывавшийся до сих пор за рабочей блузой, – в защиту Слуцкого выступил Полещук.

Полещук с развязанностью классового врага утверждает, что «партия в настоящее время переродилась и ослабла». Старая троцкистская басенка о термидоре, о перерождении сейчас Полещуком преподносится в новом освещении.

Видите ли, говорит Полещук, партия переродилась потому, что «навербовали много рабочих». Троцкистам, получившим хороший урок на Октябрьской демонстрации в Москве, троцкистам, знамя которых испоганено и выброшено за борт партией, троцкистам, от которых рабочий класс отвернулся как от чумы, не нравится, что рабочий класс выделяет лучших своих представителей в партию Ленина. Им, которые пророчили гибель партии, не нравится, что рабочие сотнями тысяч вливаются в ряды ВКП на смену вышвырнутых троцкистов и правых оппортунистов.

Сила нашей партии в поддержке ее массами.

Вот почему Полещук изменяет ход, – говорит, что партия ослабла потому, «что завербовала много рабочих, которые неграмотны и путают дело». Полещуку и прочим троцкистам не нравится, что рабочие «путают» дело. Совершенно правильно, рабочие действительно путают дело троцкистов, или, вернее, уже давно распутали и раскусили троцкистов и гонят их в шею. Сам Полещук почувствовал это на своей собственной шкуре на этом же собрании, где он выступил с клеветой на партию.

Дайте свободу фракции, группировкам, ручейкам и течениям –

так вопили на протяжении своего бесславного существования троцкисты. Этот вопль повторяется Полещуком. Он возмущен, но кричит о зажиме, об отсутствии демократии. Почему так недоволен Полещук? Ларчик открывается просто. Он недоволен, что широкие массы партийных и беспартийных рабочих дали решительный отпор троцкистским контрабандистам. Полещук горой решил заступиться за Слуцкого – поддержать контрабандиста. Вот его заявление на этом же собрании: «Слуцкому не дали выступить и дискуссировать. Потребовали замолчать». В докладе с той же развязанностью классового врага Полещук заявляет: «Слуцкий вправе был выступить и исправлять историю ВКП, потому что партия переродилась по сравнению с 18-м годом».

Полещук, как видите, успешно выполняет заказ своего пастыря – мистера Троцкого. Кстати, не мешает напомнить, что сам Троцкий проявляет большую активность. Он не спокоен нашими успехами. Он не спокоен, что его предсказания провалились с грохотом, что генеральная линия победила на всех участках. Круг предательства интересов партии и пролетариата Троцкий завершает активным участием в партии международных социал-фашистов. Мистер Троцкий сошелся на одной платформе с ренегатом Каутским, Адлером, которые хотят составить ему протекцию по переезду в Берлин, дал себя уговорить Каутскому и Адлеру, результатом чего Троцкий дает директиву своим соратникам защищать международных социал-фашистов от коммунистов...

Сталин в своем письме в редакцию «Пролетарская революция» подчеркивает, что троцкизм давно перестал являться фракцией коммунизма, он превратился в передовой отряд международной контрреволюции. Полещук, который выполнил заказ мистера Троцкого, хотел он этого или не хотел, оказался в лагере интервентов, махровых врагов рабочего класса.

Троцкизм никогда не пользовался влиянием среди рабочих масс, тем более теперь, когда «особенности борьбы за партию, за ленинизм заключаются в том, что троцкизм разбит, правый уклон разоблачен, а генеральная линия победила на всех участках». (Л. Каганович).

Попытка Полещука повлиять на собрание рабочих Кавцинка окончилась разгромом Полещука. Собрание рабочих электрического цеха дало решительный отпор и вышвырнуло Полещука из рядов партии.

Но вместе с тем, сам факт выступления Полещука сигнализирует о всей важности пропаганды марксизма-ленинизма, о всей важности проработки письма тов. Сталина, о том, что оппортунисты и осколки контрреволюционного троцкизма не сложили оружия, вновь пытаясь делать наскоки на генеральную линию. «Открыто под флагом троцкизма выступать теперь трудно. Масс не завоюешь и капитала не наживешь. Выступать надо под другими знаменами, лозунгами, тезисами, формулировками. Оппортунизм пытается поэтому пролезть в щели и в особенности пытается пролезть через ворота истории нашей партии». (Каганович).

Вылазка Полещука, выступление Алборова, труды Успенского, это одна цепь родственных взаимосвязанных выступлений классового врага и его агентуры. Поэтому в ленинские дни перед нами стоит задача еще более усилить классовую бдительность на основе письма тов. Сталина, еще решительнее бороться с оппортунизмом и, тем более, с откровенными вылазками классового врага.

Беспощадно срывать маски, изгонять из партии осколки контрреволюционных троцкистов, упорно и настойчиво преследовать классового врага и его агентуру по пятам. Поднять выше учение марксизма и ленинизма. Таков вывод, который должны сделать большевики Севкавцинка, Осетии и городской организации из этого факта вылазки троцкиста.

*«Власть Труда», № 18, 22.01.1932*

## АЛБОРОВА – ЗА БОРТ ПАРТИИ!

Открытое партсобрание осетинской совпартшколы одобряет исключение из рядов ВКП (б) Слуцкого и Волосевича. Одновременно собрание отмечает ряд фактов извращения истории революционной борьбы горских народностей Успенским, Алборовым и другими.

Утверждение Успенского, что в 1905 году между большевиками и меньшевиками не было расхождения в гор. Владикавказе, является явной фальсификацией, извращением большевизма и наглой троцкистской клеветой на партию Ленина.

Другое утверждение Успенского, что с 1917 по 1920 г. город был во власти грабителей и особенно старались «ингуши», есть махровое великодержавно-шовинистическое освещение истории революционной Ингушетии. Поэтому собрание полностью одобряет исключение из рядов ВКП (б) великодержавного шовиниста и троцкистского контрабандиста Успенского.

Собрание отмечает, что выступление Алборова с троцкистской клеветой на партию: «партия запугивает» научных работников, научно-исследовательская работа идет вспять, является несовместимым со званием члена партии, поэтому собрание уверено, что осетинский обком вышвырнет Алборова из партии, как случайно проникнувший и примазавшийся к партии элемент, как врага.

*«Власть Труда», № 8, 09.01.1932*

# ИРОН ПРОЗÆЙЫ АНТОЛОГИ

# ДЗАНАЙТЫ ИВАН (НИГЕР)

*(1896–1947)*

*Дзанайты Уасилы фырт Иван райгуырди 1896 азы 2 ноябры туалгоймаг хъæу Сындзысæры.*

*Кæд искæуыл йæ фæсномыг цардцæрæнбонтæм сбадт æмæ ныффидар, уæд Иваныл дæр – Нигер! Бирæ хъыцъыдæттæ баныста советон «амондджын» дуджы – уартæ бирæтæ табуйагдæрæн цы хæсты размæйы азтæ æрымысынц, уæлдайдæр та уæд: поэт сæ схуыдта хъызты заман, булæмæргъ куы нæ фæзары æмæ æрмæст сырд куы фæниуы, ахæм рæстæг. Уыцы азты Нигер цы 'мдзæвгæтæ ныффыста, уыдонæй трагикондæр дунеон литературæйы дæр зынтæй разындзæн. Сау ингæн ын бæллиццаг æмæ тæхудиаг сси...*

*Иваныл авд азы куы сæххæст, уæд æй радтой аргъуаны скъоламæ. Уый фæстæ та Дзæуджыхъæуы дины училищемæ. Стæй йæ фæндаг уыд Æрыдоны семинармæ, фæлæ йæ æххæстæй каст нæ фæци – бацыд Саратовы университеты историон-филологион факультетмæ. Афæдз дзы куы ацахуыр кодта, уæд сæхимæ каникулты ссыд. Æрмæст фæстæмæ аздæхын йæ къухы нал бафтыд: дуне сæмтъеры, æфсымæр æфсымæрмæ топпы кæсæнæй акаст – райдыдта мидхæст.*

*Нигер сси Нары райдайæн скъолайы разамонæг. Уалынмæ йæм урсытæ се 'фсадмæ фæсидтысты, нымад мæйтæ сæм писырæй бакуыста, стæй рафардæг, йæ сæр сæхимæ хæхты бафснайдта. 1920 азы бaиу партизанты къордимæ, сæ ревкомы бæрнон секретарь æй скодтой.*

*Хæст фæсабыр, советон хицаудзинад бонæй-бон фидардæр кодта. Уыцы хъуыддагыл æнувыдæй архайджытимæ уыд суинаг стыр поэт дæр. Авд азы бæрц алы куыстытæ фæкодта, стæй хицауадмæ курдиат балæвæрдта, цæмæй йын йæ ахуыр дарддæр ахæццæ кæнынæн фадат уа – куыстæй йæ ссæрибар кæной. Æмæ уæд фæцис Хæххон педагогон институты ирон æвзаг æмæ культурæйы хайад, стæй та аспирантурæ. Уый фæстæ йæхæдæг уыцы институты касти лекцитæ рагон грекъаг æмæ ромаг литературæйæ, кодта наукон куыст дæр.*

*Ӕнæбары цы цъæлхъæр зарджытæ фыста, бегарайы цæуæгау, уыдон ын йæ туг куыд хæлдтой, йæ цард ын куыд æнад æмæ цыбыр кодтой, уый та æрмæст йæхи уд зыдта...*

*Нигер амарди 1947 азы 3 майы. Йæ уацмыстæ мыхуырмæ Гуытъиаты Хъазыбеджы цæттæгондæй æртæ ахадгæ томæй рацыдысты чиныгуадзæн «Ир»-ы 1966–1968 азты.*

## ХОХЫ ЗЫМÆГОН...

Хохы зымæгон чи уыдис, уый хъуамæ зоны, цы хуызæн тыхст рæстæджытæ дзы скæны иуæй-иухатт, уый. Чи нæ дзы уыд, уый дæр æй, чи зоны, фехъуыстаид. Мит лæджы æмбæрц æруары, дымгæ æхситтытæ райдайы æмæ тымыгъæй мæгуырты гомфарс хæдзæрттæ байдзаг кæны, хъæпæнтæ фæндæгтæ ныхгæнынц æмæ акæсæн никуыдæмуал вæййы. Дæттæ ныйих вæййынц, æмæ куырæйттæ нал фæзилынц; афтæмæй бирæтæн бахæринаг ницыуал вæййы. Нартхор кæмæ вæййы, уый цæкуытæ кæны ‘мæ афтæмæй цардæй мæлæты астæу тæбыныл ауыгъдæй хъеллау фæкæны. Зæйтæй тæрсгæйæ фос донмæ раскъæрын ничиуал фæуæнды, хос æрласын иннæ ахæм, æмæ мæгуыр фос æрдиагæй скъæты цæрттæ сæ сæрыл сисынц.

Иу ахæм дуг та скодта ацы зымæг дæр. Мит уый бæрц æруарыд, æмæ уæлхæдзæрттæ æрцæйтыдтой. Алчи архайдта, цæмæй йæ миттæ тагъддæр исчердæм ассона, ууыл. Сæ бонæй уæнт лæгджынтæ, тыхджынтæ, бирæ бинонджынтæ, уыдонæн та циу! Зын раны дæр та амалтæ кæндзысты. Фæлæ мæгуыр йæ бон зæронд Голойæн, йæ фæстæ змæлæг кæмæн нæй, мæгуыр цард йæ тых кæмæн асаста, бонджын сыхæгты дæлбазыр цагъайраджы цард чи кæны, хуыцау кæй ферох кодта, адæмæй чи суæлдай! Фæлæ æгæр дзурæм. Фыд бон æмæ фыд лæг мæгуырдзинæдтæ хъуыды кæнын нæ уадзынц. Фæлтау цалынмæ дæ хъару у, уалынмæ сæ ныхмæ фæлæуу. Раст ацы ныхæстæ загъта Голо дæр, æмæ сæмпæрчъитимæ йæхи райста йæ уазал къуымæй йæ уæлхæдзар мæрзынмæ. Ыссыди, бакасти уæлхæдзармæ æмæ сагъдæй баззади: Бæтæджы фырттæ сæ уæлхæдзары митæй цы ссардтой, иууылдæр сæ Голойы уæлхæдзармæ ‘ркалдтой. Цæмæн афтæ бакодтой, иунæг Хуыцау дæсны; æрра сысты, хынджылæг кæнын сæ æрфæндыд мæгуырæй, æви сæ хъару

бавзарынмæ хъавыдисты æмæ уый тыххæй загъд къахтой, – нæ зонын. Æрмæст æрра куы суыдаиккой, уæд сæ сæ уæлхæдзары мæт дæр нæ уыдаид. Сæ хъару куы æвзæрстаиккой, уæд æй се ʻмхуызонимæ бавзæрстаиккой, фæлæ хынджылæгæй цы зæгъыс, уый зæгъ. Æвæццæгæн афтæ уыдаид! Дзæбæх сæм каст, куыд фæхъуыр-хъуыр кæндзæни йæхинымæры Голо, стæй йæхи куыд рафистæг кæндзæн æмæ мит мæрзыныл куыд ысбарæг уыдзæни, уый. Æвæццæгæн æмæ йыл ахуыр уыдисты æмæ-иу сæ кусинаг æнæзонд æмæ хынджылæджы фæндагыл бирæ хæттыты бакусын кодтой. Ныр дæр та уымæ хъавыдисты, æмæ та сæ миттæ миткалæнмæ ласыны бæсты уымæн æрыссыдтой йæ уæлхæдзармæ. Фæлæ фæрæдыдисты Бæтæджы нарæг астæу фырттæ: Голо сын ацы хатт йæ фыццаг фæндагыл нал ацыд. Афтæ смæсты æмæ йæ цæстысыгтæ йæ урс зачъетыл их уарæгау ызгъæлдысты; йæ къæдз къухтæ ныцъцъæх-цъæхид ысты. Иучысыл алæууыд, фæззыгон тихалæгау базыр-зыр кодта æмæ митыл æрбадти. Бирæ фæбадти митыл, фæтæрхæттæ кодта йæхинымæры, стæй сыстад, йæ худ систа æмæ кувы: «Хуыцау, ды батых кæн, мæнæн чи тых кæны, уымæн. Ацы мит æркалæджы миты бын фæкæн!»

Цалынмæ ацы ныхæстæ кодта, уалынмæ Бæтæджы хистæр фырт йæ уæлхъус æрбалæууыд:

– Цы кæлæнтæ кæныс, цы, хингæнæг, фесафынмæ нæ хъавыс æви цы, зæронд куыдз?! – йæхæдæг фыййаг дард фæхаста æмæ дзы зæронд лæджы фæсонтæн иу ныххафта. Ома, кæд цæфæй нæ мæлыс, уæд дын уый та рæхуыст!

Голо цы суæндыдаид дзурын; йæ фæсонтыл фæхæцыд æмæ къæдз-къæдз рахау-бахау кæнгæ рарасти. Кæй зæгъын æй хъæуы, хъаст кæнынмæ цыди, уый тыххæй æмæ ахæм æнæ бон лæг æфхæрд куы баййафы æмæ куы смæсты вæййы, уæд йе ʻзнæгты хуыцау æмæ хицæутты къухмæ фæдæтты. Йæ зæрдæйæ фæзæгъы, æмæ йæ хуыцау уæлдайдæр та «хицау» ныртæккæ дæр сæ хъæбысы ныттухдзысты æмæ йын йæ тыхгæнæджы тых асæтдзысты. Фæлæ йын хуыцау йæ куывдмæ цы æрæппæрста, уый федтам; «хицау» ын цы зæгъдзæн, уымæ дæр та байхъусæм...

Раст Голо куыддæр правленийы размæ бахæццæ, афтæ хъæуыхицау дæр дуарæй бахызт. Голо йæ куы федта, уæд ысцин кодта æмæ йæ фæстæ батындзыдта. Ныр æм куы бакастис, уæд

дзы митæй ницыуал зынди; йæ фатхъултæ ныггом ысты, æрчъиты фадхостыл раст иу ыстыр фыййаджы дзаг мит ныххæцыд. Хъæуыхицауы куы федта, уæд æй фырцинæй дуармæ йæ къæхтæ асæрфын дæр ферох и æмæ уыцы митæйдзагæй правленийы смидæг и æмæ гомсæрæй хицауы раз алæууыди. Гъеныр райдайон дзурын, зæгъгæ, куыддæр загъта, афтæ дын ыл хъæуыхицау йæ къæхтæ ма сцæгъда:

– Уый куыдæй æрбабырыдтæ, хæрæг, æз райсомсарæй пъолтæ уымæн хафын кодтон, æмæ сыл ды де ‘мбыд æрчъитæй æрбасирæй! Цæугæ, дæ къæхтæ ныххаф!

Фæлæ ма æфхæрд лæг ныхасмæ кæм фæхъусы; цæмæй тагъддæр йæ мæстытæ скала, ууыл вæййы, æндæр.

– Ныртæккæ, дæ рын бахæрон, иу-дыууæ дзырды бар мын ратт, ыстæй аддæ уыдзынæн, уæдæ ам куы нæ баззайдзынæн.

– Тагъддæр фесæф, дæ миттæ мауал тайын кæн ам!

– О, хъаст кæнынмæ æрцыдтæн, бауадз мæ, дæ хорзæхæй!

– Ай расыг у æви цы? Тагъд, атæрут æй ардыгæй, мæ сæрымагъз мын рауагъта.

«Ау, уæдæ ма кæмæ хъаст кæнæм», зæгъгæ, ма сдзырдта Голо, фæлæ ма йæ дзурыны бар кæм фæци... Уайтагъд æй къулертæ ахæстоны смидæг кодтой.

## РÆУЧИ

Рæучи. Уый у мæ зонгæтæй иуы ном. Сауджын ыл æй нæ сæвæрдта, æцæг, нæдæр ын æй октябринæты радтой. Нæ. Йæ мады хуылфæй йæ рахаста. Фыст дæр никуы æрцыд, мæнæ йæ гъеныр æз цы фæнысан кодтон, æндæр. Йæ аргъуыды ном дæр æндæр уыд, фæлæ раджы ферох адæмæй; йæхæдæг дæр ыл иттæг тыхст нæу. Чысылæй йæ сывæллæттæ хуыдтой уыцы номæй, фæлæ ныр сывæллон нал у, сывæллæттимæ дæр нал хъазы. Ныр лæг у. Æртæ ‘мæ йыл ыссæдз азы цæуы, æмæ ма йæ цæмæн хъæуы, сывæллонæй йæм цы номæй дзырдтой, уый; фидаугæ дæр ыл нал кæны... Ныр Рæучи хуыйны. О, о... Цы хорз ыл фидауы! Æмæ йыл фидаугæ дæр куыннæ кæна: йæ мады хуылфы æвзæрын куы байдыдта, гъеуæдæй йын æй йæ райгуырыны бонмæ фæхъуыды кодта æрдз. Йæ уæлæ йын æй ыскарста. Раиртасын, ыскæрдын, радтын – чи аййафдзæн ахæмтæм æрдзы.

Уæвгæйæ та диссаг куыннæ у æрдзы æрмарæхстдзинад, йæ лæмбынæг куыст, йæ лыстæг хъуыдытæ, йæ цырд цæстæнгас.

Рæучи абоны онг дæр нæма зоны, æрдзы натлиа кæй у, уый. Сусæггонд дзы у, æмæ ныр куы фехъуса ацы ныхæстæ, уæд куыд æнхъæл ыстут? Ома сыл сагъæс акæндзæн! Нæ, мæ хæлар. Рæучи ахæм гуырд нæу; фæрсмæ дæр сæм нæ фæкæсдзæн. Гæр, æмæ ма уæд цæй Рæучи у, иугæр ахæм ницæйаг хъуыддæгтæм йæ хъус куы дара, уæд! Дæ фæсонæрхæджы дæр ма уæд ахæм гуырысхо. Кæд мæныл не ‘ууæндыс, уæд ма иу æм дæхæдæг хъахъхъæн, куы йыл фембæлай, уæд. Æмбæлгæ та йыл уæвгæ фæкæндзынæ. Чи зоны, зонгæ дæр æй кæнай: асæй дын æй нæ амонын, уый тыххæй æмæ иууыл иу асы мидæг нæ вæййы. Цæуæн кæм нæ вæййы, уым йæхи, гæдыйау, фæтымбыл кæны, æмæ уæд гыццыл фæзыны, истæйы (кауы, быруйы, кæнæ лæджы) сæрты йæ кæсын бахъуыд, зæгъгæ, уæд хъунцъæй даргъдæр фесты. Арвыл дæ исты хъуыддаг куы уа, уæд-иу ын зæгъ – уырдæм дæр йæхи ‘ваздзæн. Тынгдæр æй цæмæй базондзынæ, уый йæ цыдæй: æнæвдæлоны цыд кæны иууылдæр.

Æмæ йæ, æцæг, æвдæлгæ дæр никуы фæкæны: хъуыддаг æй кæм нæ ис, ахæм ран нæй. Фæлæ зæрдæйæ диссаг у: уыцы ‘нæвдæлонæй дæр дæ куы ауына (дардмæ уа, хæстæгмæ уа), уæд дæм бауайдзæн, ноджы худгæйæ, ыстыр зианджын куы уай, уæддæр. Дæ разы алæудзæн, де ‘уæхскыл дын йæ къух авæрдзæн, æмæ бахуддзæн, ыстæй уæд йæ зæвæттыл ныззилдзæн, йæ къæхтæм æркæсдзæн, йæ къухтæ ауæрддзæн, йæхи арадау-бадау кæндзæн, ыстæй дын рæуæг-рæуæг (о, нæ йæ ‘вдæлы) Атан-Аманы дуджы нæуæг хабæрттæ акæндзæн. Фæрсгæ-иу æй ма бакæн, фæрсыны сæр дзы нæ хъæуы: æмбæхсгæ дæ ницы бакæндзæн, раст ма дын йæ зæрдæйы быны сусæгдзинæдтæ дæр ысуæлæнгай кæндзæн.

Фыццаг хатт æфсæрмы дæр фæуыдзынæ йе ‘гæр æргом зæрдæйы уагæй. Фæлæ-иу дæхимæ ма ‘ркæс: алкæимæ дæр афтæ у. Йæхæдæг дæр афæрсаг у алцæмæй дæр; уый дæр дæм хъыг ма фæкæсæд. Кæд дæ фæнда, уæд ын-иу ратт дзуапп, кæд дæ нæ фæнда, уæд та нæ. Ууыл дæр дæм нæ фæхæрам уыдзæн. Бирæ хæттыты дзы рох дæр авæййы, цæмæй афæрсы, уый. Хабар райсыны тыххæй нæ вæййы йæ фарст, нæ, – йæ фæтк афтæ у. Ыстæй дæ уыцы иу хатт фæлмæцын дæр не скæндзæн, нæ йæ ‘вдæлы, дарддæр æй цæуын хъæуы. О, уæдæ цы? Канд дæуæй

цæринаг у! Хъыг дæм ма фæкæсæд ацы ныхас: дæумæ куыд у йæ зæрдæ, иннæтæм дæр афтæ у. Ызнаг ын нæй, фæлæ афтæ ‘нхъæл дæн, хæлар дæр ын нæй, кæд йæхæдæг бирæ хæлæрттæ ранымайы, уæддæр. Дæу дæр нырæй фæстæмæ йæ хæлар хондзæн. Æмæ дæ цæуыннæ хона: кæрæдзи нæ бафхæрдтат, ыстыр ныхас уæм ницæуыл æрцыд, æмæ уæм никуы ‘рцæудзæн. Æмæ уæм цæмæн хъуамæ ‘рцæуа, исты нæ фенæг лæг у Рæучи? Студент у, мæ хæлар, студент! Иннæ-аннæтæй йæ ма ‘нхъæл.

Астæуккаг скъолайы каст куы фæцис, уæд техникуммæ йæхи сбæлццон кодта. Мæскуымæ ацыд. Фæлæ йын цæйдæр æнæхуыцауы хæйттæ йæ фæндаг бакъууылымпы кодтой: экзаменты цавæрдæр конкурс сæ зæрды æрæфтыди. Рæучи та математикæ рагæй дæр нæ уарзта ‘мæ йæм иттæг лæмбынæгæй никуы бавнæлдта сахуыр кæнынмæ. Ныр æм уым – Мæскуыйы – ныууырдыг ысты: сыл дæ, нæл дæ, – уæддæр фыркъайаг. Зоныс-нæ зоныс, уарзыс-нæ уарзыс, –уæддæр, дам, математикæйæ экзамен ратт, экзамен дæр хуымæтæджы экзамен нæ, фæлæ конкурс. Бæллæх нæу, уæ хорзæхæй, ахæм адæмимæ архайын: калм, дам, битъынайæ тарст æмæ йæ дуармæ ‘рзад! Æмæ уæдæ цы. Ахæм æбуалгъ хъуыддæгтæ ма искуы æрцыдис: 20-æм азæй фæстæмæ кусы комсомолы, нацмен у Рæучи æмæ йын ныр гъе уыцы миниуæгтæ куыдзы хъуыды дæр ничи кæны. Ныллæууыдысты: экзамен, экзамен, конкурс, конкурс, математикæ, математикæ æмæ читт дæр нæ кæнынц, цыфæнды гæххæтт сæм равдис, уæддæр. Гæххæттæй та йæм цынæ ис Рæучимæ. Уый дын комсомолы билет, уый дын МОПР*-ы уæнджы билет, уый дын профцæдисы билет, уый дын активист кæй у, уый æвдисæндзинад, уый дын «социални происхождения», уый дын «социални положенийæ».

Гæр, уæдæ ма цы вæййы, иннæтæ ма арвæй ыстъалытæ скъæфынц, мыййаг! Æгæрæстæмæй ма йæм производствæйы кæй уыдис, уый æвдисæндзинады гæххæтт дæр ис Рæучимæ. Уый та æппын æрæджы бафтыдис йæ къухы. Уыцы гæххæтты фæдыл дæр чысыл нæ фæрыст Рæучи. Æртæ хатты хуымгæнджытæн аходæн ахаста, дыууæ хатты рувджытимæ ацыд хуымтæм (иу хатт ма дзы уæрдонæй дæр асхъиудта, æмæ, чысыл ма бахъæуа, йæ сæр ма фæхъæн уа), дыууæ хатты заводмæ фæхырхта

*МОПР – Международная организация помощи борцам революции.

экскурсийы, уæддæр, марадз зæгъ, кæд ын дæттой гæххæтт. Уæвгæйæ та, цæгъдинаг куыннæ сты адæм!

Йæ хъуыддаг нæ æмæ нæ цыд Мæскуыйы. Йæ къух ауыгъта æмæ фæстæмæ ссыдис. «Дæлдæр фæуæд Мæскуы, æз Дзæуджыхъæуы, йе æндæр искуы дæр бацæудзынæн вузмæ», – кæуыл æмбæлы Ръючи, се 'ппæтæн йæ фыццаг ныхас уый фæвæййы.

*1928*

## МАСТ АЛЧИДÆР ÆЙЙАФЫ...

### I

Маст алчидæр æййафы, фæлæ адæм се 'ппæт æмхуызон нæ маст кæнынц.

Берд ацы изæр йæхи дæр нæ уарзта. Æмæ стæй куыннæ!.. «Ницы, дам, зоныс, нæ ахуыр кæныс, æз, дам, афтæ ныффысдзынæн, уый фæстæ ахуырады хайад куыд фæнды дзурæд демæ.

Бакæс, дæ хорзæхæй. Æмæ кæд ницы зонын, уæд куыд фæдæн каст астæуккаг скъола? Куыд бахызтæн институтмæ. Нæ, уый ма йæ рагон зондыл хæст у ныр дæр. Прафесыр! Мах ахæм прафесыртæ нæ хъæуы. Æз зонын, кæцырдæмыты ивазынц уыдон, уый. Мæгуыр адæмы цæуæт ахуырадмæ бацæуой, уый сæ кæд бафæнддзæн ахæм хæр... Уый мæгуыр лæджы фырт куы уыдаид, уæд гемназмæ нæ бахызтаид æмæ дзы каст нæ фæуыдаид, исты уæздан лæджы фырт уыд, уый йедтæмæ. Гемназы фæстæ – университетмæ. Университет! Университет! Хъусут, хъусут: университет. Æнцон зæгъæн у ныр: университет. Фæлæ зæронд заманы йæ иу ыскойæ дæр æвзагыл дæс тæппалы рауадаид. Æхцайы гуцъулатæ хъуыд уым ахуыр кæныны тыххæй. Ыстæй дын мах цардæй, мыййаг, куы нæ цардаид, университеты ахуыр кæнгæйæ. Мах ам æхсæзгай, æвдгай лæгтæй иугай уæтты батардтой. Иугай прастинатæ, базы цъæрттæ, не 'ппæтæн – иу стъол. Уæд нæ сынтæджытæ та? Æфсæйнаг сынтæджытæ, дам, æмæ сæ кæд æрвылмæй сыгъдæг кæнай, кæннод хъæдысыстытæ адæймаджы буар удтæ сбадын кæнынц. Чиныг та æппын нæй. Библиотекæйæ, дам, райс. Цалынмæ уым рады лæууай, кæнæ дæ, цы чиныг хъæуы, уый ыссарай, уæдмæ адæймаг цъæх хæрæг фестдзæн».

Ахæм хъуыдыты уаргъимæ лæууыди Берд æмдзæрæны йæ уаты тæккæ астæу. Йæ къухтæ дæлæмæ æрæппæрста,

тæфæрфæстæ цыма кодта, уыйау, йе 'рфгуытæ – æлхынцъ, йæ цæстытæ туджы зылдысты. Уалынджы кæлмдзæфы схъиуд фæласта: радио сдзырдта æваст.

«Æнæбайрагæ дзы скæнут уæ радиойæ, хæрæджы уаст æй куынæ кæнын кæнат», зæгъгæ, къулмæ бауадис Берд.

Æртыдта радиойы тæбæгъ æмæ йæ стъолыл ныццавта. Йæхæдæг, цыма стратосферæ басаста, йæ сынтæгмæ бацыд фидар къахдзæфтæй æмæ йыл æд худ, æд пъалто, æд фадыварц уæлгоммæ йæхи ауагъта. Хъуыдытæй сæр нæ ривæд кæны Бердæн, йæхинымæр тох кæны, протест кæны æхсæнады ныхмæ.

«Нæй, нæй, мæгуыр лæгæн йæ бартæ нырма йæхимæ не сты. Фæтæрын хъæуы ахæм прафесыртты. Сыбыры хай сæ бакæнын хъæуы, кæннод уыцы цъаммартæ мах размæ нæ ауадздзысты. Нæ, дам, зоныс мадæлон æвзаг. æнæрай дзы фæу дæ мадæлон æвзагæй, уый мæ нæ фесæфта, нæ! Уый куы нæ уыдаид, уæд уырыссаг æвзаг базыдтаин æмæ афонмæ Мæскуыйы искуы технкон ВУЗ-ы кæсин. Уырыссаг æвзаг та, дам, æппын нæ зоныс. Ницы, дам, кастæ литературæйæ. Уый мæхæдæг дæр зонын. Фæлæ уый нæ зоны уыцы хæрæг, æмæ æз уырыссаг æвзаг куы зыдтаин, уæд мæ йе 'взаг æмæ литературон факултеты йæ фыны дæр нæ федтаид. Кæннод мæ уый цæмæйты фарста, уыдон та цæмæн хъæуынц: «Глагол», «инфинитив»! Цы 'сты уыдон? Фæлтау мын, чи мæ хъæуы, уыцы дзырдтæ куы бацамыдтаид. Иубон æй кæддæр афарстон, «цин кæнын» та куыд уыдзæн уырыссагау, зæгъгæ, æмæ мæ масты хай бакодта. Кæннод райдыдта: «Евгений» та кæй фыст у? «Вайнайы мир» та кæй асмыст у... Хæйрæг ын бамбарæд йе 'взаг. «Асмыст» дзы бамбæрстон, иннæтæ кæд дзырдтæ нæ уыдысты, уæддæр æй, ацу, æмæ ды равзар! Ахуырады хайадмæ дæр куы бацæуай, йе 'взаг ын не 'мбарæм, зæгъгæ, уæд, марадз зæгъай, æмæ сæ хъус тъæбæртт дæр фæкæной».

«Нæ, къонтыртæ сты иууылдæр, къонтыртæ», – зæгъгæ, йæ дæндæгты къæс-къæс хъусгæйæ сдзырдта Берд, дæлгоммæ фæзылд æваст, иу дзæвгар йæ цæстытæ – цъынд, йæ сæр æппын æнæ исты хъуыдыйæ схуыссыд, ыстæй йæ хуыр-хуыр ыссыди...

Аудитори. Иугуыр æвзаг ахуыры сахæттæ. Прафесыр – цыбыр зæрондгомау лæг, æрбацыди, æрбадти стъолы уæлхъус, йæ пъартфел рахæлиу кодта, систа иу чысыл фыссæн чиныг, æдзынæг æм æркасти, стæй фæсидти Бердмæ. Бердыл цыма уазал доны

къæрта бакалдæуыди, уыйау фестъæлфыд, сыстад... Лæууы æмæ зыр-зыр кæны гæдыбæласау. Мæнæ та йæ удхæссæг йæ разы æрбалæууыди, йæ «фонетикæ» йæ «морфологиимæ». «Бæгуы мардæрцыд нæу аимæ, – зæгъы йæхинымæр Берд. – Æз æвзаг æмæ литературæ ахуыр кæнынмæ ʻрбацыдтæн, адон та мæ цæйдæр «фонетикæтæ», «морфологитæ», «хъæлæсонтæ» «соноронтæ» æмæ ʻндæр ахæм алывыдтæй фæрсынц». Фæлæ йæ ахæм сагъæстæ кæнын бирæ нæ бауагъта прафесыр. Афарста йæ, æвзаджы мыртæ куыд дих кæнынц, зæгъгæ. Берд астæуккаг скъолайы тынг арæх хъуыста ахæм дзырдтæ: «хъæлæсонтæ», «æмхъæлæсонтæ», «æрдæгхъæлæсонтæ». Ам, институты дæр ныр æнæхъæн æртæ мæйы хъусы уыцы курсмæ, фæлæ уæддæр бæлвырд нæ зоны, цы дзуапп раттын хъæуы прафесыры фарстæн, уый. Йæ дзых ысцæйхæлиу кæны, цъиуы лæппыны дзыхау, фæлæ та дзырд хъуыры ныссæдзы, уæлæмæ нæ хауы. Студенттæй чидæртæ бахудти, Берды дзыхæй æддæмæ дзырд куы нæ хауд, уæд. Берд ысмæсты и студенттæм. Йæхи фæгæмæл кодта, фæзылди, худын кæцæй сыхъуыст, уыцырдæм æмæ сыл фæхъæр кодта: «Жачым, ви мне мисайти! Уæхи йедтæмæ куы ничи ницы ʻмбарид, уый уæ фæнды, æмæ адæймаджы сулæфын нæ уадзут!». Аудитори ныссабыр ис. Уæд æм прафесыр расидти къулмæ, иу ыстыр таблицæйы цурмæ, æмæ йæ фæрсы: уыцы таблицæйы ма мын равдис, дæллаг рæнхъон хъæлæсон мыртæ дзургæйæ æвзаг куыд æвæрд вæййы, уый. Берд нал зыдта, йæхи ʻвзаг дæр куыд æвæрд у, ыстæй ма уæвгæйæ комы ʻвзаг дæр ис, æви нæ, уый дæр. Кæсы таблицæмæ. Ныв дæр дзы нæ уыны æмæ ʻндæр дæр. æрмæст дзы фæзыны цæйдæр сау мигъы цъуппытæ. Йæ къух сæм куы фæцæйкæны, уæд фæтары вæййынц. Йæ къух фæстæмæ куы райсы, уæд та фæзынынц. Берд хаты, йæ цæстытæ тартæ кæй кæнынц, уый. Иу æууæрст сæ акодта йе ʻнгуылдзтæй. Ыстæй та йæ къух бакодта таблицæмæ. Къух, гæркъæраг ривæд къада куыройы фæдыл йæхи куыд хойа, афтæ хойы йæхи таблицæйыл. Таблицæ æртыдта æмæ Берды сæрыл сæмбæлд... Берд, цыма йæ раст хуссайраг калм ныццавта, хæрдмæ фесхъиудта йæ сынтæджы æмæ дзы цавд дурау абадт. Йæ цæстытæ, ныр тæбæгъы йæстæ, æддæмæ рацæйхаудтой сæ къусджытæй. Фæйнæрдæм аракæс-бакæс кодта. Тымбыл къухæй цæстытæ аууæрста, йæ ныхыл фæхæцыд. Раст цыма абанайы ис, кæннод та цыма сусæны мæйы мæнæугæрдæны ерысæй кусы, уыйау хид ыстыр гагатæй ныхы фæйнæгыл лæууыди. Исдуг не

‘мбары Берд, кæм ис æмæ йыл цы ‘рцыди, уый. Фæлæ къух йæ амондæн сынтæгæй дæлæмæ зæбулæй баззад æмæ ныууазал ис, æмæ йæ ныр тæвд ныхыл куы авæрдта, уæд ын æвдадзыхос фестад. Йæ зæрдæ йе ‘муд æрцыд сабыргай Бердæн. йæ къæхтæ дæлæмæ ‘руагъта сынтæгæй. Бады. Мæйы тынтæ рудзынгæй мидæмæ нывæндынц. Æмдзæрæны сыбыртт дæр нæ хъуысы – ызмæлæг дзы нæй. Берды зæрдыл æрлæууыд, азæр институты æмбырд кæй ис, уый, фæлæ йæ абоны маст æмæ йæ фынæй йæхи дæр нал æмбары. Ногæй та æрбалæууыд йæ зæрдыл, прафесыр ын ницы зонæджы аттестаци кæй радта ахуырады хайадмæ, уый.

«Бæгуы бæллæх нæу! Иннæтæ мæнæй хуыздæр куы зониккой, уæддæр ма хъыг нæ уаид. Фæлæ райсæм æгъуыроны. Уый кæсын дæр нæ зыдта, фыссын дæр. Æмæ уымæн дæр – «ну» мæнæн дæр «ну». Афтæмæй ибон «боцыкъа» уырыссагау куыд уыдзæн, уый нæ зыдта, цалынмæ йын æй æз бацамыдтон «босонкæ», зæгъгæ, уæдмæ... Нæ, рæстдзинад нæй! Нæй, нæй!», – зæгъгæ иу тымбыл къухæй иннæ тымбыл къух ныххоста, стæй сыстади, йæхи аивæзта, ныззæмбыдта æмæ рудзынджы размæ фæцыд. Сабыргай йæ тары дзыппæй бапъироз ысласта, ыссыгъта йæ ‘мæ дзы зыдæй æхсызгон улæфтытæ никкодта, мæлæг адæймаг адæргæй дон куыд ныххуыппытæ кæны, афтæ. Кæсы рудзынгæй æддæмæ. Мæйрухс æхсæв. Ногæй та ‘рбалæууыд йæ зæрдыл, азæр студенттæн æмбырд кæй ис, уый. Дис кæны, куыд æй нæ райхъал кодта исчи, ууыл. Ферох дзы ис, сихор хæргæйæ сын карзæй кæй загъта, не ссæудзæн æмбырдмæ, институтæй йæ сургæ куы кæной, уæддæр, уый.

– Æмæ мæ ма райхъал кæнæнт. Мæтæй мæ амарæнт, – зæгъгæ, сдзырдта хъæрæй, ыстæй фæзылди, йæхи æрдæуттытæ кодта ‘мæ рарасти уынгмæ.

Уынг цæуæгæй йе ‘дзаг. Куы кæуыл йæхи скъуыры Берд, куы кæуыл, «Дæлдзæх фæут, кæд искуыдæм фæдисы нæ цæут! Кæнæ уæ мæнау сагъæс нæ бацыд, мыййаг! Цыма бындзытæй лидзынц, сусæны хъомау, уый тахт кæнынц. «Куыйтæ», – зæгъгæ, дзуры йæхинымæры æмæ куы иуырдæм фессæнды, куы иннæрдæм, афтæмæй бырсы размæ, кæдæм, уый йæхæдæг дæр нæ зоны, афтæмæй. Æрæджиау, йæ бон куы нæ уал уыд йæхи къуырдтытæ кæнынæй, уæд панелæй агæпп ласта ‘мæ уынджы иннæрдæм афардæг. Цæуы. Бафтыди сквермæ. Арасти иу аллейы. Хæрдмæ бæрзонд фæцыдысты гæдыбæлæстæ, сусхъæдтæ,

тæрсытæ аллейы дыууæ фарсы. Мæй сыл бæрзондæй йе 'взист калы. Кæд æрæгвæззæг у, уæддæр диссаджы рæсугъд æхсæв ыскодта. Зæхх æмæ арв кæрæдзимæ худынц. Уддзæф, фæлмæн уддзæф, сывæллоны улæфты хуызæн уддзæф, аллейы бæлæстыл йæхи рахафы. Бæлæсты буц фæлыстæй баззадысты хус сыфтæртæ, кæд systæм ысты, уæддæр сыл уддзæф куы анидзæвы, уæд, Эолы арфæйы тæнтау, базмæлынц, æмæ сæ сусæг уынæр уддзæфы базыртыл алырдæм атæхы. Диссаджы мелоди хъуысы хус сыфтæрты уынæры. Хъус-ма, уæдæ хъус:

*Мах сæрды тæмæны*
*Уыдыстæм дзæбæх.*
*Хур хъазыди немæ,*
*Цъырдтам-иу æртæх.*

*Ныр нал ис гæлæбу,*
*Ныр нал зары цъиу,*
*Æмæ ма нæ хъеллау,*
*Цæй, бæлæстыл циу?!*

*Хуыздæр нын нæ уыдзæн*
*Уыдонимæ цыд?*
*Цыдæриддæр хатдзæн*
*Нæ цардæн йæ цыт.*

*О тагъддæр, тых дымгæ,*
*Фæзын нæм, фæзын –*
*Бæласыл ауыгъд та*
*Нæ риутæн фæзын!*

*Цæй, тагъддæр, цæй, тагъддæр –*
*Æнхъæлмæ кæсæм,*
*Нæ бастæй нæ атон,*
*Цæй, фезмæл, тæхæм!*

Æмæ куыннæ! Сæрды тæмæны уыцы хус сыфтæртæ уыдысты сæдæазыккон тулдзыты, гуырвидауц гæдыбæлæсты, тасгæуасгæ бæрзыты æмæ иннæ алыхуызон бæлæсты фидыц. Сæ хъæбысы ардта йæхицæн буц фысымуат æрттивгæ гæлæбу, куыстуарзаг мыдыбындз, сырддонцъиу, уасæгой. Булæмæргъ-иу йæ

зæрдæрухс зарджытæ скъæрдта фæйнæрдæм уыцы сыфтæры хъæбысæй. Сæ быны-иу сатæджы йæ фæллад уагъта адæймаг. Цардцух адæймаг, цардæфсис адæймаг, буц чызг, хъал лæппу. Фæлæ ис алцæмæн дæр рад æрдзы мидæг. Фæци сæ рад сыфтæртæн, ацыйазы сыфтæртæн. Гуппарæй хауынц зæхмæ, цы бæлæсты фидыц уыдысты, раст уыцы бæлæсты бынмæ. Зымæджы уым фæлæудзысты, нымбидзысты уалдзæджы, æмæ та, уый фæстæ, мæр ратдзысты бæлæсты уидæгтæн, хъæздыг мæр, цардæттæг мæр. Сæ фылдæр æрызгъæлд бынмæ æмæ йæ ног рады ралæууыд, иу ыстæмтæ ма дзы æвзыгъдæй фæстаджы зарæг кæнынц æргомæй. Алкæмæн. Фæлæ йæ Берд нæ хъусы. Берд æй нæ хъусы, Берд. Даргъ гæдыбæласы цъуппæй иу сыфтæр фæхицæн. Сабыргай-сабыргай йæхи æруагъта бынмæ. Берды фындзы тæккæ хъæлыл сæмбæлд. Берд фесхъиудта, рефлексон æвнæлд фæкодта йæ фындзмæ. Сыфтæр уæдмæ æрхауд, фæлæ Берд йæ фындзы хъæл нырриуыгъта. Тынгдæр фесхъиудта. Йæхинымæры багуым-гуым кодта æмæ уыцы сæццуйæ цæуы дарддæр. Ахызти аллейæ. Арв бынтон байгом ис. Йæ чиныгфыст зыны арвæн. Фæлæ дзы цы бакæса Берд? Уыцы миниуæг куы уаид Бердмæ, уæд ыссарид уыцы чиныджы, Коперник, Бруно, Галилей, Кант, Лаплас, Гершел æмæ иннæтæ арвæн йæ фидары дæгъæл куыд байстой æмæ йын «авд æфсæн дуары бынæй» йæ сусæгдзинæдтæ хурмæ куыд рахастой, уый. Базонид, абоны бон адæймаджы цæст æгæрон тыгъды арф-арфид кæй фæсагъди, цыргъ хъамайы фындзау, æмæ Бетелгейдзе, кæнæ Антаресмæ кæй ыскодта йæ хъавд. Радзуриккой йын ацы стъалытæ, адæймагæй, зæххы фыртæй, сæ цуры мæлдзыджы цæсты йас чи нæ у, уыцы зæххы фыртæй сæ тас куыд бацыди, уый, æмæ йын, цымæ, уæд æнцондæр уаид, æви зындæр Бердæн?

Зын дзуапп радтæн у Берды тыххæй, фæлæ уый зонын хъæуы, æмæ Джордано Бруномæ 1600 азы инквизицийы артыл басудзын хуыздæр фæкасти, тыгъды зæрдæйы къуымты зилын ныууадзынæй. Адæм æмхуызон не сты, æвæццæгæн. «Чи сауджыны уарзы, чи та сауджынæн йæ чызджы», – ис ахæм зæронд æмбисонд. Берд уыдонæй иуы дæр нæ уарзы: йæ «социалон равзæрд æмæ йын йæ социалон уавæр» уыцы бар нæ дæттынц, ыстæй йæ ахæм æмбисæндтæ дæр ницæмæн хъæуынц: уыдон идеологон уагæй сæ нывыл не сты. Берд та ног лæг у, зæронд цардæй баззайæццæгты ныхмæ чи «тох кæны», ахæм герой.

«Хъуыдыйад», «инфинитив», æмæ ахæм æндæр алывыдтæ, уыдон дæр баззайæццæгтæ сты Берды зæрдæйы хыгъдæй. æмæ сæ койæ дæр йæ зæрдæ риссы. æвæццæгæн, ныртæккæ театры «Амыраны» хъазгæ куы фенид, уæд æм йæ маст Йапеты фырты мастæй тынгдæр фæкæсид, «хъуыдыйæдтæй» æмæ йæ «инфинитивтæй» цы зæронд фыдцъылыс прафесыр фарста абон æмæ йын «ну» чи ныффыста, уый та йæм, Амыраны игæр чи хæры, уыцы цæргæс фæзынид. Нæ, нæ, Берды натурæйы масштабæн йæхи мастæй ыстырдæр маст дунейыл нæ уыд æмæ нæй. Аллейæ проспектмæ рахызти Берд. Фæцæуы аууоны хуызæн. Фæлæ та кæуылдæр йæхи скъуырдта Берд, цыма тарф фынæйæ райхъал ис, уыйау йæ цæстытæ фæтынг кодта.

– Ай Берд куы дæ! Мæ зæрдæйæ ма кæимæ фæныхæй-ныхмæ дæн.

Берд уайтагъддæр йæхи фæтынг кодта:

– Гъа-а! Госæда. Кæцæй æмæ кæдæм уайыс?

«Æмдзæрæнæй. Цæуын... Афтæ... Рацу-бацу кæнын. Æнæбайрайгæ скæнæнт се 'мбырдæй, иу изæр дæр ма мæ мæхи бар куы ныууадзой, уæд», зæгъгæ, нызгъæлдта Госæда, цыма йын цæттæгонд уыдысты раздæр йæ дзырдтæ, цыма зыдта, исчи мыл фембæлдзæн, æмæ мæ фæрсдзæн, зæгъгæ, уыйау. Æмæ йын, æвæццæгæн, цæттæ дæр уыдысты. Иуæй-иу адæймæгтæм страусы уавæр ис: сæ сæр куы амбæхсынц, уæд афтæ фенхъæлынц, æмæ сæ ныр ничиуал базондзæн, зæгъгæ.

Ацы изæр институты æмбырд ис, ыстыр æмбырд. Ныхас дзы цæуы ахæм темæйыл: «Цавæр хъуамæ уа ныры фæсивæд?»

Госæда йæхи расайдта æмдзæрæнæй æмæ мæнæ... фембæлди.

– Бауырнæд дæ, раст, æз цы зæгъинаг уыдтæн, уый загътай, Госæда. Ницы 'мбарын æз дæр, ацы 'мбырдтæ цы сарæх кодтой, уымæн. «Цавæр хъуамæ уа ныры фæсивæд!» Цавæр хъуамæ уа? Æмæ уый чи нæ зоны, уый ма институты цы агуры?! – зонынджыны хъæлæсы уагæй дзуры Берд.

– Уæдæмæ та дзы кæмæдæр дзæнгæда цæгъдын цæуы, æмæ уый! – фæрсхой кæны Госæда.

Сæхæдæг дæр æй нæ базыдтой, куыд рараст ысты проспектæй фæстæмæ æмæ паркмæ куыд бацыдысты, уый. Æвæццæгæн, зæрдæтæ æнæ ныхасæй дæр сæ куыст кæнынц. Кæрæдзийы бамбаринаг куы вæййынц, уæд се 'хсæн уайтагъд цавæрдæр æнæуынгæ хид фесты 'мæ сæ аиу кæны. Фæлæ диссаг уый у, æмæ

Берд куыд тагъд бахызти йæ рольмæ. Цы ‘рбаци йæ маст? Куыд дзы айрох ысты йæ «ну» æмæ зæронд фыдцъылыс прафесыр? Цæуы, цыма исты адавта, кæнæ цуанон у, æмæ сырды смаг йæ былтыл ауад, уыйау хъуызгæ.

Мæйрухс кæд уыд, уæддæр ма парчы, бæрзонд бæлæсты бын, кæмдæрты уыдис сæр фæауун кæнæн бынæттæ. «Мæрдджыны цæст уынаг у», зæгъгæ-иу акодтой зæрæдтæ. Берд дæр уайтагъд ауыдта йæ бынат.

– Цом, Госæда, уæртæ уал уым абадæм. Кæдæй-уæдæй дуармæ раирвæзтыстæм æмæ чысыл сыгъдæг уæлдæфы аулæфæм.

Уæлдай ницыуал загъта Госæда. Æрбадтысты. Бадынц цавд дурты хуызæн. Дзурын сæ кæд фæндыд, уæддæр сæм, цы дзырдтаиккой, уый нæ уыд. Абадтаиккой иу-дыууæ минуты бæрц, афтæ Берд йæхи нал уромы – размæ кæсы, афтæмæй йæ къух Госæдайы къухырдæм байста. Бирæ йæ нал хъуыди Госæдайы къухмæ, афтæ йæ цавæрдæр тых фæурæдта. Иу цъусдуг та йæхимидæг ахъуырдухæн кодта, æмæ та ноджы сабыргай йæ къух Госæдайырдæм кæны. Йæ тугдадзинтæ ныттынг ысты Бердæн, хъустæ зарынц, зæрдæйы гуыпп-гуыпп цæуы. Цæстытæ тартæ кæнынц. Госæда дæр хуыздæр нал у, арф ныуулæфыд, цыма стыр сагъæсты бацыд, уыйау. Æмæ дзы уæвгæ та сагъæстæ куыннæ уыди, фæлæ... куыд райдайа йæхæдæг фæндаг амонын?! Сылгоймаг... «Нæ! Нæ!» Хъуыды кæны: «Цы ‘взæр у Берд. Цы ‘нæуæндаг у! Æз уымæй куы уаин, уæд... уæд мæ цы фæнды, уый бакæнин».

Хъуыды кæны Берд дæр: «Ныр мæ къух тагъддæр бакæнин, фæлæ, мыййаг, Госæда куы фæмæсты уа, алывыд мын куы фæдзура. Кæд æй фæндгæ кæны, уæддæр... Сылгоймаг хæйрæг куы у, куы йæ фæфæнды, уæддæр та, дам, цыдæр цæхджын митæ куы нæ акæна, уæд ын гæнæн нæй. Æмæ ам та адæм. Хуыцау бахизæд, чысыл исты сыбыртт дæр фæцыд, зæгъгæ, уæд нæ бафиппайдзысты, æмæ... æмæ ма уæд мæ цæсгом цы фæкæндзынæн...»

Госæда нал быхсы. Ноджы та ныуулæфыд. Мæсты кæны Бердмæ: «æвзæр, уæдæ, цымæ, уæртæ уыцы бандоныл чи бады, уыдон дæр афтæ цавддуртæй лæууынц? Мæнг нæ фæзæгъынц, ирон лæппутæ ницæмæн ысты, зæгъгæ. Æмæ, уæвгæ, Бердæй институты чызджытæй иу дæр не ‘ппæлы. Лæппуйы уагæй йæм ницы ис. Цы хæйрæг мыл æй фембæлын кодта, цы... Ме ‘зæр сæфдзæни». «Гъæй-джиди, ныр уырыссаг чызг куы уаид, –

зæгъы хинымæры Берд. – Уыдоны дзæнæт хонынц. Афонмæ йæхæдæг райдыдтаид истытæ дзурын, æмæ уæд ныхæсты ‘хсæн цы ‘нцон уаид йæ къухмæ бавналын»...

Уалынджы йæ къух Госæдайы къухыл анысдзæвд. «Æллæх, хуыцау!» – ныггуыпп кодта Берды зæрдæ. «Кæд йæ къух нæ аскъæфа, уæд мæ хъуыддаг цæуы», – хъуыды кæны Берд.

«Гъæ, гъæ! Кæд бынтон гал нæ разынид Берд. Цыдæр фæнд æм ис», – дзуры Госæда йæхимидæг. Фæлæ Берды къух йæ къухыл куы анысдзæвд, уæд афтæ мондаджы зыр-зыр бакодта, æмæ иу минутæй фылдæр йæ бон нæ баци фæуадзын йæ къух Берды къухы цур – систа йæ æмæ йæ йæ уæрагыл æрæвæрдта. Дæ уазалмæ бæллæг Берды зæрдæйы уаг куы айстаид уыцы сахат. Хуыфæгау бакодта, чысыл æддæдæр абадт Госæдайæ, æмæ йæ уæхсчытæ раздух-баздух кæны. Уыцы змæлдæй зæгъынмæ хъавыд Госæдайæн, æнæбары мын фæци, зæгъгæ.

Госæдайæн дæр йæ зæрдæ бауазал. Кæсагахсæджы æнгуырæй кæсаг йæхи куы атоны, уæд ма кæсагахсæджы зæрдæйы уаг дæр афтæ вæййы. Бамбæрста Госæда, хорз кæй нæ бакодта, йæ къух кæй айста, уымæй, уый. Йæ рæдыд цæмæй ысраст уа, уый тыххæй йæ къух уæрагæй систа æмæ йæ, цыма йын æнæбары уыд, йæ уæраджы фарсмæ бандоныл æрæвæрдта.

Берд та дзыхъхъынногæй райдыдта йæ къух хæстæг кæнын. Къæмисæнты дзæхст-дзæхст барабан хойæгау хъуысы. Госæда ‘нхъæлмæ кæсы, кæд анысдзæвдзæн Берды къух йæ къухыл, уымæ. Йæхицæн дзырд радта: куыддæр ма æрбахæццæ уа Берды къух, афтæ йæ къух исгæ нал, фæлæ йæ Берды къухмæ нылхъивдзæн, кæд уæд исты архаид, уыцы гоцо.

Бирæ ‘нхъæлмæ кæсын æй нал бахъуыд: Берды къух та, ихы къæртты хуызæн, йæ къухыл анысдзæвд.

– Цæй уазал у дæ къух, Берд? Æри-ма, æз дын æй ысхъарм кæнон.

Дзуапмæ нал фæгæдзæ кодта, фæлæ лæппуйы къух йæ къухты ‘хсæн акодта ‘мæ йæ йæ уæрагыл æрæвæрдта.

Дыккаг сагъæсы та бахауди Берд: «Æвæццæгæн, ахæм фæндæй йæ зæрдæйы ницы ис. Æвæццæгæн мæм æмбалы цæстæй кæсы Госæда, æмæ, куыд æмбал, афтæ мын тæригъæд кæны, æмæ мын мæ къух тавы йæ къухты ‘хсæн».

Фæлæ йæ къух Госæдайы къухты ‘хсæн куы фæхъармдæр ис, ыстæй ноджы уæраджы фæлмæн хатын куы байдыдта, уæд

та Берды туг цырын кæнынырдæм фæци: «Цæй æмбал?! Уыдон иууылдæр мæнг ныхæстæ ‘сты. Афтæтæ чи фæдзуры, уыдонæй ныртæккæ мæ бынаты исчи куы уаид, уæд афонмæ, æз цæмæ хъавын, уый ма уый кæнгæ дæр бакодтаид». Йæ цæстытæ фæцъынд кодта, йæ къух фæзылдта æмæ Госæдайы рахиз къух нылхъывта. Госæда дæр йæхи ауагъта. Нал ызмæлы. Берд йæхиуыл фервæссыди. Тынгæй-тынгдæр æлхъивы къух. Йæ цæстытæ цæхæртæ калынц, йæ уæнгтæ ‘гасæй зыр-зыр кæнынц. Хъуыды кæны, куыд ахъæбыс кæндзæн Госæдайы, куыд ын апъа кæндзæн, æмæ фырцинæй йæ цæстытæ атартæ вæййынц.

Госæда дæр фыццаг фырцинæй цы акодтаид, уымæн ницыуал зыдта, фæлæ уайтагъд йæ зæрдæйы бын, кæмдæр, сау сагъæсы ‘взар фæзынди: «Куы айхъуыса... худинаг. Йæхи куы нæуал баурома... сывæрджын... Нæ, нæ!..» Фæлæ сæ фарсмæ суайы æндæр хъуыдыты талатæ: «Уыдон рагон хъуыдытæ ысты, ныр нæ сæр нæ бар у; зæрдæйы цы фæнды, уый кæнын хъæуы».

Фæстаг хъуыдытæ ‘мæ сонт туг æмцæдис фæлæууыдысты, æмæ, кæд раст нæ уыдысты, уæддæр фæуæлахиз ысты.

Бердмæ тæрсындзинад йеддæмæ сагъæсæй, хъуыдыйæ ницыуал уыди. Фæлæ иугæр Госæда куы нæ ‘змæлыди, уæд тæрсгæ дæр нал кодта. Иу-дыууæ æлхъывды ма акодта Госæдайы къух, ыстæй, уыцы иу лæбурд фæкодта, цыма йæ хъазуат ыскæныны сæр бахъуыди, уыйау, æмæ йæ бон-йæ тыхæй Госæдайы йæ хъæбысы ныттыхта. Иу цъусдуг афæстиат ысты хъæбысхъæбысæй, ыстæй былтæ кæрæдзиуыл андæгъдысты.

Сæ уæле, дæрддзæф, бандоныл чи бадти, уыдон ыстадысты ‘мæ ‘рцæуынц. Госæда йæхи атыдта æмæ йæхи дзæбæхтæ кæны. Берд бахуыфыд, фæлæ бæрæг уыд, аразгæ хуыфт кæй кæны, уый. Цæуджытæ цалынмæ адард ысты, уæдмæ сæ дыууæйæ дæр сыбыртт не схаудта. Фæлæ цæуджытæ куы адард ысты, уæд Госæда Бердырдæм фездæхт æмæ йæм дзуры:

– Ныр цы бакодтай? Худинаг дæм нæ кæсы? Ныр нæ исчи куы базона, уæд та?

Берд бæргæ зыдта, Госæда фыццаг дыууæ фарсты фæтчы тыххæй кæй радта, уый, фæлæ фæстаг фарстæй йæхæдæг дæр ыстъæлфыди.

– Исчи куы базона, уæд хорз нæу, Госæда. Фæлæ нæхæдæг никæмæн зæгъдзыстæм. Уынгæ та нæ ырма ничи фæкодта. Æцæг, цæуæг арæх у. Æмæ цæй афтæ бакæнæм, æмæ

‘мдзæрæнмæ цом! Æмбырд нырма тагъд нæ фæуыдзæн. Дæ уаты абаддзыстæм, ыстæй æз рацæудзынæн.

Уыцы ныхæстæгæнгæйæ сыстад æмæ Госæдайы къухыл ысхæцыд. Госæда дæр уæлдай ницыуал загъта. Сыстади ‘мæ араст ысты.

Æмдзæрæны цъиуызмæлæг дæр нæ уыд. Бацыдысты, Госæда цы уаты царди, уырдæм. Рухс ыскæной, нæ – ууыл чысыл аныхас кодтой, ыстæй алыг кодтой, нæ хъæуы, зæгъгæ. æрбадти Берд Госæдайы сынтæгыл æмæ дзуры Госæдамæ сусæг хъæлæсæй, æрбад, зæгъгæ. Госæда дæр ахæм хъæлæсæй «нæ, нæ» кæны. Сусæгæй цæмæн дзырдтой, уымæн æппындæр бæрæг нæ уыди. Æввахс ызмæлæг никуы уыд. Фæлæ, æвæццæгæн, хъуыддагæн йæ бæззон æмæ йе ‘нæбæззон адæймагæн йæхиуыл фæбæрæг вæййынц. Пушкин мæнгæй нæ загъта: «Жалок тот, в ком совесть не чиста». Ныхасæй куы ницы цыд, уæд Берд сыстад, æрцахста Госæдайы цонг æмæ йæ йæ фарсмæ сынтæгыл æрбадын кодта. Бадынц та æгуыппæгæй, парчы куыд бадтысты, афтæ. Уаты иунæг уæлдай сыбыртт нæй. Мæйрухс рудзынгæй йæхи ‘рбауагъта ‘мæ къулмæ тинтычъи тыны гæрзау ныллæууыд. Æфсæрмы кæны Берд æмæ Госæдайæ мæйрухс. Фæсвæд сæ фæуагъта, нæ сæм бакасти. Нæ, æфсæрмы сæ нæ кæны, тæригъæд сын кæны, æндæр зæрдæйы хицау чи нæ у, æндæр тых, æндæр хъару кæмæ нæй, царды æндæр фадæттæ чи нæ ары, адæймаджы аккаг фадæттæ сæ зæрдæйы фæндтæ сæххæст кæнынæн. Зæрдæйы фæндтæ! Кæм ис зæрдæ?

Фосы туг йеддæмæ зæрдæ нæй Берд æмæ Госæдайы риуты. Бирæгътау сæ фæскъуымты кæрæдзиуыл æндадзы сæ туг, къуырма туг.

Берд нал быхсы: исты амалæй тагъддæр куы бакæнид йæ хъуыддаг, кæннод æмбырд куы фæуа, уæд адæм æрцæудзысты, æмæ... ахæм фадæттæ та бирæ нæ вæййы.

«Тагъд кæнын хъæуы, – дзуры йæхинымæры Берд, фæлæ куыд райдайа? – Цæй, æвæдза, ныр та ма цы ракæ-бакæ кæнон, хъуыддаг конды хуызæн куы у», – кæрон ыскодта йæ катайæн æмæ февнæлдта Госæдамæ. Госæда дæр ма, цыма йæ уд ысцæйхауд, «нæ хъæуы, нæ хъæуы» кодта, стæй йæхи ауагъта. Иу-дыууæ хатты ма сыхъуыст Госæдайы кæуынхъæлæс «æллæх, æллæх!» зæгъгæ...

Берд йæхи адзæбæхтæ кодта, стæй бацыди фæстæмæ сынтæгмæ æмæ дзуры Госæдамæ:

– Сыст æмæ дæ сæрыхъуынтæ алæгъз кæн, уæд та исчи ‘рбацыди!

Госæда нæ хъусы Берды ныхасмæ. Йæ хæкъуырцц цæуы. Берд та йæм дзуры ноджы. Госæда не ‘змæлы, футт-футт кæны. Берд æм бацыд æмæ йын йæ цонгыл ысхæцыд. Госæда йæ цонг атыдта.

– Мæтæй мæ амар, – зæгъгæ йыл фæхъæр кодта Берд æмæ дуарæй федде... «Топп фехс, ыстæй йын уый фæстæ йæ нæмыг æрцахс». Мондаджы састы фæстæ кæддæриддæр афтæ вæййы.

Госæда бамбæрста, хорз кæй нæ бакодта, уый, фæлæ ма йын цы гæнæн уыди. Сонты митæй æмæ нуазаг лæджы митæй фæсмойнаг бирæтæ вæййы. Нуазаг лæг алы нуæзты фæстæ дæр æнæ афтæ зæгъгæ нæ фæуыдзæн: «Гъеныр мæ цæмæн хъуыд уыцы нозт! Гъеныр цы митæ кодтон!» Фæлæ, зæрдæ куы ыспарахат вæййы, туг куы сфыцы уæд ма ацу, æмæ ды ахъуыды кæн!

Non semper Saturnalia erunt* – ахæм æмбисонд уыдис рагон ромæгтæм. Берд æмæ Госæдамæ ахæм хъуыды не ‘рцыд.

Бабадти сынтæгыл Госæда. Къухтæ ныхмæ сбыцæу кодта, афтæмæй бады. Цæсты бынтæ ацъæх ысты, зæнгтæ дыз-дыз кæнынц. Талынг ыскъæтæй уæлдай нал уыди йæ сæр: хъуыдытæ дзы хъомпал кодтой, фæлæ фырбирæ кæй уыдысты, уымæ гæсгæ сæ сыгъдæг хъуыды не ‘взæрди. Нæ бамбæрста Госæда, Аминæт куыд æрбацыди, уый. Фæлæ Аминæт рухс куы фæзылдта, уæд Госæда фестъæлфыди, йæхи фембæрста ‘мæ йе уæнгтыл, цас ма йæ хъару уыд, уыйас фæхæцыд. Аминæт сагъдауæй аззад, Госæдайы куы ауыдта, уæд.

– Мæ къонайыл! Ам куы дæ! Цы ми кодтай æнæ рухсæй? Дæ цæсгом дæр дæ уæлæ куынæ ис – исты кæныс? Исты хабар, мыййаг, хуыцау бахизæд, фæлæ, хъæутæй?.. Дæ цæстытæ доны куы зилыс?

– Нæ, ницы ис ахæмæй. Фæлæ мæхимæ ахæм мæстыйы мыггаг дæн, ахæм, æмæ раст мæхи марынмæ ‘рцыдтæн. Изæры ‘рбацыдтæн. Зыдтон, æмбырдмæ цæуын кæй хъæуы, уый. Фæлæ, зæгъын, иу-фондз минуты бæрц мæ фæллад куы ауадзин – сынтæгыл æркъул кодтон æмæ афынæй дæн. Марадз зæгъай, кæд ма райхъал дæн гъеныр иу-фондз минуты раздæр йеддæмæ. Фæлтау мæрдфынæй куы бауыдаин. Кæуынæй мæхи аргæвстон, мæ сæрыхъуынтæ фæтыдтон.

* Алы хатт урсы къуыри нæ вæййы. – (Автор.)

«Цы нæртон дæ, Госæда! Цавæр у! Æмбырд хорз æмбырд уыд, фæлæ хаттæн афтæ рауайы. Уæд ма дæ хъынцъымæй цы рауайдзæн, цы хабар у? Мæ уд мын куы ауайын кодтай. Сыст, дæ цæстытæ ахс, дæ сæр æрлæгъз кæн, цалынмæ иннæтæ не 'рбацыдысты, уалынмæ, кæннод дæ уыдон дæр афтæмæй куы 'рбаййафой, уæд æз куыд фæтарстæн, афтæ фæтæрсдзысты», – зæгъгæ йæм мадау фæлмæн хъæлæсæй бадзырдта Аминæт.

Госæда, Аминæт ын куыд загъта, афтæ бакодта. Уалынмæ иннæ чызджытæ дæр æрбакалдысты дзургæ-заргæ, æмæ уат цинæй байдзаг.

*1934*

## ИРОН ТАУРÆГЪ

Уыдис бон йæ рæсугъдыл. Хуыцау фæсаходæн йæ зæрдæйы дзæбæхæн мигъы тагыл йæхи ауагъта парахатæй æмæ йæ дунемæ фæлгæсыд. Кæсы, æмæ иу ран адæм бæлæсты бын куывды бадынц. Физонæг, уæлибыхтæ, цъæх арахъхъ æмæ разагъды бæгæны сæ разы. Кувынц. Хорздзинæдтæ курынц Хуыцауæй. Æрмæст дзы иу адæймаджы куывд фæцыдис Хуыцауы зæрдæмæ. Уый уыди Буры фырт Мæхæмæт. Хуыцау бадзырдта Уастырджимæ æмæ йын зæгъы:

– Ацу æмæ Буры фырт Мæхæмæты схон мæ хæдзармæ – фæци мын ыстыр уарзон йæ куывды фæрцы.

Уастырджи йæ бæхыл саргъ баппæрста 'мæ рарастис зæхмæ, Буры фырты хонынмæ. Æрцыдис. Балæууыдис Буры фырты дуармæ. Бадзырдта. Буры фырт ракасти, уæдæ цы уыдаид. Уастырджи дзуры:

– Дæ куывд Хуыцауы зæрдæмæ тынг фæцыдис, æмæ йæ бафæндыд, цæмæй йæ хæдзары сæмбæлай, уый.

Буры фырт дыууæ нал загъта, йæ бæх баифтыгъта 'мæ арастис Хуыцаумæ уазæгуаты. Цæуы 'мæ иуран хохæй хъуысы зарæг: «Абон Буры фырт Мæхæмæт Хуыцаумæ уазæгуаты цæуы æмæ та ахсæв йæ рæсугъд усимæ ме 'хсæв арвитдзынæн».

Буры фырт бæх фæурæдта. Кæсы, зарæг кæцæй хъуысти, уырдæм æмæ уыны фыййауы. Зарæгтæнæг уыд мæгуыр фыййау.

– Хорз фыййау, дæ зарæг дын хъусын, æмæ ма зæгъ, æцæг афтæ уыдзæн ахсæв дæ хъуыддаг? – дзуры Буры фырт.

– Æнæмæнг, хорз бæлццон. Æз афтид ныхæстæй мæхи никуы фæбуц кæнын, – дзуапп радта фыййау. – Ыстæй канд ацы

‘хсæвыл нæу хъуыддаг: кæддæриддæр Буры фырт балцы куы вæййы, уæд йæ сынтæджы хай афтид никуы баззайы.

– Уæдæ цæмæй бауæндон, уый тыххæй бакæн афтæ: Буры фырты æз зонын. Уый раджы, иуахæмы, йæ усæн лæварæн радта налхъуыт фæрдгуытæ. Бавдæл æмæ, дæ хъуыддаг куы бакæнай æмæ куы ‘здæхай фæстæмæ, уæд-иу дзы лæварæн, зæрдыл лæууыны тыххæй уыцы фæрдгуытæ ракур. Дæ фосæн ма тæрс – æз сæ хъахъхъæндзынæн де ‘рцыдмæ.

Хорз, зæгъгæ, загъта фыййау æмæ араст ис. Дыккаг бон хур куы скастис, уæд фыййау æрбаздæхтис æмæ налхъуыт фæрдгуытæ бæлццоны хъæбысмæ баппæрста.

Цы гæнæн ма йын уыдис Буры фыртæн – бауырныдта йæ, хъуыддаг æцæг кæй у, уый. Нынкъард ис, сагъæсы аныгъуылди: «Ацал-ауал азы фæцардтæн мæ усимæ, æмæ арвæн æркæлынæй фæтарстаин, фæлæ мæ ус мæ зæрдæхъыджы бацæуддзæн, асайдзæн мæ, уый мæ никуы бауырныдтаид».

Уæд йæ разы ‘рбалæууыд Уастырджи ‘мæ йæ фарсы. Буры фырт хабар радзырдта сæрæй бынмæ.

– Ма хъыг кæн, мæ хæлар Буры фырт. Уыцы цау дæуæй мæныл раздæр æрцыдис, фæлæ гæнæн нæй, – дзуры йæм Уастырджи. – Ныууадз дæ хъыг кæнын æмæ цом Хуыцауы хæдзармæ.

Араст та кодта Буры фырт, Уастырджи дæр йемæ. Ысcыдысты Хуыцауы хæдзармæ, кæрты æрхызтысты, æрбастой сæ бæхтæ. Кæсынц, æмæ Хуыцауы бæхгæс-фыййау ыскъæт мæрзы. Куы рахафы, куы та йæ цæст дуармæ ныццæвы. Бирæ нæ рацыд, афтæ скъæты дуарæй æрбакастис иу ус. Хуртæ мæ дзы мæйтæ кæсы, йæ зæлдаг къабаты сыф-сыф цæуы. Бæхгæс фыййаг дард фæхаста, æмæ усæн ха-афт. Ус бахудти ‘мæ бæхгæсы хъæбысмæ йæхи баппæрста...

Уастырджи ‘мæ Буры фырт бадзырдтой Хуыцауы хæдзармæ. Уазджытæм ракастис Хуыцау йæхæдæг. Бацин кодта Буры фыртыл. Мидæмæ сæ бахуыдта. Æрбадын кодта уазджыты, йæхæдæг фæзылди ‘мæ йæ къухтæ ‘хсы. Ныхсадта сæ, уæдæ цы, асæрфта сæ зæлдаг къухтæмæрзæнæй æмæ къухтæмæрзæн усмæ баппæрста. Ус дын сæрдиаг кодта, амардта мæ, зæгъгæ, æмæ дуарæй федде ис. Уастырджи ‘мæ Буры фырт кæрæдзимæ бакастысты ‘мæ худынц. Хуыцау дисгæнгæйæ фæзылдис се ‘рдæм æмæ сæ фæрсы, цæуыл худут, зæгъгæ.

Уастырджи хатыр ракуырдта Хуыцауæй æмæ радзырдта, кæртмæ ‘рбахизгæйæ Хуыцауы усы Хуыцауы бæхтæмзилæг фыййагæй куыд ныххафт ласта, ус куыд бахудт æмæ афтæ дарддæр.

Хуыцау бамбæрста хъуыддаг. Ныуулæфыд æмæ дзуры: «Цæй уæдæ, усæн искæй лæгмæ дзурын фæтк фæуæд зæххыл, фæлæиу æрмæст сусæг макуы бауæд».

Буры фыртæн дæр ма цас маст уыдаид, йæ ус ыл сайдæй кæй цыдис цæрæнбонты, уый. Бахудт æмæ дзуры:

– Бæрзондыл бадæг сыгъдæг Хуыцау æмæ хъæбатыр Уастырджи! Куыд уынын, афтæмæй сымах сынтæджытæ дæр хæзгулы хъæстæ къаддæр хæттыты нæ фæвæййынц. Æз та ма мæхи марынмæ рахъавыдтæн, уыцы æнæфæнык фыййауы митæ мын куы сбæрæг ысты, уæд. Æрцæуæд дæ арфæ, уæдæ, Хуыцау – фæуæд уыцы хъуыддаг фæтк!..

– Оммен! – зæгъгæ, ныхасæн кæрон ыскодта Уастырджи, æмæ фынджы уæлхъус æрбадтысты æртæ дæр...

# АРВИСТОН

## ЭЗОПЫ ÆМБИСÆНДТÆ

### 79. Гæды æмæ мыстытæ

Иу хæдзары уыди бирæ мыстытæ. Гæды уый куы базыдта, уæд сæм бацыд. Ахсын æмæ сæ хæрын райдыдта радыгай. Мыстытæн се сæфт æрцыд, уый бамбæрстой æмæ сæ хуынчъыты бамбæхстысты. Гæдыйы бон сын ницыуал уыд æмæ йæхицæн загъта: «Хъуамæ сыл хинæй рацæуон». Къулыл цы зæгæл хост уыд, ууыл æрцауындзæг – йæхи мардæфсон скодта. Мыстытæй иу йæ хуынкъæй ракаст æмæ йæ куы ауыдта, уæд загъта: «Нæ, мæ хур, суанг голладжы хуызы куы бацæуай, уæддæр дæм æввахс нал бацæудзынæн».

Æмбаргæ адæймаг куы бамбары, йæ зонгæ йыл мæнгардæй рацыд, уый, уæд ын сайын нал бакомы.

### 82. Хæрæг, уасæг æмæ домбай

Кæрты уыдысты хæрæг æмæ уасæг. Æххормаг Домбай хæрæджы куы ауыдта, уæд йæхинымæры загъта: «Бахъуызон æм æмæ йæ акъабæзтæ кæнон». Фæлæ раст уыцы исдуг уасæг ныууасыди. Домбæйттæ та, дам, уасæджы уастæй тынг тæрсынц. Домбай æвиппайды хъæдмæ лыгъд радта. Хæрæг дын уый фенгæйæ куы фæныфсджын уаид. Домбайы фæстæ ныййарц ис. Иуцасдæр куы азгъордта, уæд æм Домбай фездæхт æмæ – дæ фыдгул дæр афтæ: хæрæгæй ма афтид стæгдар аззади.

Адæмæй дæр ис ахæмтæ: се знаг куы фæкъуыхцы вæййы, уæд сæ ныфс бацæуы æмæ се ‘нæрхъуыдыйы аххосæй байсæфынц.

### 83. Маймули æмæ теуа

Æнæмбаргæ цæрæгойтæн æмбырд уыд, æмæ дын иуафон маймули сæ разы кафын куы байдаид. Цæрæгойтæн кафт сæ зæрдæмæ фæцыд æмæ маймулийæ æппæлынтæ систой. Теуамæ уый хардзау æркасти, хæлæг ыл фæтых æмæ, æз кæмæй цауддæр дæн, зæгъгæ, кафыныл схæцыди. Фæлæ ахæм æнарæхст змæлдтытæ кодта, æмæ йæм цæрæгойтæ иуулдæр смæсты сты.

Лæдзджытæй йыл ралæууыдысты æмæ йæ се ‘мбырдæй фæсырдтой. Æмбисонд амоны: хæлæггæнаг йæхицæй тыхджындæртимæ ерыс кæнын куы байдайы, уæд фыдбылызы бахауы.

## 84. Дыуусæ хъæндилы

Сакъадахыл хызти гал, йæ бæркъатæй та йын сæхи æфсæстой дыууæ хъæндилы. Зымæг куы ралæууыд, уæд хъæндилтæй иу иннæмæ дзуры: «Былмæ куы атæхин, уый мæ фæнды, цæмæй дæуæн ам хæринаг фаг уа. Кæд былгæрон бирæ хæринаг уа, уæд дзы дæуæн дæр æрбахæсдзынæн». Атахти хъæндил фурды былмæ, бирæ ног бæркъатæ дзы ссардта, æмæ хæрыс ма – нал. Зымæг аивгъуыдта, æмæ хъæндил фæстæмæ сакъадахмæ атахт. Йе ‘мбал æй уыцы нард æмæ фидарæй куы федта, уæд ын бауайдзæф кодта, демæ, дам мын хæринаг æрбахæссынæй зæрдæ куы бавæрдтай, уæд дæ дзырд цæмæн фæсайдтай. Нард хъæндил ын дзуапп радта: «Мæнмæ ма хæц, фæлæ æрдзмæ: ахæм ранмæ бахаудтæн, æмæ дзы хæрæн уыди, рахæссæн та – нæ».

Мæнгард лымæн йæ дзæбæх зæрдæйыл куы вæййы, уæд дын ныфсытæ æвæрдзæни, фæлæ дæ бахъуаджы сахат рохуаты ныууадздзæни.

## 85. Хъыбыл æмæ фыстæ

Фысты дзугимæ хызти хъыбыл. Иу хатт æй фыййау рацахста, æмæ дын хъыбыл йæ хъæрахстæй бæстæ куы байдзаг кæнид. Фыстæ йæм дзурынц: «Уанцон хъæрахст нæу! Фыййау мах куы рацахсы, уæд уынæр дæр куы нæ скæнæм!» Уæд сын хъыбыл афтæ: «Уæхи мемæ ма барут. Сымах уæ хъуыны тыххæй фæахсы, æз та йæ дзидзайы тыххæй хъæуын».

Йе ‘хцатæн нæ, фæлæ йæ цардæн тæссаг кæмæн вæййы, уыдон дæр дзæгъæлы нæ фердиаг кæнынц.

## 86. Нæмыгхор

Нæмыгхор маргъ дыргъдонмæ фæцалх æмæ-иу йæхи алы адджинæгтæй бафсæста. Дыргъдоны хицау æй бафиппайдта æмæ йæ иуахæмы къæппæгæй æрцахста. Цъиу йæ мæлæт куы базыдта, уæд ма, мæгуырæг, афтæ бакодта: «Цæй æнамонд дæн, цæй! Адджинæгтыл мæ цард баивтон».

Æмбисонд арæзт у, æнæуаг чи у, адджинæгтæ æгæр тынг чи уарзы, ахæм адæймаджы ныхмæ.

## 87. Сызгъæрин æйчытæ чи ‘фтыдта, уыцы хъаз

Иу лæг æппæтæй тынгдæр табу кодта Гермесæн*, æмæ йын уый тыххæй Гермес балæвар кодта, сызгъæрин æйчытæ чи ‘фтыдта, ахæм хъаз. Лæгмæ уый фаг нæ фæкасти, фæндыд æй æвиппайды ахъæздыг уæвын. Афтæ ‘нхъæлдта, хъаз мидæгæй æнæхъæнæй дæр сызгъæрин у. Айтæ-уыйтæ нал фæкодта æмæ йæ аргæвста. Фæлæ фæфыдæнхъæл: хъазæн йæ мидæг разынд æрмæст хуылфыдзауматæ. Лæг, цы зæгъын æй хъæуы, сызгъæрин æйчытæй дæр æнæхай фæци.

Зыд æмæ кæрæф адæймæгтæ арæх,фылдæр мын уа, зæгъгæ, æгæр куы сцыбæл вæййынц, уæд æнæхай фæвæййынц, цы сæм уыд, уымæй дæр.

## 88. Гермес æмæ скульптор

Гермесы æрфæндыд, адæм ын цас аргъ кæнынц, уый базонын. Адæймаджы хуызы бацыд æмæ иу скульпторы æрмадзмæ бахызт. Уым ауыдта Зевсы статуя æмæ бафарста: «Цас у йæ аргъ?» Æрмадзы хицау ын дзуапп радта: «Драхмæ!»** Гермес бахудт æмæ афарста: «Герæ та цасы аргъ у?» Скульптор ын дзуапп радта: Уый ноджы зынаргъдæр. Уалынджы уазæг йæхи статуя ауыдта æмæ хинымæры загъта: «Æз хуыцæуттæй уацхъуыдхæссæг æмæ æфтиæгтæ уарæг кæй дæн, уымæ гæсгæ мын, æвæццæгæн, адæм стырдæр аргъ кæнынц». Æмæ Гермесмæ амонгæйæ фæрсы: «Мæнæ ай та цасыл рауæй кæнис?» Скульптор ын афтæ: «Кæд мæнæ ацы дыууæ балхæндзынæ, уæд дын уый семæ лæвар ратдзынæн».

Æмбисонд хауы, иннæтæй цауддæр уæвгæйæ, схъæл æмæ хъилдзæуæг чи у, ахæмтæм.

## 90. Сау калм æмæ донгалм

Сау калм дон нуазынмæ фæцæйхылди суадонмæ. Уым та донгалм цард æмæ сау калмы æввахс нæ уагъта, ай, дам, мæ бынат у

---

* Грекъаг мифологийы – хуыцæуттæй адæммæ уацхъуыдхæссæг, фыййæутты, фосдарыны æмæ фæндаггæтты бардуаг.

** Рагон грекъаг лыстæг æхца.

æмæ йæм мачи цæуæд. Сæ хъаугъа фæстагмæ скарз æмæ баныхас кодтой: уæдæ нæ тыхтæ бавзарæм, æмæ чи фæуæлахиз уа, уый бауæд ацы бынат. Бæлвырд бон снысан кодтой хæцынæн. Хæфсытæн та донгалм сæ уæнгæл уыд æмæ сау калммæ сæхи байстой, зæрдæтæ йын æвæрынц, мах дæр дæ фарс рахæцдзыстæм, зæгъгæ. Æрцыди тыхæвзарæн бон. Дыууæ калмы тох самадтой. Хæфсытæ дæр дын уасын куы байдаиккой – æндæр ницæмæ арæхстысты. Сау калм фæуæлахиз æмæ хæфсытæн уайдзæфтæ кæны, баххуыс кæнынæй мын зæрдæ куы бавæрдтат, уæд бахъуаджы сахат æххуысы бæсты зарын цæмæн байдыдтат, зæгъгæ. Хæфсытæ йын ахæм дзуапп радтой: «Нæ дзæбæх лымæн, амæй фæстæмæ йæ зон: махæн не 'ххуыс нæ къухты нæй, фæлæ нæ хурхыты».

Хъуыддагæй æххуыс кæм хъæуа, уым ныхæстæй ницы бакæндзынæ – ахæм у æмбисонды хъуыды.

### 90. Куыдз æмæ йæ хицау

Иу лæгмæ уыди куыдз æмæ хæрæг. Гъемæ иудадзыг куыдзимæ архайдта, хæринаг ын лæвæрдта, буц æй дардта. Куыдз дæр фырцинæй гæппытæ кодта, уæдæ цы уыдаид. Хæрæг æм хæлæгæй мард æмæ дын уый дæр сæррæттытæ кæнын куы райдаид, йæ хицауы дæр сынæгæй бакъуырдта. Лæг æм смæсты, лæдзæгæй йыл ралæууыди, стæй йæ кæвдæсы цур бабаста.

Æмбисонд амоны: æрдзæй алкæмæ æмхуызон хæйттæ не 'рхауы.

## ЭПИКТЕТЫ* АФОРИЗМТÆ

* * *

Цард йемыдзаг у æнæнхъæлæджы цаутæй, тæрккъæвдаты фæстæ дон куы раивыла, уый хуызæн у – абухы, гуылф кæны, сæрра вæййы, иннæ фарсмæ дзы ахизæн нæ вæййы, фæлæ йæ сонт митæ бирæ нæ ахæссынц.

* * *

Хъысмæт буарæн у талынг ахæстон, удæн та – фыдбылыз. Буарæй сæрибар чи у, удæй та ахст, уый у цагъайраг. Фæлæ йæ уæнгтæ

* Эпиктет уыди ромаг разагъды лæг, философ, царди нæ эрæйы 50-æм – 138-æм азты.

баст кæмæн сты, йæ уд та сæрибар кæмæн у, уый цагъайраг схонæн нæй – уый у æцæг сæрибар.

* * *

Æхцатæ, æхцон цард æмæ кад кæй хъæуы, уыдонæй иу дæр адæмы нæ уарзы: адæмы уарзы æрмæстдæр хæрзгæнæг.

* * *

Сихор хæргæйæ дæ зæрдыл дар: æфсадыс дæ буар æмæ дæ уды. Буарæн цы дæттыс, уый дын бирæйы фаг не суыдзæни, удæн цы дæттыс, уый та цæрæнбонты фаг у.

* * *

Рæстдзинады сæрыл тох кæнгæйæ фæуæлахиз уæвынмæ макуы тырн: иугæр рæстдзинад дæ къухты ис, уæд уæлахиз дæр ды фæуыдзынæ.

* * *

Бирæ адæймæгты ‘хсæн ницæйаг цард кæныны бæсты фæлтау, удæй сыгъдæг æмæ фæрнджын чи у, иу ахæм адæймаг равзар дæхицæн æмбалæн.

* * *

Æнæниз адæймаджы нæ бафæнддзæни, цæмæй йын рынчын лæггадгæнджытæ уа, кæнæ йæ бинонтæ уой рынчын. Уæдæ уæздан адæймаг та цагъартæ дарын йæ сæрмæ не ‘рхæсдзæн, стæй, сæрибар чи нæу, ахæмтимæ иу цары бын ницы хуызы фæцæрдзæни.

* * *

Чъынды уæвынæй, æхцон цардмæ бæллынæй, хицæй æппæлынæй æлгъагдæр миниуджытæ нæй. Уыйхыгъд зæрдæхæлар, цæстуарзон уæвынæй æмæ адæмæн хорзы цæуынæй фæрнджындæр миниуджытæ нæй.

* * *

Тæрхонылæгæн иннæтæ тæрхонгæнæг суой, уымæй ма худинагдæр цы уа?

* * *

Архимед-иу йæ куысты уæлхъус гуыбырæй æгæр бирæ куы фæбадт, алыхуызон таблицæтæ фысгæйæ, уæд-иу æй йæ цагъартæ

лæгдыхæй сыстын кодтой, цæмæй йын йæ буар сойæ байсæрдой æмæ йын фенцондæр уа, фæлæ-иу уый афтæмæй дæр йæ куыст нæ уагъта – йæ математикон фигурæтæ арæзта йæ сойæсæрст буарыл.

* * *

Фынджы уæлхъус йе 'мбæлттимæ бадгæйæ Солон æппындæр ницы дзырдта. Уæд æй Питтак бафарста, ау, ницы дзуринаг дæм ис, зæгъгæ. Солон ын ахæм дзуапп радта: «Иунæг æдылы адæймаг дæр фынджы уæлхъус бадгæйæ æнæ дзургæ нæ фæлæудзæн».

* * *

Хъаз йæ хъæрæй иннæты нæ тæрсын кæны, фыс та – йæ уастæй. Ды дæр хъуамæ сау адæмы æдзæлгъæд хъæртæй ма тæрсай.

Фалесы куы бафарстой, адæмæн æппæтæй иумæйагдæр цы у, зæгъгæ, уæд дзуапп радта: «Ныфс. Æппындæр кæмæ ницы ис, уый дæр ныфсæй хайджын вæййы».

* * *

Маймулимæ мæсты маймули æмæ, дæумæ æртхъиræн чи кæны, уыцы козбаулæг æнгæстæ сты.

* * *

Æртæ агуывзæйæ фылдæр чи банызта, уый расыг у; кæд ма æвронг у, уæддæр бæрцæй ахызти.

* * *

Алы бон дæр хъуыды кæн хæринагыл нæ, фæлæ Хуыцауыл.

* * *

Фæтæджы сæйраг хæс: æнæуынон дын мачи уæд, схъæл ма у, разамынд дæтгæйæ алкæмæ дæр иухуызон цæстæй кæс.

* * *

Цотæн бынтæ ныууадзыны бæсты хорз ном ныууадз.

* * *

Иу ӕрыгон хиппӕлой лӕппу театры дзырдта, ӕз, дам, зонд-джын дӕн, уымӕн ӕмӕ ныхас кодтон бирӕ философтимӕ. Уӕд ын Эпиктет афтӕ: «Мӕнӕн дӕр хъӕздыг адӕмӕй бирӕ зонгӕтӕ ис, фӕлӕ уӕддӕр хъӕздыг нӕ дӕн!»

* * *

Адӕймаг цы у? – Уд кӕм ис, ахӕм буар. Буар та цӕугӕ мард у.

* * *

Эпиктет дзырдта: философон хъуыдытӕ талынг, ӕнӕфенд адӕмӕн дзурӕн нӕй, ӕвронг лӕгӕн расгуытимӕ истӕуыл дзурӕн куыд нӕй, афтӕ.

## ЦИТАТӔТӔ

* * *

Афтӕ мӕм кӕсы, цыма нӕ депутаттӕ, ӕрдзӕй цы сты, ахӕмтӕ уӕвынӕй тӕрсгӕ кӕнынц, цы хъуыды кӕнынц, уый дзурын нӕ уӕндынц. Цыдӕр ӕнахъинон диссаджы ӕмӕ худӕджы хуызӕн уӕм фӕкӕсдзӕн, фӕлӕ нӕ депутаттӕ, хицауады иу хай уӕвгӕйӕ, ӕппӕтӕй тынгдӕр хицауадӕй тӕрсынц. Генион парадокс, фӕлӕ уый ӕцӕгӕй дӕр афтӕ у.

*Валери Тодоровский, режиссер*
*(АиФ – Северный Кавказ, 2013, №49)*

* * *

Социологтӕ куыд сбӕрӕг кодтой, афтӕмӕй Уӕрӕсейы цӕрджыты социалон уавӕр дзӕвгар февзӕрдӕр. Агрессивон зондыл хӕст адӕмы нымӕц 2013 азы кӕронмӕ схӕццӕ 40 процентмӕ. Респонденттӕн се 'ртыккаг хай нымайы: адӕм бафӕлладысты, цы кӕной, уый нал зонынц. Цыбыр дзырдӕй, депрессийы уацары бахаудысты. Уыцы иу рӕстӕг уӕрӕсейӕгтӕн сӕ 30 проценты хъуыдымӕ гӕсгӕ, сӕ алыварс адӕм разы сты сӕ уавӕрӕй. Агрессийырдӕм здӕхт адӕмы нымӕц кӕй рӕзы, уый абарӕн ис 2009 азы (кризисон аз) уавӕримӕ.

*«Левадӕ-центр»-ы бӕрӕггӕнӕнтӕ*
*(«Огонек», 2013 аз, №49)*

* * *

Мах нæ фидæныл æппындæр нал хъуыды кæнæм. Тæрсын дзы райдыдтам, нæ ивгъуыд замантæй куыд тæрсæм, афтæ. Нæ ныры дугыл ныззæгæл стæм, алырдыгæй йыл дуæрттæ сæхгæдтам, цæрæм иу боны цардæй. Сергей Сергеевич Аверинцев ахæм уавæр хуыдта историон провинциализм. Адæймаг йæ къух ауыгъта йæ ивгъуыд замантыл æмæ фидæныл, хæрдмæ цæуыны, рæзыны зонд æм нал и, цæуы æрмæстдæр дæргъырдæм, уидæгтæ æмæ арв цы сты, уый нал хаты. Ферох кодтам Пушкины ныхæстæ дæр:

*Сердце в будущем живет;*
*Настоящее уныло:*
*Все мгновенно, все пройдет;*
*Что пройдет, то будет мило...*

***Дмитри Шевырев***
*(«Новый вторник», 2013, №41)*



# ХÆМЫЦАТЫ АЛБЕГ

Ацы аз январы 73-аздзыдæй амард ирон поэт, публицист, æхсæнадон кусæг, Уæрæсейы Фысджыты æмæ Журналистты цæдисты уæнг, РЦИ–Аланийы культурæйы сгуыхт кусæг, нæ журналы иузæрдиондæр автортæй иу – Хæмыцаты Федыры фырт Албег.

Албег райгуырд 1940 азы Тырсыгомы Уæллаг Десы хъæуы. 1961 азы каст фæци Олгинскæйы астæуккаг скъола, фæстæдæр та – Цæгат-Ирыстоны паддзахадон педагогон институты филологион факультет. Куыста ахуыргæнæгæй, Паддзахадон телеуынæны æмæ радиойы, журнал «Мах дуджы» критикæ æмæ публицистикæйы хайады сæргълæууæгæй, СЦКП-йы Цæгат Ирыстоны обкомы инструкторæй.

Албегæн мыхуыры рацыди дæс чиныгæй фылдæр: «Арвы ком», «Хæрзæггурæггаг», «Удварн», «Дурты хъарм», «Изæрмилтæ» æмæ æндæртæ.

Албег уыдис Ирыстоны æнувыд хъæбул, лæвæрдта йын поэты сыгъдæг уарзт, зæрдиагæй йын цин кодта йе 'нтыстытыл, йæ диссаджы æрдзыл, хъыг кодта йæ фыдохы цаутыл, йæ риссæгтыл.

*Дæ хæхтæ, их цъититæ, кæмттæ*
*Ысты мæ уды цин, мæ уарзт.*
*Дæ ивылд урсбазыр фынк дæттæ*
*Сæ тахтæй айсафынц мæ маст.*

Хæмыцаты Албеджы рухс ном никуы ферох уыдзæни, поэзи чи уарзы, уыдонæй.

Рухсаг у, нæ уарзон хæлар.

*Журнал «Мах дуджы» кусджытæ*

Цъары фæрстыл:

*2. Бæхы ных аивгæнæн. Сылгоймаг нуазæн дæтгæйæ. Ссардæуыд æй Змейкæмæ æввахс рагон ингæны.*

*3. Тæтæртупп.*

*4. Фыййагдон.*

* * *


*Корректор* *Заира КАРАЦЕВА*
*Дизайн* *Залина ГУРИЕВА*
*Компьютерный набор* *Марина КИРГУЕВА*

*Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алания.*

*Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00064 от 30 марта 2012 г.*

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна, уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

*Журналмæ цы къухфыстытæ цæуы, уыдон редакци рецензи нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ нæ дæтты.*

*Учредитель: Министерство культуры и массовых коммуникаций РСО-Алания.*

*Подписано к печати 05.02.14. Формат издания 60x84 1/16. Бум. офсет. № 32. Гарнитура шрифта Myzl. Печать офсетная. Усл. п. л. 8,37. Учетно-изд. л. 7,27. Тираж 1100 экз. Заказ № 32. Цена свободная. Выход из печати 30 февраля 2014г.*

*Адрес редакции: 362015, г. Владикавказ, пр. Коста 11.*
*E-mail редакции: mahdug@mail.ru; http: // www.mahdug.ru.*
*Тел.: гл. редактор – 25-09-64;*
*отдел поэзии, корректор – 25-09-74; бухгалтерия, компьют. – 25-22-47.*

*Отпечатано в ОАО «Осетия-Полиграфсервис»*
*РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.*





Индекс 73247